**WO`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA`M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATI’NDAG`I’ QARAQALPAQ MA`MLEKETLIK UNIVERSITETI**

*Qol jazba huqi’qi’nda*

*UDK 894.375: 80*

**Tileuniyazova Gulmira**

# Xojamurat Turi’mbetov poeziyasi’(ideyali’q, tematikali’q, janrli’q wo’zgeshelikleri)

**5A-120101 A`debiyattani’w (Qaraqalpaq a`debiyati’)**

**Magistr da`rejesin ali’w ushi’n jazi’lg`an dissertaciya**

**MAK da jaqlawg`a ruxsat**

**Magistratura bo’limi baslig`i’**

**_______doc. Gulimov A.**

**Kafedra baslig`i:__________f.i.k.doc. Q. Yusupov**

**Ilimiy basshi:___________ f.i.k.doc. B.Genjemuratov**

**No`kis-2013**

# MAZMUNI

**Kirisiw…………………………………………………………………...**

**I bap .** Xojamurat Turi’mbetov do’retiwshiligi. Shayi’r poeziyasi’ni’n’ ideyali’q, tematikali’q wo’zgeshelikleri…………………………………………

I**.1.** Shayi’r X.Turi’mbetovti’n’ do’retiwshilik joli’ (wo’miri, poeziyasi’, awdarmalari’, dramali’q shi’g’armalari’, si’n pikirleri, ocherkleri h.t.b, haqqi’nda)……………………………………………………………………

I.2. X.Turi’mbetov lirikasi’ni’n’ ideya-tematikali’q, janrli’q wo’zgeshelikleri………………………………………………………………….

I**I bap .** X.Turi’mbetov poeziyasi’nda janrli’q izlenisler………………

**II. 1.** Shayi’r lirikasi’nda ko’rkemlik izlenisler (avtopsixologiyali’q lirika, yumor- satirali’q lirika, intim lirika,su’wretlew lirikasi’ h.t.b)...

**II.2.** X.Turi’mbetov poeziyasi’nda forma jan’ali’qlari’ (to’rtlikler, beslikler, alti’li’qlar, segizlikler h.t.b)………………………………………

**II.3.** Syujetli lirikasi’, ti’msal ha’m poemali’ari’……………………….

**III bap**. X. Turi’mbetov poeziyasi’nda janrlar sintezi ………………….

III.1. X. Turi’mbetov lirikasi’nda folklorli’q ha’m jazba a’debiyat janrlari’ sintezi (ayti’slar, besik ji’ri’, yar-yar, nama- xat janri’ h.t.b )……

III.2. Shayi’r lirikasi’nda ba’nt, wo’lshem, uyqas birliginde aralas formalardi’n’ qollani’li’wi’…………………………………………………….

Juwmaqlaw…………………………………………………………

Paydalani’lg’an a’debiyatlar………………………………………………

## Kirisiw

**Temani'n' aktualli'g'i'**. XX a'sirdin' 50-60-ji'llari'nda qaraqalpaq a'debiyati' (poeziya) deklorativlik, da'bdebepazli'q, qurg'aq bayanlaw, naturalistlik su'wretlew, si'yaqli' illetlerden insani'y tuyg'i'lardi' bari'nsha sa'wlelendiriw, wo'mirge, turmi'sqa teren' tu'rde kirip bari'w, so'zge ko'rkem qatnas jasaw si'yaqli' qubi'li's aji'rali'p shi'g'i'p, poeziya wo'zinin' haqi'yqi'y atkari'wshi'li'q wazi'ypasi'na wo'te basladi'. Bul qubi'li'sti'n' basi'nda turg'an qaraqalpaq poeziyasi'ni'n' karwanbasi'lari' İ.Yusupov, X.Turi'mbetov, T.Seytjanov h.t.b shayi'rlar boldi'. Wolar poeziyani' insanni'n' haqi'yqi'y sezim-tuyg'i'lari'n, ishki a'lemin ta'biyat ha'm a'lem, insan ha'm du'nya birligi ken'liginde ko're aldi' ha'm sa'wlelendire aldi'. Usi'nday qaraqalpaq poeziyasi'nda ko'rkem mazmun ha'm ko'rkem forma qatnaslari'n rawajlandi'rgan shayi'r X. Turi'mbetov do'retiwshiligi boyi'nsha qaraqalpaq a'debiyattani'w iliminde yelege shekem arnawli' izertlew jumi'slari' islenbedi.

Shayi'r poeziya tarawi'nda jemisli xi'zmet yetti. Woni'n' poeziyali'q shi'garmalari'na ta'n wo'zgeshelik sonnan ibarat, wol barli'q shi'g'armalari'n woptimizim ruwxi' menen suwg'ari'p jazadi'. Tu'skinlikke tu'siw woni'n' poeziyali'q shi'g'armalari'na jat boldi'. Sonday-aq, shayi'r lirikalari'n qi'sqa, i'qsham miniatyurali'q syujetlerge negizlenip jazi'wdi'n'da sheberi boli'p tabi'ladi'. Wol bir qansha qosi'q formalari'n rus ha'm basqa xali'qlar a'debiyati'nan wo'zlestirip, qaraqalpaq poeziyasi'nda bir qansha si'rtqi' forma wo'zgesheliklerin qollang'an shayi'r si'pati'nda ta'n ali'ndi'. Woni'n' do'retiwshiligi boyi'nsha S. Axmetov[1], T. Ma'mbetinyazov[2], K.Xudaybergenov[3], İ. Yusupov, Wo'. Xojaniyazov [4], T. Seytjanov, Evgeniy Dolmatovskiy [1], Mixail Lvov[2] h.t.b wo'z si'n pikirleri ha'm ko'z qaraslari'n bildirdi.

---

[1] Ахметов. С. Талантқа талап. Нөкис «Қарақалпақстан», 1986, Қарақалпақ совет поэзиясы Нөкис «Қарақалпақстан», 1988.

[2] Мамбетинязов Т. Жана қаракалпақ поэзиясы ҳәм дәўир талабы. Нөкис «Билим» 1994.

[3] Худайбергенов К Лирика ҳәм өмир Нөкис «Қарақалпақстан», 1974.

[4] Турымбетов Х. Шайыр жолы Нөкис ҚҚМБ 1954

S. Axmetov shayi’r do’retiwshiligin jetiskenlikleri menen kemshiliklerin ko’rsetip berse, T.Ma’mbetniyazov shayi’rdi’n’ lirikalari’ ha’m tematikasi’, balalar qosi’qlari’na a’debiy-ilimiy talqi’ jasadi’. Joqari’da ati’ atalg’an shayi’rlar ha’m jazi’wshi’lar shayi’r do’retiwshiligine baylani’sli’ wo’z ko’z qaraslari’n bildirdi.

Bu’gingi ku’nde ilimde de jan’alani’wlar ju’z bermekte. A’debiyattani’w iliminde ko’rkem shi’g’armani’ analizlewdin’ jana metodlari’ islep shi’g’ari’lmaqta.

Poeziyada so’zge jan’asha ko’rkem qatnas wornatqan shayi’r X. Turi’mbetov poeziyasi’ni’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin usi’nday jan’a ilimiy ha’m teoriyali’q jetiskenlikler ko’z qarasi’nan ali’p u’yreniw qaraqalpaq poeziyasi’ni’n’ rawajlani’w da’rejesin u’yreniwde de u’lken a’hmiyetke iye.

Shayi’r X. Turi’mbetov a’debiy maydanda ko’p qi’rli’ do’retiwshi boli’p tabi’ladi’. Wol poeziyali’q shi’g’armalardan ti’sqari’ dramali’q, publtsistikali’q, si’n shi’g’armalardi’n’ da. Wol qaraqalpaq a’debiyati’n jana formalar menen bayi’ti’w menen birge birinshilerden boli’p simvolikali’q-metoforali’q, allegoriyali’q usi’llardi’ poemani’n’ kompozitsiyali’q ha’m syujetlik pu’tinligin ta’miyinlewde qollani’p, woni’n’ rawajlani’wi’na u’les qosqan shayi’r. Sonli’qtan X. Turi’mbetov poeziyai’n u’yreniw, woni’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin ashi’p beriw jumi’si’mi’zdi’n’ aktualli’g’i’n belgileydi.

**İzertlew obekti ha’m predmeti**. Magistrlik dissertatsiyami’z ushi’n tan’lang’an jumi’si’mi’zdi’n’ predmeti X. Turi’mbetov poeziyasi’ni’n’ ideya-tematikasi’, shayi’r poezyasi’nda qollani’lg’an janrlar wo’zgesheligi, izertlew obekti si’pati’nda X. Turi’mbetovti’n’ poeziyali’q shi’g’armalari’n ayti’w mu’mkin.

**Jumi’sti’n’ teoriyali’q ha’m metodologiyali’q tiykarlari’**. Temani’ u’yreniw bari’si’nda jumi’si’mi’zda prezidentimiz İ.A.Ka’rimovti’n’ ja’miyet

---

[1] Турымбетов Х. Таңламалы қосықлар Нөкис «Қарақалпақстан», 1974.
[2] Турымбетов Х. Шайыр жолы Нөкис ҚҚМБ 1954

ha'm ma'mlekettin' rawajlani'w printsiplerin belgilep beretug'i'n miynetlerin[1], rawajlani'wdi'n' filosofiyali'q negizlerine arnalg'an miynetlerdi[2] metodologiyali'q tiykar si'pati'nda basshi'li'qqa aldi'q.

Sonday-aq, jumi'si'mi'zda bir qansha a'debiyatshi' ali'mlar A.Rasulov, T.Baboev, E.Xudaybergenov, H.Umurov, U.Tuychiev, S.Axmetov, Q.Ja'rimbetov, B.Genjemuratov, Q.Worazi'mbetov, L.M.Timofeev, V.G.Beliniskiy, T.Bondarenko, A. Kvyatkovskiy, D. Quronov, M. Yu. Lotman[3] h.t.b ali'mlardi'n' ilimiy juwmaqlari'nan paydalandi'q.

**Jumi'sti'sti'n' maqseti ha'm wazi'ypalari'**. X.Turi'mbetov qaraqalpaq poeziyasi'nda wo'zine ta'n worni'na iye shayi'r boli'p yesaplanadi'. Woni'n' do'retiwshiliginin' a'hmiyetin an'lag'an halda shayi'rdi'n' poeziyasi'ndag'i' ko'rkem izlenislerin u'yreniw, qosi'qlari'ni'n' ideyali'q, tematikali'q, janrli'q wo'zgesheliklerin analizley woti'ri'p shayi'r poeziyasi'ni'n' wo'zine ta'nligin ani'qlaw ha'm woni'n' poeziyami'zg'a qosqan u'lesin ko'rsetip beriw jumi'si'mi'zdi'n' tiykarg'i' maqseti boli'p yesaplanadi'. Bul maqsettke to'mendegi wazi'ypalardi' wori'nlaw arqali' yerisemiz:

- X. Turi'mbetov poeziyasi'nda qollani'lg'an yen' basli' ideyalar wo'zgesheligin u'yreniw;

---

[1] Каримов И. А. Жоқары мэнаўият – жеңилмес күш. Т.: «Маънавият» 2008, Бизнинг бош мақсадимиз жамиятни демократиялаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдур – Т: «Ўзбекистон» 2005.

[2] Хайддеггер М. Разговор на просёлочной дороге. М.: «Высшая школа», 1991, Фалсафа. Қисқача изоҳли луғат. Т.: «Шарқ» 2004

[3] Расулов А. Бадиийлик – безавол янгилик. Илмий- адабий мақолалалар, талкинлар, этюдлар. «Шарқ» Тошкент, 2007, Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари Тошкент, «Ўзбекистон»,

Умуров Ҳ. Адабиёт назарияси Тошкент, «Шарқ» , 2002, Худайбердиев И. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент, «Иқтисод-молия» 2007, Туўчиев У . Ўзбек поэзиясида бармоқ системасы. Т.: «Фан», 1966, Ахметов. С. Талантқа талап. Нөкис «Қарақалпақстан», 1986, Қарақалпақ совет поэзиясы Нөкис «Қарақалпақстан», 1988, Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыўы тарийхы. Нөкис «Билим» 2004, Қ.Оразымбетовтың «Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы» Нөкис. , «Билим», 2004, Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы Нөкис «Билим» 1997, Тимофеев Л. М. Основы теории литературы. М.: «Просвещение», 1971 год, Белинский В.Г Танланган асарлар Т.: Уз. Дав. Нашр, 1955, Куронов Д. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент, Абдулла Қодирий номидаги халқ мероси нашриёти, 2004, Лотман М. Ю. О поэтах и поэзии. Санкт-Петербург, «Искусство-С.П», 2001.

- Shayi’r poezyasi’nda temalar ko’p tu’rliligi u’yreniw arqali’ ideyali’q wo’zgshelikti ani’qlaw ha’m woni’n’ shayi’rdi’n’ individual ko’z qaraslari’n u’yreniw;

- Shayi’r poeziyasi’ndag’i’ janrli’q izlenislerin u’yreniw;

-Shayi’r lirikasi’ndag’i’ ko’rkemlik izlenisler ha’m woni’n’ lirikalari’n mazmuni’ boyi’nsha janrlarg’a bo’lip u’yreniw ;

-Shayi’r lirikalari’ndag’i’ woy pikirdi jetkerip beriw usi’llari’n u’yreniw;

-X.Turi’mbetovtin’ poeziyag’a jan’a formalardi’ ali’p keliwi, forma jan’ali’qlari’n u’yreniw;

-Shayi’rdi’n’ lirikalari’ni’n’ wo’zine ta’nliklerinin’ biri yesaplang’an syujetli lirikalari’ni’n’ ko’rkemligin u’yreniw;

-Shayi’rdi’n’ fabulali’ lirikalari’ni’n’ (ti’msal, ballada) janrli’q wo’zgesheliklerin u’yreniw;

-X. Turi’mbetov poemalari’ni’n’ ko’rkemligi, syujetlik- kompozitsiyali’q wo’zggesheligin u’yreniw;

- X. Turi’mbetov poeziyasi’nda folklorli’q ha’m jazba janrlari’ni’n’ sintezi bolg’an ayti’s, besik ji’ri’, yar-yar h.t.b janrlardi’n’ qa’siyetlerin u’yreniw;

- Shayi’r poezyasi’ndag’i’ uyqas, ba’n’t ha’m wo’lshemi boyi’nsha bir neshe aralas si’rtqi’ qosi’q formalari’ni’n’ kompozitsiyali’q wo’zgesheligi ha’m mazmun birligin u’yreniw h.t.b;

**Jumi’sti’n’ ilimiy jan’ali’g’i’.** X. Turi’mbetov a’debiyati’mi’zg’a bir neshe si’rtqi’ forma jan’ali’qlari’n yendirgen shayi’r boli’wi’ menen birge, woy -pikirdi jetkerip beriwde de jan’a ko’rkem izlenisleri menen belgili bolg’an shayi’r. Sog’an qaramastan shayi’r do’retiwshiligi ayi’ri’m qi’cqasha maqalalardi’ yesapqa almag’anda derlik izertlenbedi. Bizin’ bul jumi’si’mi’z X.Turi’mbetov pozziyasi’ ha’m woni’n’ ta’n wo’zgesheliklerin ken’ tu’rde u’yreniwge arnalg’an da’slepki jumi’slardan boli’p yesaplanadi’. Sonday-aq, jumi’si’mi’zda X. Turi’mbetov poeziyasi’nda qollang’an bir qansha jan’a janrli’q ha’m formali’q wo’zgesheliklerdin’ qa’siyetlerine de teoriyali’q pikirler alg’a su’rildi. Bular jumi’si’mi’zdi’n’ ilimiylik da’rejesin ko’rsetedi.

**İzetrtlewdin' teoriyali'q ha'm a'meliy a'hmiyeti**. Magistrlik dissertatsiya jumi'si'mi'zdi'n' juwmaqlari'na ha'm ilimiy izertlew bari'si'nda ali'ng'an analiz na'tiyjelerinen a'debiyatqa qi'zi'g'i'wshi'lar, a'debiyat ilimi menen shug'i'llani'wshi'lar, filologiya fakulteti studentleri , izleniwshiler ushi'n paydalani'wg'a boladi'. Sonday-aq, XX a'sir qaraqalpaq a'debiyati' boyi'nsha lektsiya tekstlerin qayta islewde qollani'wg'a boladi'.

**Jumi'sti'n' quri'li'si'**. Jumi's kirisiw ha'm juwmaqtan ti'sqari' u'sh baptan turadi'.

Kirisiw bo'liminde temani'n' aktualli'g'i', izertleniw tariyxi', ilimiy-a'meliy a'hmiyeti, ilmiy jan'ali'g'i',teoriyali'q ha'm metodologiyali'q tiykarlari', jumi'sti'n' quri'li'si' haqqi'ndag'i' ma'seleler so'z yetildi.

Birinshi bap «Xojamurat Turi'mbetov do'retiwshiligi. Shayi'r poeziyasi'ni'n' ideyali'q, tematikali'q wo'zgeshelikleri» dep atali'p, wol to'mendegi yeki bo'limnen turadi'. «Shayi'r X.Turi'mbetovti'n' do'retiwshilik joli' (o'miri, poeziyasi', awdarmalari', dramali'q shi'g'armalari', si'n pikirleri, ocherkleri h.t.b, haqki'nda)», « X.Turi'mbetov lirikasi'ni'n' ideya-tematikali'q, janrli'q wo'zgeshelikleri». Bul bapta shayi'r do'retiwshiligi a'debiyati'mi'zda yele toli'q u'yrenilmegenligi sebepli woni'n' do'retiwshiligine uli'wma sholi'w jasadi'q ha'm shi'garmalari'n ideya-tematikali'q wo'zgesheliklerin u'yrendik.

Ekinshi bap « X.Turi'mbetov poeziyasi'nda janrli'q izlenisler» dep atali'p, «Shayi'r lirikasi'nda ko'rkemlik izlenisler (avtopsixologiyali'q lirika, yumor-satirali'q lirika, intim lirika,su'wretlew lirikasi' h.t.b)», «X.Turi'mbetov poeziyasi'nda forma jan'ali'qlari' (to'rtlikler, beslikler, alti'li'qlar, segizlikler h.t.b)», «Cyujetli lirikasi', ti'msal ha'm poemalari'» dep atalg'an u'sh bo'limnen turadi'. Bul bapta shayi'r do'retiwshiliginin', poeziyasi'ni'n' yen' tiykarg'i' wo'zgeshelikleri, stillik- ko'rkemlik izlenisleri u'yrenildi.

U'shinshi bap «X. Turi'mbetov poeziyasi'nda janrlar sintezi» dep atali'p, woni' to'mendegi yeki bo'limde u'yrendik:

1. «X.Turi’mbetov lirikasi’nda folklorli’q ha’m jazba a’debiyat janrlari’ sintezi (ayti’slar, besik ji’ri’, yar-yar, nama- xat janri’ h.t.b )»

2 «Shayi’r lirikasi’nda ba’nt, wo’lshem, uyqas birliginde aralas formalardi’n’ qollani’li’wi’»

Bul bapta shayi’r X. Turi’mbetovti’n’ qaraqalpaq poeziyasi’na qosqan u’lesi woni’n’ forma ha’m janr jan’ali’qlari’n ali’p keliwin analizlew arqali’ ani’qlandi’. Jumi’s son’i’nda paydalang’an a’debiyatlar dizimi berildi.

# I bap . Xojamurat Turi’mbetov do’retiwshiligi. Shayi’r poeziyasi’ni’n’ ideyali’q, tematikali’q wo’zgeshelikleri

## I.1. Shayi’r X.Turi’mbetovti’n’ do’retiwshilik joli’ (o’miri, poeziyasi’, awdramalari’ dramali’q shi’g’armalari’, si’n pikirleri, ocherkleri h.t.b, haqki’nda)

Xojamurat Turi’mbetov 1922-ji’li’ Taxtako’pir rayoni’nda tuwi’lg’an. Wol awi’lli’q ha’m rayon worayi’ndag’i’ mekteplerde woqi’p, keyin Xojelidegi Pedagogikali’q woqi’w worni’na woqi’wg’a kirip, woni’ 1942-ji’li’ pitkerip shi’g’adi’. Biraq ko’p uzamay-aq, armiya katari’na shaqi’ri’li’p yekinshi jer ju’zlik uri’sqa bo’lim komandiri boli’p qatnasadi’.

X.Turi’mbetov sawashta awi’r jaradar boli’p, gospitallarda yemlengennen keyin, Qaraqalpaqstang’a qaytadi’ ha’m Taxtako’pirdegi buri’ng’i’ Budenniy ati’ndag’i’ jeti ji’lli’q mektepte mug’allim boli’p isleydi.

1943-1945-ji’llari’ Shi’mbayda Qaraqalpaq mamleketlik mug’allimler institui’nda woqi’p, woni’ tabi’sli’ pitkerip shi’g’adi’.

1945-1947-ji’llari’ Taxtako’pirdegi worta mekteplerde da’slep jay mug’allim, keyin woqi’w bo’liminin’ basli’g’i’ boli’p isleydi.

1948-1950-ji’llari’ sol rayonnan shi’g’atug’i’n «Lenin joli’» atli’ rayonli’q gazetada redaktorli’q yetedi ha’m Tashkenttegi Partiya mektebinin’ qarawi’ndag’i’ bir ji’lli’q kypcti’ pitkeredi.

1951-1956-ji’llari’ Moskvadag’i’ M.Gorkiy ati’ndag’i’ a’debiyat instituti’nda woqi’p, woni’ jetiskenlikler menen pitkerip shi’g’adi’. 1955-ji’ldan baslap buri’ng’i’ awqamni’n’ jazi’wshi’lar awqami’ ag’zasi’ bolg’an. 1956-1957-ji’llarda Qaraqalpaqstan jazi’wshi’lar awqami’nda ken’esshi, 1957-1961-ji’llarda «A’miwda’rya» jurnali’nda juwapli’ xatker 1961-1963-ji’llari’, 1965-1968-ji’llarda «A’miwda’rya» jurnali’nda bo’lim basli’g’i’. 1963-1965-ji’llarda «Sovet Qaraqalpaqstan» gazetasi’nda bo’lim basli’g’i’ boli’p isleydi.

X. Turi’mbetovti’n’ da’slepki qosi’qlari’ qi’rqi’nshi’ ji’llarda jazi’ldi’. Qosi’qlar ha’m poemalari’ ja’mlengen toplami’ «Gu’listan» 1954-ji’li’ basi’li’p shi’g’i’p,

bunnan basqa shayi'rdi'n' «Shayi'r joli'» (1954), «Baxi'tli' jasli'q» (1955) «Yeki dos» (1957), «Ma'n'gige tiri» (1960), «Ja'ne ba'har keldi» (1970), «Talwas» (1962), Tan'lamali' qosi'qlari' (1974), h.t.b qosi'qlar ha'm poemalar toplamlari' qaraqalpaq tilinde, «Qardoshlik salomi» (1958), «Woq gul» (1968) wo'zbek tilinde, «Schastlivaya devushka» (1954), «Vesna dolgajdannaya» (1957), «Stixi iz serii Sotsvetie» (1973), kitaplari' rus tilinde shi'qti'. Qaraqalpaqstan Respublikasi' jazi'wshi'-shayi'rlari' ishinde birinshi ret (1954) X. Turi'mbeitovti'n' shi'g'armalari' rus tilinde Moskvada ayri'qsha kitap boli'p basi'li'p shi'qti'. Bir qansha qosi'qlari' buri'ng'i' awqam waqti'nda demokratiyali'q yeller xali'qlari'ni'n' tillerine awdari'li'p (polyak,bolgar), si'rt yellerde basi'ldi'. «Pravda», «İzvestiya», «Komsomolskaya pravda» gazetali'ri'nda ha'm «Ogonёk», «Yunost» jurnallari'nda basi'ldi'. «May gu'lleri» poemasi' wo'zbek tilinde «Sharq yulduzi» jurnali'nda basi'li'p shi'qti'.

X. Turi'mbetov Qaraqalpaq a'debiyati' ha'm iskustvasi'na arnalg'an konkursta (1956), «Su'yicken ayi'p pa» atli' bir aktli sazli' komediyasi' jaslardi'n' Respublikali'q festivali'nda (1957) ha'm wo'zbek iskusstvosi' ha'm a'debiyat dekadasi'na baylani'sli' kunkursta birinshilikti iyeledi. wol Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Sovetinin' bir neshe maqtaw jarli'qlari' ha'm medallari' menen si'yli'qlandi'.

Shayi'r X.Turi'mbetovti'n' do'retiwshiliginin' qi'zg'i'n ma'ha'linde 1968-ji'li' tosattan qayti's boldi'.

X.Turi'mbetov do'retiwshiligi a'debiyati'n' tek poeziya tarawi'na bag'i'shlani'p qoymag'an. Biz shayi'rdi' publitsist, dramaturg awdarmashi' si'nshi' si'pati'nda ko'remiz.

Ol a'debiyati'mi'zda lirik shayi'r si'pati'nda iz qaldi'rdi'. Sebebi shayi'r do'retiwshiliginde woni'n' negizgi qa'demleri poeziyada ko'zge taslanadi'. Shayi'rdi'n' lirikali'q qosi'qlari', poemalari', balalarg'a arnalg'an kosi'qlari' ha'm poemalari' belgili da'rejede qaraqalpaq poeziyasi'na qoskan u'lesine derek beredi. Shayi'rdi'n' qosi'qlari' ha'm poemalari' woni'n' toplamlari'nan basqa

«A’miwda’rya» jurnali’nda da ja’riyalandi’. Biraq woni’n’ qosi’qlari’ni’n’ tekstinin’ jurnal varianti’ menen kitap varianti’nda biraz sa’ykessizlikler ushrasadi’. Sonli’qtan woni’n’ shi’g’armalari’n toplap, tekstologiya ma’selesi menen shug’i’llani’w za’ru’rligi kelip shi’g’adi’.

Shayi’r poeziyali’q shi’g’armalari’ menen qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ rawajlani’wi’na belgili da’rejede u’lesin qosti’. Shayi’rdi’n’ do’retiwshilik imkanyatlari’n jokari’ bahalag’an wo’zbekstan Qaharmani’ İ.Yusupov «Ti’nbay jamg’i’r jawar Pyarnu joli’nda» marsiya qosi’g’i’nda shayi’rdi’n’ talanti’n to’mendegishe bahalaydi’:

Ta’biyat wo’nerge bay, qoli’nan keledi:
Adamni’n’, shayi’rdi’n’ tu’rleri az ba!
Minezin’ bir qi’yi’n qol jazba yedi,
Jurt qi’ynalar yedi woqi’wg’a bazda.
…Sen sonday nar yedin’. Yedin’ biyhazar,
Ten’ yedin’ u’lkennen balaga shekem.
Al yendi ashshi’ til, biypul awi’zlar
Sensiz kimdi mu’jip ha’z tabar yeken!
O’zimizdi sanaymi’z ilgir zeyinge
Kim basqi’ ko’terse soni’ bassi’ni’p
Uyqasqa kire almay ju’rgen feyiller.
Yendi keter diymen sensiz asqi’ni’p
Yendi qosi’q woki’r waki’t qi’zg’anbay
Reglament su’ymewshi bazi’ bir sheberler
Senin’ yer gewden’di ko’tere almay
Yendi si’qi’rlamas ag’ash minberler[1]

[1] Юсупов И. Бүлбил уясы. Нөкис, «Билим», 1997, 95-96 –бб

Bizin’she usi’ qosi’qti’n’ wo’zinen aq X. Turi’mbetov do’retiwshilik tulg’asi’ni’n’ qanday a’hmiyetke iye bolg’anli’g’i’n an’lawi’mi’zg’a boladi’.

X.Turi’mbetov a’debiyat maydani’nda ko’birek poeziya tarawi’nda qa’lem terbetken bolsa da a’debiyatti’n’ baska tarawlari’n da shetlep wo’tpedi.

Ol rus tilinen Maksim Tanktin’[2] «Yeki xat» qosi’g’i’n, tatar tilenen Muwsa Jaliyldin’[3] «Jasa ana», «Tog’ay» qosi’qlari’n qaraqalpaqshaga awdardi’.

X.Turi’mbetov bir kansha dramali’q shi’garmalardi’n’ da avtori’. Woni’n’ «Baxi’tli’ qi’z» bir aktli sazli’ komediyasi’ notasi’ menen Moskvada «İskusstvo» baspasi’nda kitap boli’p basi’li’p shi’qti’ (1964). Sonday aq 1964-ji’li’ «A’miwdarya» jurnali’ni’n’ №3 sani’nda «Aqi’li’n’nan aynalayi’n» atamasi’ndag’i’ u’sh aktli, 4 kartinali’ sazli’ komediyasi’ basi’li’p shi’qti’.

Oni’n’ dramali’q shi’g’armalari’ komediya janri’nda jazi’lgan boli’p qi’cqa ko’rinislerde ko’rkem tili menen aji’rali’p turadi’.

Shayi’r jurnalist-publitsist si’pati’nda da belgili. Woni’n’ «Leninshilerdin’ jen’isi» («A’miwdarya», 1966, № 2,88-100-bb), R. Qadirov birge jazi’lg’an «Aq alti’nli’ awi’lda» («A’miwdarya», 1965, № 9,28-49-bb) atli’ ocherkleri a’debiyati’mi’zdag’i’ ocherk janri’ni’n’ yen’ jaqsi’ u’lgilerinen yesaplanadi’. «Aq alti’nli’ awi’lda» ocherki 14 bo’limnen ibarat boli’p ha’r bir bo’limge wo’z aldi’na tema tan’lani’p, leksikali’q ko’rkemligi joqari’ da’rejede fakt ha’m ko’rkem til imkanyatlari’n sheber kari’sti’ri’p tarti’mli’ su’wret lep jazi’lg’an ocherki boli’p yesaplanadi’.

X. Turi’mbetov wo’z tarawi’ni’n’ sheberi si’pati’nda bir neshe si’n ha’m a’debiy talqi’g’a baylani’sli’ pikirleri menen baspa so’zde ko’rinip ju’rdi. Woni’n’ «A’miwdarya» jurnali’ni’n’ 1969-ji’lg’i’ №8 sani’nda jariyalang’an «Poeziya shi’n’i’na talpi’ni’wshi’li’q», usi’ jurnaldi’n’ 1962-ji’li’ №8 sani’nda jariyalang’an «Woqi’wshi’lardi’ woylandi’ratug’i’n poeziya kerek»

---

[2] Максим Танк «Еки хат» / «Әмиўдарья» 1966, № 4

[3] Муўса Ж алийл «Жас ана» / «Әмиўдарья» 1966, № 2

maqalalari'nda poeziyani'n' ma'seleleri rawajlani'w wo'zgeshelikleri so'z yetiledi. «… bir kansha jaslardi'n', ha'tteki ko'pten qa'lem uslap ju'rgen shayi'rlardi'n' da bir katari'na tek yeki tema ta'n. Wol temalar maqtaw ha'm jamanlaw! Bunday yetip maqtap yaki jamanlap jazi'w bul poeziyani'n' ju'da' bir joqari', go'zzal yekenligine tu'sinbewshilikten kelip shi'qqan na'rse… Shayi'r qanday tema u'stinde islemesin, woni'n' poeziyani'n' talabi'na i'layi'q obraz, xarakter lazi'm, portret ha'm tag'i' basqalardi' do'retiwi kerek… ja'ne bunday qosi'qlarg'a ko'binese sxematizm xarakterli boli'p keledi… Bunday usi'l ko'rkem syujetti do'retpey, naturalizmge ali'p baratug'i'ni'n, al qurg'aq naturalistlik metodi' realistlik metodqa qarma-qarsi' yekenligin yadi'nan shi'g'aradi'».[1] Shayi'rdi'n' poeziya do'retiwshilerine baylani'sli' sapali' qosi'q do'retiw bari'si'nda ayti'lgan bul pikirleri, a'sirese naturalistlik su'wretlewden kashi'w, poeziyani'n' tek «maqtaw ha'm jamanlaw» negizine qurmaw kerekligi haqi'ndag'i' pikirleiri bu'gingi poeziya shi'g'armalari'na da ta'n boli'p yesaplanadi'.

X. Turi'mbetov do'retiwshilik yetken da'wirde aqsap ati'rgan tarawlardi'n' biri balalar poeziyasi'na da u'les qosti'. Woni'n' balalarga arnalgan «Kewilli gu'rrin'» «Gu'limsen'», «Kempir ha'm aqli'q», «Go'jek», «Woqi'wshi' jasti'n' qosi'g'i'», «Tawi'q ha'm sho'jeler» si'yakli' qosi'qlari' ha'm poemalari' wori'n alg'an «Palapan» toplami' 1971-ji'li' basi'li'p shi'qti'.

«Palapan» poemasi' arnali'p jazi'lg'an poema. Bul poemani' wo'z waqti'nda T. Ma'mbetiniyazov joqari' bahalag'an yedi: «… bul poema shayi'rdi'n' u'lken tabi'si', wo'ytkeni wonda shayi'r waqi'yani' bala ug'i'mi'nda bayanlaydi'. Poemani'n' tili jen'il, qosi'q quri'li'si' da, waqi'ya da wonsha awi'r yemes, jaslardi'n' ug'i'mi'na sa'ykes keledi».[1]

Uli'wma X. Turi'mbetov karakalpaq a'debiyati'nda woni'n' poeziya tarawi'na qosqan u'lesi jan'a formalar ha'm jana temalardi' qollani'wi' menen

---

[1] Турымбетов Х. Оқыўшыларды ойландыратуғын поэзия керек. / «Әмиўдарья» 1962, № 8, 98 –бет

[1] . Мамбетинязов Т. Жаңа қарақалпақ поэзиясы ҳәм дәўир талабы. Нөкис, «Билим», 1994, 267 –бет

ani’qlanatug’i’n shayi’r boli’p, rus shayi’ri’ yevgeniy Dolmatovskiy aytqani’nday: «Wol qosi’qti’ tek g’ana uyqasti’ri’wg’a yebi bar adamnan haqi’yqat shayi’rli’q da’rejesine ko’terildi»[2]

Ol tek g’ana poeziya tarawi’n yemes dramaturgiya, balalar poeziyasi’, a’debiy si’n ha’m jurnalistika tarawlari’nda da qa’lem terbetti. Biz jumsi’mi’zda woni’n’ do’retiwshiliginin’ bir bo’legi–poeziyali’q shi’g’armalari’n tan’lap ali’p qarakalpaq poeziyasi’ndag’i’ wo’z soqpag’i’n, wo’z joli’n izlegen shayi’rdi’n’ ko’rkemlik izlenislerin u’yreniwge ha’reket yetemiz.

[2] Турымбетов. Х. Таңламалы қосықлары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1974, 4-бет

## I.2. X. Turi’mbetov lirikasi’ni’n’ ideya-tematikali’q, janrli’q wo’zgeshelikleri

«Jazi’wshi’ ko’rkem tekstte wo’z ideyasi’n, ko’z-qaraslari’n sa’wlelendiredi. Woqi’wshi’ ko’rkem tekstti wo’zlestirer, wog’an qatnasi’n bildirer yeken, tekst ta’g’diyri sheshiledi. Woni’n’ ko’rkem shi’g’arma si’pati’ndag’i’ yerkin joli’ baslanadi’, yamasa wol ko’rkem shi’g’arma si’pati’nda biykar qi’li’nadi’. Jazi’wshi’ – a’debiy tekst – woqi’wshi’. Bul sonday bir-biri menen baylani’sli’li’q, wonda a’debiyattani’w, kritika, estetika, psixologiya ilimlerinin’ ju’da’ ko’p ta’repleri aydi’nlasadi’. Jazi’wshi’–ko’rkem tekst- woqi’wshi’ baylani’sli’li’g’i’nda ishki bir ha’reket, birinen yekinshisine wo’tiw, wo’tkeriw protsesi bar, wol ko’rkem kommunikatsiya ati’ menen belgili. Ko’rkem kommunikatsiya do’retiwshilik psixologiyasi’, ko’rkem kabi’l yetiw estetikasi’, semiotika ha’m strukturalizm, a’debiy ko’rkem kritika, si’n, shi’g’armani’ analizlew (germenevtika), bahalaw (aktsiologiya) teoriyasi’n keltirip shi’g’aradi’.»[1]

Mine usi’nday woqi’wshi’ ha’m jazi’wshi’ arasi’ndag’i’ ma’sele bir neshe teoriyalardi’ keltirip shi’g’aratug’i’n wog’ada quramali’ protsess boli’p tabi’ladi’. Woqi’wshi’ ha’m jazi’wshi’ni’ baylani’sti’ri’wshi’ ko’rkem tekst wo’zinin’ jetkerejaq ideyasi’ menen, ideyag’a ali’p bari’wshi’ temalar menen, ko’rkemligi menen baylani’sli’. Shayi’r yaki jazi’wshi’ni’n’ shi’g’armasi’ arkali’ aytstajaq woy-pikiri woqi’wshi’da qanday ta’sirleniw qaldi’radi’, woni’ qabi’li’w yetiw da’rejesi qanday boladi’: awi’r yaki jen’il, duri’s yaki burmalang’an, unamli’ yaki unamsi’z. Al bul basqi’shlarg’a jetiwde shi’g’armadag’i’ woy-pikir, yag’ni’y ideya ha’m tema ko’rkem bezewler menen bezendiriledi, woqi’wshi’ yaki si’nshi’ di’qqati’na usi’ni’ladi’.

«İdeya–shi’g’armada qoyi’lg’an ha’m jarati’lg’an ma’selelerdin’ mazmuni’nan, xarakterler analizinen logikali’q ta’rizde kelip shi’g’atug’i’n

---

[1] Расулов А. Бадиийлик – безавол янгилик. Илмий- адабий мақолалалар, талкинлар, этюдлар. «Шарқ» Тошкент, 2007, 97-98-бб.

juwmaq.»[2] Tema ham ideya bir-biri menen ti'g'i'z baylani'sta boladi'. Yag'ni'y, yekewide turmi'sti'n' anaw yaki mi'naw ta'rep haqqi'ndag'i' shayi'r yaki jazi'wshi'ni'n' pikirlerin woqi'wshi'g'a jetkerip beriwshi qural.

Ko'rkem shi'garmadagi' ideyali'q -tematikali'q ko'p qi'rli'li'q woni' toqi'masi'ndag'i' bir pu'tinlikke zi'yan jetkizbewi kerek. Sebebi turmi'sti'n' wo'zinde belgili bir ha'deiyse basqa bir ha'diyse menen wo'z ara baylani'sqa kirisip, quramali', jana ha'diyselerdi payda yetedi. Sonli'qtan wolarg'a belgili bir ko'z qarastan baha beriw mu'mkin.

«Tematika – ko'rkem shi'g'armani'n' tiykargi' ha'm jetekshi temasi' menen birge. Wog'an bag'i'ni'shli' bolg'an basqa kishi temalardi' da wo'z ishine kamti'p, shi'g'armada ideyali'q – ko'rkemlik bir pu'tinlikti sho'lkemlestiredi.»[2] Ko'rkem shi'g'armada su'wretlenetug'i'n ha'r bir obraz ha'r bir turmi'sli'q jag'day wo'zine ta'n temag'a ha'm wog'an berilgen bahag'a iye boladi'. Usi' ma'niste a'debiy shi'g'arma ko'p ma'seleli, yag'ni'y ko'p temali' ha'm ideyali'. Ko'pshilik si'nshi'lar belgili bir shi'g'armani' analiz ki'lganda bir birin takrarlamaydi' – wolardi'n' ha'r bir sol shi'g'armsada qoyi'lgan ha'm jari'ti'lgan ma'selelerden wo'zi ushi'n qi'zi'g'arli' bolg'anlari'n aji'rati'p ali'p u'yrenedi, basqkalari'n shetlep wo'tedi.

Ko'rkem shi'g'armani'n' ideyasi' temadag'i'day, shi'g'arma mazmuni'n sa'wlelendiredi. Haqi'qi'y ko'rkem shi'g'armadag'i' ha'r bir epizod, ha'r bir obraz ha'm ha'tte, bo'lek detallar da tiykarg'i' ideyani' ashi'wg'a xi'zmet qi'ldi'ri'ladi'. Shi'g'arma ideyasi'n toli'q tu'siniw ushi'n wonda su'wretlenegen waqi'ya – ha'diyseler, obrazlar, detallar haqqi'nda teren' pikir yetip ko'riw, ha'r ta'repleme analizden wo'tkeriw kerek. Ko'rkem ideya – shi'garmani'n' negizinde jatqan uli'wmalasti'ri'lg'an, emotsional ha'm obrazli' pikir. Sonli'qtan ko'rkem shi'g'arma ideyasi' haqqi'nda so'z yetilgende woni'n' usi' wo'zgesheligi di'qqat worayi'nda boli'wi' kerek.

---

[2] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари Тошкент, «Ўзбекистон», 2002, 102-бет.

[2] Сонда, 107

X. Turi'mbetov jumi'sti' u'yreniwi, wo'mirge ha'm jasagan wolrtali'qqa bergen bahasi', adamlar menen qari'm-qatnasi'q tiykarlari', a'dep - ikramli'li'q , joqari' adamgershilik spatlari'n wo'zlestire ali'wi' ha'm wolardi' wo'zinin' intellektual–ag'arti'wshi'li'q ko'z qaraslari'n, estetikali'q-subiektivlik woy pikirleri menen sintezlep bere ali'w na'tiyjesinde wo'zinin' aytajaq ideyasi'n shi'g'armasi'nda sa'wlelendiredi.

Ko'rkem shi'garmani'n' ideyali'q tematikali'q wo'zgesheligin u'yrengende woni'n' yeki tu'rli usi'lda tali'qlaw mu'mkin: birinshiden, ko'rkem shi'g'armada berilgen ideya arqali' shayi'rdi'n' niyetinin', maxsetinin' sa'wleleniwi; yekinshiden shi'g'armada berilgen ideyali'q wo'zgeshelik. Shi'g'armani'n' ideya – tematikali'q wo'zgeshiligin u'yrengende usi' yeki bag'darg'a itibar karati'w kerek.

Biz shayi'r X. Turi'mbetovti'n' lirikalari'n u'yreniw arqali' shayi'rdi'n' aytajaq woy pikirin jetkeriwde ha'r bir so'z, ha'r bir detal, ha'r bir obraz woni'n' na'zerinen shette qalmag'ani'n ko'remiz. Shayi'r shi'garmalari'ndag'i' ta'biyat-ja'miyet- insan ma'selesin so'z yetiliw wo'zgesheliklerine qaray klassifi'katsiyalawg'a ha'reket qi'ldi'q. Degen menen buni' toli'q ta'rizde a'melge asi'ri'w mu'mkinshiligi joq. Sebebi shayi'r qosi'qlari'nda ko'p ideyali'q ko'p temali'li'q wori'n alg'an. Sonli'qtan woni'n' shi'g'armalari'n idiya-tematikali'q jaqtan aji'rati'wda do'retiwshiligindegi tiykarg'i' mazmunli'q jo'nelislerdi belgilewshi, shayi'rli'q a'lemin ashi'wshi', woqi'wshi' ha'm ko'rkem a'debiyat ushi'n baylani'sti'ri'wshi' ko'pir wazi'ypasi'n atkaratug'i'n ideya ha'm temalardi'n' yen' basli'li'lari'na di'qqati'mi'zdi' qaratti'q. X. Turi'mbetov poeziyasi'nda: a) uri's ha'm paraxatshi'li'q temasi'; b) a'debiyat ma'seleleri; v) dosli'q temasi'; g) watan temasi'; d) tuwg'an jer sag'i'ni'shi'; ye) i'shqi'-muxabbat temasi'; j) ta'biyat go'zalli'g'i'; z) filosofiyali'q ma'seleler; i) haqi'yqatli'q temasi'; k) zi'yanli' a'detler; l) xali'qlar dosli'g'i'; m) jasli'q ha'm studentlik temasi'; n) siyasiy tema h.t.b si'yaqli' tematikali'q wo'zgeshelikler woni'n' shi'garmalari'ndag'i': a) ti'ni'sh ha'm abadan turmi'sti' saqlaw; b) go'zalli'qti' qa'dirlew; v) watandi' su'yiw; g) insandi' qa'dirlew; d) milletler ara

tati’wli’q; ye) milliy qadiriyatlardi’ qa’sterlew si’yaqli’ ideyalardi’ jetkeriw ushi’n qollani’lg’an.

X. Turi’mbetov 1941-1945-ji’llarda bolg’an yekinshi jer ju’zlik uri’s qatnasi’wshi’si’. Sonli’qtan woni’n’ poeziyasi’nda rus temasi’, paraxat turmi’sti’ qa’dirlew idiyalari’ ko’birek ko’zge taslanadi’. Shayi’r uri’s ha’m paraxatshi’li’q temasi’n ji’rlaytug’i’n qosi’qlari’n su’wretlep beriwde bir birine usamagan jollardi’ tan’laydi’. Mi’sali’, woni’n’ «Aral menen xoshlasqanda» lirikasi’nda tiykarg’i’ ma’sele uri’sqa ketip barati’rg’an lirikali’q qaharmanni’n’ tuwi’lgan jer menen xoshlasi’wi’ su’wretlenedi. Wol tuwg’an jerdin’ simvoli’ si’pati’nda Aral obraz toposi’n tan’laydi’ ha’m jen’is penen qayti’wg’a sert beredi:

A’lbette ti’ni’shli’q wo’zi kelmeydi,
Wol ushi’n gu’reste si’nali’w lazi’m.
Buni’ «da’w» yaki bir, «shaytan» bermeydi,
Dushpannan qan ushi’n qan ali’w lazi’m [1]

Qosi’q qatarlari’ndag’i’ «da’w» , «shaytan» obrazli’ awi’cti’ri’wlari’ arkali’ uri’sqa qorqi’ni’shli’ sezim berse, aral menen xoshlasi’wi’ bir jag’i’nan qayg’i’li’ sezim ha’m bir jag’i’nan jen’iske degen isenim ha’m u’mit beredi. Uri’s temasi’ shayi’rdi’n’ «Awi’llas jigit», «Balali’g’i’m wo’tti uri’s waqti’nda», «Xat», «Jawi’ngerdin’ anasi’» qosi’qlari’nda sa’wlelengen. Shayi’r shi’g’armalari’nda uri’s temasi’na arnalg’an qosi’qlari’n bir neshe ideyali’q, tematikali’q mazmundi’ beredi. Mi’sali’, «Awi’llas jigit» lirikasi’nda tati’wli’q, sag’i’ni’sh qa’dirdanli’q ha’m milletke degen ayri’qsha mehir sa’wlelengenin ko’remiz. Qosi’qtag’i’ qi’cqa syujet uri’sta dem ali’p woti’rg’an jawi’ngerlerdin’ bir sigaretti bo’lisip shegip woti’rg’anda lirikali’q qaharmanni’n’ jerlesinin’ keliwi arkali’ ashi’ladi’.

Bunday ko’p ideyali’q shayi’rdi’n’ Anatoliy Safronovti’n’ joli’ menen jazi’lg’an «Jawi’ngerdin’ anasi’» qosi’gi’nda da beriledi. Qosi’qta uri’s temasi’

[1] Турымбетов. Х. Таңламалы қосықлары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1974, 8-9-бетлер

menen birge muxabbatti'n' sabi'rdi'n' qaysarli'qti'n' obrazi' bolg'an Ana tulg'asi' do'retiledi. «Qi'ri'q yekinshi ji'l» qosi'g'i'nda lirikali'q qaharmanni'n' wo'lim halati'ndagi' adamdi' qutqari'wg'a ha'reket yetiwi, lirikali'q personajdi'n' wo'lim aldi'nan «Polat qalay shi'ni'qti'» kitabi'n sawg'ag'a beriwi epizotlari' arkali' insanni'n' qa'dir qi'mbati'n, uri'sti'n' jaqsi'li'qqa ali'p kelmeytug'i'nli'g'i'n, wo'mirdin' bahasi' joq yekenligi ideyalari'n sa'wlelendiredi. Kitap detali' insanni'n' shi'damli'li'q qa'siyeti menen bahali'li'g'i'n sa'wlelendiriwshi qural si'pati'nda qollani'lg'an. Bul qosi'qta lirikali'q personajdi'n' halati' ta'sirshen' su'wretleniwi ushi'n shayi'r ellipsisten wori'nli' qollanadi'.

Qoy …mag'an…

Tiyme …

Qozg'ama meni…

Tirimen barxa …

Wo'lmeymen haslan…

Shi'n aytaman...

Dedi bar … demim…

Barman ma'ngige…

Ma'ngige jaspan…[1] X. Turi'mbetov shayi'r joli'ni'n' wog'ada awi'r yekenligin a'debiyat ma'selelerine baylani'sli' jazi'lg'an «Shayi'r», «Maqtay ko'rme menin' qosi'qlari'mdi'», «Shayi'r jasaydi'», «Talantli' dosti'ma», «Syujet» h.t.b qosi'qlari'nda sa'wlelendiredi. «Qosi'g'i'm haqqi'nda» do'retpesinde shayi'rli'qqa u'lken talap qoyadi'.

Shayi'r joli' - xali'q joli' bir gu'zar,

Bul jolda ha'r adam aladi' baxa.

Xali'q buyi'rsa shayi'r tawdi' da buzar

---

[1] Турымбетов. Х. Таңламалы қосықлары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1974, 13-бет

Sebep xalki' wog'an ilhamshi' sag'an.[1]

Poeziya –ulli' da'rya, poeziya – sahra, poeziya go'zzalli'q, poeziya sheksizlik yekenligin shayi'r duri's an'laydi'.

Men bulaq yemespen-insanman tekte,
Xalqi'm ten'iz bolsa men jalgi'z tamshi'.
Ba'lki, Pegas minip shi'qsam da ko'gine,
Men xali'q uli'man, xalqi'm – ilhamshi'. [2]

X. Turi'mbetov qosi'qlari'nda a'debiy si'n ma'selelerin de sa'wlelendiredi.

Sebep ku'ta' uzi'n shayi'rdi'n' joli',
Di'm g'ana awi'r jol- ha'r qu'ni si'nda.[3]

Yamasa:

Woqi'wshi'si' aytsi'n wo'zinen buri'n,
Woqi'wshi'si' yadlap alsi'n jazg'ani'n.
Sonda g'ana alar ju'rekten wori'n,
Qosi'g'i' yoshlanti'p ha'mmenin' jani'n.[4]

Shayi'r talanti' qa'dirleydi, wol a'lem insanni'n' ruxi'y birligi ha'm ilahiylik si'patka iye bolg'an do'retiwshilikti joqari' bahalaydi'.

Yeger de haqi'ykat bolsa talanti'n,
Wol – alti'n, tozbaydi', qasi'nnan qalmas,
Qi'yal sunkar bolsa, talant – qanati'n',
Yeger bersen' woni' bul qanat talmas.[5]

---

[1] Турымбетов. Х. Таңламалы қосықлары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1974, 88-бет

[2] Турымбетов. Х. Және бәҳәр келди. Нөкис, «Билим», 1970, 8-бет

[3] Турымбетов. Х. Талўас. Нөкис, ҚҚМБ , 1962, 37-бет

[4] Сонда, 37-бет

[5] Турымбетов. Х.Шайыр жолы. Нөкис, ҚҚМБ , 1954, 76-бет

«Syujet» qosi’g’i’nda ha’r qanday a’debiyat idialogiyali’q ta’sirlerden ji’raq boli’wi’ kerek yekenligi, sap lirika insani’y sezimlerdi g’ana beriwge xi’zmet yetetugi’nli’g’i’ sa’wlelendiriledi.

X. Turi’mbetov lirikalari’nda tuwgan jer ta’biyat, insani’y qatnaslar da ha’r qi’yli’ ideyali’q mazmundi’ jetkeriwge qatnasadi’. Shayi’r watandi’ su’wretlew ushi’n geyde toli’p-taskan Araldi’, geyde tolqi’nlari’ woyi’n qurg’an A’miwdarya, geyde wol woqi’g’an mektep, geyde wol su’ygen qi’z, birde ilhamshi’ ta’biyat, geyde jas ju’rektin’ arzi’w -maqsetleri tiykari’nda sa’wlelenedi. Shayi’rdi’n’ «Soqpaq», «Ba’ha’r lirikasi’», «Aq gu’l», «Tuwi’lg’an jerime» h.t.b qosi’qlari’ shayi’rdi’n’ tuwi’lg’an jerge bolg’an ju’rek quwani’shlari’ni’n’ sa’wlelendiretug’i’n shi’g’armalari’.

Aytshi’ samal, aytshi’, qalmay tur to’zim,
Qaydan payda boldi’ bul qa’ha’r?
Yeger «ba’ha’r» bolsa aytajaq so’zim,
Men wo’sken u’lkenin’ qi’si’ da baha’r,[1]

«Ja’ne ba’ha’r keldi» lirikasi’nan ali’ng’an bul mi’saldi’ shayi’r samalg’a ritorikali’q mu’rajati’ tiykari’nda watani’na su’yispenshiligin ji’rlasa «Aq gu’l» «Soqpaq» qosi’qlari’nda simvolli’q usi’lda jetkeredi.

X.Turi’mbetov watan ti’msali’n jarati’wda qaraqalpaq xalqi’ni’n’ wo’zinshiligin ko’rsetetug’i’n ta’biyat, qus,terek, gu’l, obrazlari’nan paydalanadi’.

Shayi’r i’shqi’ muxabbatti’ wo’zinshe ji’rlaydi’. Wol XX a’sirdin’ 50-60-ji’llari’nda muxabbat temasi’n haqi’yqi’y insaniy sezimlerdin’ shi’n’i’na ko’terip ji’rlag’anlardi’n’ biri boldi’. Shayi’rdi’n’ «Shi’rpi’» qosi’g’i’nda jigit penen qi’zdi’n’ ashi’qli’g’i’n shi’rpi’ detali’ arqali’ su’wretleydi. Wol muxabbatti’ ji’rlawda ta’biyat qubli’slari’nan da ki’zlardi’n’ miynetke muxabbati’nan da, ayrali’q azaplari’n da derek aladi’.

[1] Турымбетов. Х. Және бәҳәр келди. Нөкис, «Билим», 1970, 23-бет

Wo’mir wo’zinin’ g’alma-g’allari’ menen insandi’ tolki’nlari’nda g’a’ bati’ri’p, ga’ joqari’ ko’terip «terbetedi». Woni’n’ si’nawlari’na shi’dag’an adam bul wo’mirden wo’zinin’ «sawg’asi’n» qabi’l yetip aladi’.

Tuwi’ldi’ degen so’z – wo’ldi degen so’z
Biraq wo’lmey turi’p bahasi’n alar
Kim wo’lsede artta ma’ngi boli’p tez,
Ya «jaqsi’», ya «jaman» degen at qalar.[1]

Du’nyada jaqsi’ ya jaman adam bolmaydi’, tek adamlardi’n’ bergen bahasi’ boladi’. Baha bul sali’sti’rmali’ kategoriya. Ha’r bir adam wo’mirde maqset qoyi’p jasawi’ kerek. Maqseti bar adama wo’zine isengen adam. Wol wo’zine de, ja’miyetke de, du’nyaga da wo’z quwani’shlari’n ina’m yete aladi’.

Wo’zin si’ylag’an adam,
Wo’zgeni de si’ylaydi’.
Si’ydi’ bilmegen nadan
Tek te wo’zin qi’ynaydi’.[2]

Shayi’r insanlardi’n’ bir-birin qa’dirlewinin’, bahalawi’ni’n’ ta’repdari’, bul haki’yqi’y joldasli’qti’n’ adami’yli’qti’n’ belgisi.

Su’rindi, - dep joldasi’m,
Taslap qashpa joli’n’nan.
Yeger yerten’ ji’g’i’lsan,
Wol da tartar qoli’n’nan[3].

X. Turi’mbetov poeziyasi’nda xali’qlar dosli’g’i’ temasi’ «A’zerbayjanni’n’ jazi’wshi’larga», «Uchum kurorti’nda», «Volgag’a», «Wo’zbek qi’zi’», «Sa’lem,

---

[1] Турымбетов. Х. Таңламалы қосықлары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1974, 92-бет
[2] Турымбетов. Х. Таңламалы қосықлары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1974, 92-бет
[3] Турымбетов. Х. Таңламалы қосықлары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1974, 92-бет

Ukraina» h.t.b qosi’qlari’nda sa’wlelenedi. Wol qi’rg’i’zlardi’n’ tawi’n cu’yse, qazaqlardi’n’ talant i yelerin maqtani’sh yetedi. Ukrainani’ watani’nday qa’dirlese, Volgani’ A’miwdey ta’ripleydi. Wo’zbek qi’zlari’ni’n’ go’zzalli’g’i’n, a’depliligin, ji’rlaydi’.

Shayi’rdi’n’ «Lektor keldi» qosi’g’i’ zi’yanli’ a’detler, yekiju’zlemeshilikti qaralaydi’. Araq, temeki ha’m basqada zi’yanli’ na’rselerden, sonday -aq, adamlardi’n’ wo’z ishindegi zi’yanli’ woylari’ni’n’ saqlani’wi’ za’ru’rligi haqqi’ndag’i’ pikirleri shayi’r qosi’qlari’nda ko’rkem beriledi.

Uli’wma shayi’r lirikasi’ni’n’ ideyasi’, tematikasi’, ranbaren boli’p wolarg’a belgili da’rejede shegara qoyi’p, aji’rati’p taslawdi’n’ ilaji’ joq. Sebebi woni’n’ qosi’qlari’ ko’p ideyali’li’q, ko’p temali’li’q usi’li’nda jazi’lg’an. Sonli’qtan biz shayi’rdi’n’ uli’wma adamzat ushi’n za’ru’rli bolg’an ma’selelerin qozg’ag’an qosi’qlari’ndag’i’ yen’ basli’ ideyali’q ha’m tematikali’q wo’zgesheliklerine itibari’mi’zdi’ qaratti’q. X.Turi’mbetov lirikasi’ni’n’

ideya -tematikali’q wo’zgesheliklerin u’yreniwde ko’rkem woy, ko’rkem toqi’ma, poetikali’q sintaksis, ko’rkem leksika, qosi’q quri’li’si’ ha’m ko’rkem forma wo’zgesheliklerin talki’ga tarti’w.

## II bap . X.Turi'mbetov lirikasi'nda janrli'q izlenisler

### II. 1. Shayi'r lirikasi'nda ko'rkemlik izlenisler (avtopsixologiyali'q lirika, yumor- satirali'q lirika, intim lirika,su'wretlew lirikasi' h.t.b)

Shayi'r X. Turi'mbetov poeziyasi'nda woni'n' lirikali'q shi'g'armalari' insan ishki keshirmelerin, ruwxi'yati'n, ja'miyetlik qatnaslardag'i' a'dep ikramli'li'q wazi'ypalari'n, uli'wma insan a'lemin ken' tu'rde ashi'p beriwi menen a'hmiyetli.

Biz shayi'rdi'n' lirikali'q shi'g'armalari'nda obektivliktin' subektiv su'wretleniwinde qaysi' kontseptsiyalardi' basshi'li'qqa alg'anli'g'i'n analizlew ushi'n uli'wma shayi'r poeziyasi'n janr larg'a bo'lip u'yreniwdi maqul dep yesapladi'q.

A'debiyatta poeziyali'q shi'g'arma ha'm lirikali'q shi'garma degen tu'sinikler bar. Yekewide qosi'q qatarlari' menen jazi'ladi'. Biraq qosi'q katari' menen jazi'lg'ani' menen wonda epikali'q elementler qatnassa, epikali'k obrazlar jarati'lsa, dramali'q shi'g'armalarg'a ta'n dialogli'q halatlar, wo'zine ta'n «saxna» jarati'w jag'daylari' ushi'rassa ha'm bul elementler keshirme ha'm tuyg'i'lardi' g'ana jetkeriwge yemes, al waqi'yalar izinen bari'lsa, wonda poezyani'n' epik janrlari' poema, ballada, lirikali'q gu'rrin' h.t.b payda boladi'. Al, lirikali'q shi'g'armada yaki tek lirikali'q qaharman ishki woy tolg'ani'slari' sap tu'rde beriledi, yaki epikali'q elementler keshirmeni su'wretlew ha'm sa'wlelendiriwge xi'zmet yetedi. Sog'an qaray poeziyada janrli'q qa'liplesedi.

«Ha'r bir shi'g'arma wo'zinin' si'rtqi' (ko'lemi, bayanlaw usi'li' quri'li'si') ha'm ishki (keypiyati', qatnasi', niyeti yag'ni'y wo'zinin' temasi', turmi's ha'diyselerin qamti'w ko'lemi) ko'rinisi jag'i'nan pari'qlanadi'. A'ne usi' ta'rizde birlesken shi'g'armalar topari'n janr dep ju'rgiziw mu'mkin. Janr a'debiyatlar rawajlani'wi' protsesinde qollani'wdan shi'g'i'p ketiwi (muamma janri'na usap), bayi'p bari'wi' (roman janri' kibi) mu'mkin; da'stu'riy janrlardi'n' birigiwine jan'a janrlar (mi'sali', tragi –komediya janri') tuwi'li'wi' da ta'biyiy … Qullasi', tu'r ha'm janrlar - insan turmi'si'n tu'rli ta'rizde tu'rlishe su'wretlewshi eleientler

boli'p, wolar bir tiykarg'a boysi'nadi': boli'wi' mu'mkin bolg'an turmi's (insan) ti'n' ko'rkem modelin jaratadi'».[1]

«Janr belgili bir mazmundi' qa'liplestiriw ha'm formalasti'ri'wg'a, su'wretlewge xi'zmet yetiwshi forma ha'diysesi».[2]

Sonli'qtan, lirikani' janrlarg'a aji'rati'wda tek mazmunnan kelip shi'g'i'w (intim lirika, filosofiyali'q lirika, siyasiy lirika h.t.b ta'rizinde aji'rati'w) da, yaki, tek forma wo'zgesheliklerinen, ani'g'i'rag'i', si'rtqi' formadan kelip shi'g'i'p aji'rati'w da maqul yemes. Bunday jag'dayda janr a'hmiyeti buzi'lg'an boli'p shi'g'adi'. Ko'rkem woy rawajlani'wi'ni'n' son'g'i' basqi'shlari' ja'ha'n a'debiyati'nda qati'p qalg'an, qa'liplesken formalardi' biykarlaw poeziyani'n' qatan' ramkalar shen'berinen yerkinlikke qaray umti'li'wli' kibi uli'wma tendentsiya gu'zetiledi. Sonli'qtan lirikali'q shi'g'armalardi' janrlarg'a aji'rati'wda ha'm mazmuni' ha'm forma wo'zgeshelerinen kelip shi'g'i'p aji'rati'w gu'zetilmekte.

A'debiyatti'n' bir tu'ri yesaplang'an lirikada janrlar ma'selesi haqqi'nda bir qansha a'debiyatshi'lar L.İ.Timofeev, İ.Sulton, U.Tuychiev, N.Shukurov, M. İbrohimov, R.Worzibekov, M.Lazareva, Yu.M.Lotman[3] h.t.b ha'r tu'rli teoriyali'q-estetikali'q pikirler bildirilip kelmekte.

A'debiyatshi' U.Tuychiev lirikali'q janrlarda to'mendegishe klassifikatsiyalaydi'.

1. Mazmuni' jag'i'nan:

a) estetikali'q belgi, pafos ha'm belgili bir mazmun bag'dari'na tiykarlang'an janrli'r: marsiya, elegiya, invektiva, ayti's, jumbaq, qasi'yda, mashqala, xat, peyzaj, monolog, bag'i'shlaw, wasiyat, portret, nazira, maqtaw;

---

[1] Умуров Ҳ. Адабиёт назарияси Тошкент, «Шарқ», 2002, 214-бет

[2] Қуронов Д. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент, Абдулла Қодирий номидаги халқ мероси нашриёти, 2004, 186-б

[3] Тимофеев Л. М. Основы теории литературы. М.: «Просвещение», 1971 год, Иззат Султон Адабиёт назарияси.Т.: «Ўқитувчи», 1980, Туўчиев У . Ўзбек поэзиясида бармоқ системасы. Т.: «Фан», 1966, Насиров.Ўо. Ўзбек адабиётида ғазал Т.: 1972 , Лазарева М.А. Теория литературы М.: 2000, Лотман М. Ю О поэтах и поэзии. Санкт-Петербург, «Искусство-С.П», 2001.

b) tiykari’nan muzikali’q shi’g’arma yesaplamasada, a’debiy tekstke de su’yengen janrlar: romanslar kontata, marsh, syuita, qosi’q, gimn;

v) awi’zeki ha’m jazba lirikada qollani’p kelgen janrlar: ha’yyiw, yar-yar.

2. Forma jag’i’nan:

a) Forma mazmunli’li’g’i’ ha’m du’zilisine go’re lirika janrlari’: ayti’si’w, mustazad, sonet, muashshax, mushaira, g’a’zzel, tuyi’q, rubayi’, ma’sna’wiy, fard, tarkiband, worama, tu’rli ba’ntlik janrlar, aq qosi’q, sarbast.

b) Qatar sani’ ha’m konpazitsiyasi’ boyi’nsha aji’ralatug’i’n lirika janrlari’: musallas murabba, muxammes, musaddas, musabba, musasamman, mutasaa, muashshar, to’rtlik, oktava;

v) qayta isleniwi (transformatsiya) boyi’nsha lirika janrlari’; qitay kesisiw, taronaiy, rubinena.[1]

A’debiyatshi’ U.Tuychievtin’ lirika janrlari’n bulayi’nsha klassifikatsiyalawi’ sha’rtli tu’rde ali’ng’an dep yesaplaymi’z.

A’debiyatshi’ E.Xudayberdiev liriakani’n’ mazmuni’ jag’i’nan siyasiy, filosofiyali’q watanparwarli’q h.t.b lirika dep bo’liniwin biykarlaydi’. «Janrdi’ pu’tinliginshe anaw yaki mi’naw a’debiya tu’rge tiyisliligi, sonday aq wo’zine ta’n bolg’an estetikali’q belgi tiykari’nda aji’ratadi’. Biraq bul jeterli yemes, u’shinshi printsipi-ko’lem ha’m shi’g’armag’a sa’ykes keliwshi uli’wma du’zilis te kerek, ko’lem ko’p ta’repinen yeki moment-tu’r ha’m estetikali’q uyg’i’nli’q penenen baylani’sli’».[1]

Ali’mni’n’ siyasiy, didaktikali’q, muxabbat lirikasi’n janrli’q talaplarg’a juwap bermeydi degen pikiri qayta ko’rip shi’g’i’wdi’ talap yetedi.

Sebebi lirikani’ bunday yetip bo’liw wondag’i’ sa’wlelengen tema ha’m idiyalarg’a baylani’sli’. Biraq bir filosofiyali’q lirikada bir neshe temalar so’z yetiliwi mu’mkin. Bir neshe ideyalar jetilistirip beriliwi de mu’mkin.

---

[1] Умуров Ҳ. Адабиёт назарияси Тошкент, «Шарқ», 227-228-бетлар

[1] Худойбердиев Йе. Адабиётшуносликка кириш. Т.: «Иқтисод-молия», 2007, 237-бет

A’debiyattani’w iliminde mazmuni’ boyi’nsha bir-birine jaqi’n shi’g’armalardi’ toplap u’lken bir lirikali’q janrg’a birlestiriw printsipi de bar.

Qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde lirikani’ mazmuni’na, sa’wlelendiretug’i’n temasi’na, zati’na qaray sha’rtli tu’rde ha’r qi’yli’ toparlarg’a, wo’zinin’ ishki tu’rlerine bo’lip kelmekte. «Lirikani’ jiklewdin’ ken’ taralg’an ha’m ko’birek moyi’nlang’an tu’ri to’mendegishe:

1. Woy-pikir lirikasi’ yamasa ko’binese woni’ grajdanli’q lirika dep te ataydi’. Wol ko’binese ja’myetlik, siyasiy, turmi’s, grajdanli’q, filosofiyali’q usag’an uli’wma temalardi’ qozg’ap, wolar tuwrali’ lirikali’q qaxarmanni’ni’n’ emotsional woy pikirin beredi. 2. Sezim lirikasi’ yamasa woni’ intim lirika dep ataydi’. Al qarakalpaqsha pinhami’ lirika degen atama wog’an say keledi. Lirikani’n’ bul tu’ri lirikali’q qaxarmang’a tiyisli ju’rek to’rinde jasi’ri’ng’an sezimlerdi to’ggip taslaydi’. Wol ko’binese sag’i’ni’sh, ku’yinish, i’shqi’ - muxabbat h.t.b temalardi’ sa’wlelendiredi. 3. Su’wretlew lirikasi’ yamasa woni’ ko’binese peyzaj lirikasi’ dep ju’rgizedi. Lirikani’n’ bul tu’ri adamdi’ qorshap turg’an zatlardi’, adamni’n’ si’rtqi’ pishinin, qalani’n’, awi’ldi’n’, sonday–aq, ta’biyatti’n’ ko’rinislerin, qubli’slari’n su’wretleydi. Su’wretlew lirikasi’ adamda su’yiniw, tu’n’iliw h.t.b sezimlerdi woyata aladi’.[3]

A’debiyatshi’ D. Quranov wo’zbek poeziyasi’nda qollani’latug’i’n lirkali’q janrlardi’ to’mendegishe janr tu’rlerine aji’ratadi’:

1). Forma wo’zgesheliklerine go’re aji’rali’wshi’ janrlar: g’a’zzel, mustazad, tuyi’q, rubayi’, tarjiband, mussamatlar.

2) Anjumang’a mo’lsherlengen janrlar: nazira, badiya, muammo, chiston.

3) Shet yel a’debiyatlari’nan wo’zgeshe janrlar: sonet, hokku, tanka, woktava verlibr, epegramma h.t.b

---

[3] Ахметов С., Есенов Ж., Жаримбетов Қ. Әдебияттаныў атамалырының ўорысша-қаракалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим» 1994, 114-115-бб.

4. Ha’zirgi lirika janrlari’: avtoasixologiyali’q lirika, atqari’wshi’ lirika, su’wretlewshi lirika, syujetli lirika. Bizinshe lirikani’ janrlarg’a aji’rati’wda si’rtqi’ forma ha’m ishki forma (mazmun) wo’zgesheliklerine baylani’sli’ jiklewimiz duri’s boladi’. Si’rtqi’ forma wo’zgesheliklerine baylani’sli’ qaraqalpaq lirikasi’nda qollani’latug’i’n lirikali’q janrlarg’a yekilikler, to’rtlikler, beslikler, alti’li’qlar, yerkin qosi’qlar g’a’zzel h.t.b kirgiziwge boladi’. Poeziyani’n’ ishki formasi’, yag’ni’y mazmuni’ boyi’nsha janrlarg’a bo’liniwinde ishki forma wo’zgeshelikleri basshi’li’qqa ali’nadi’. Bul boyi’nsha biz lirikali’q janrlardi’ avtopsixologiyali’q (intellektual ha’m meditativ lirika), su’wretlew lirikasi’, intim lirika, azamatli’q lirika, h.t.b dep bo’liwimizge boladi’.

X.Turi’mbetov XX a’sirdin’ 40-ji’llari’nda wo’z do’retiwshiligin baslag’an boli’p, woni’n’ do’retiwshiligin bahalag’anda ha’m poeziyasi’n janrlarg’a aji’ratqani’mi’zda a’debiyati’mi’zdag’i’ iliimiy teoriyali’q jetiliskenlikler ha’m wol jasag’an da’wirdegi regional ha’m si’rt yel a’debiyatlari’, rauajlani’w wo’zgesheliklerin basshi’li’qqa alami’z. Shayi’r X. Turi’mbetov poeziyasi’nda ushi’rasatug’i’n lirikali’q janrlardi’ da ishki ha’m si’rtqi’ forma wo’zgesheliklerine baylani’sli’ to’mendegishe bo’lip u’yreniwge boladi’: 1) İntim lirika. 2) Grajdanli’q (azamatli’q) lirika. 3) Yumor-satirali’q qosi’qlar. 4) Su’wretlew lirikasi’. 5) Avtopsixologiyali’q lirika. 6) Didaktikali’q qosi’qlar. 7) Tariyp qosi’qlar.

İntim lirika, (frantsuzsha intimn- ku’ta’ pinhami’ ( sezim yaki si’r ) degen sozden kelip shi’qqan). Lirikali’q qaharmanlar ishki jan sezimlerdi ag’i’ti’p taslaydi’. Bunday shi’g’armalardi’ shayi’r tanha wo’zine tiyisli ku’yinish, su’yinish, yamasa ashi’qli’q sezimlerin berip ati’rg’anday, wo’zinin ju’rek to’rinde jati’rg’an si’rlari’n ashi’p ati’rg’anday ko’rinedi.[1]

İntim lirika bir qansha a’debiyatlarda ashi’kli’k lirikasi’, muxabbat lirikasi’ degen terminler menen atali’p jur. Mi’sali’, a’debiyatshi’ Q Jarimbetov XIX asir

---

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жаримбетов Қ. Әдебияттаныў атамалырының ўорысша-қаракалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим» 1994, 86-б.

karakalpak shayi’rlari’ soni’n ishinde A’jiniyaz lirikasi’ndagi’ muxabbat temasi’ so’z yetken qosi’klari’n ashi’kli’k lirikasi’ dep atap woni’ du’nyawiy xam ilahiy i’shqi’ dep bo’ledi.[2] Al K.Mambetov[3] h.t.b ilimpazlar bunday shi’g’armalardi’ «Muxabbat lirikasi’» degen atama menen jurgizedi. Bizin’she ashi’qli’q ha’m muxabbat temasi’ dew biraz sheklengenlik boli’p, wol tek g’ana bir adamg’a bolg’an ashi’qli’qti’ muhabbat sezimlerin so’z yetedi. Al «intim» pinha’mi, da’rtli degendi bildirip, wonda lirikali’q qaharmanni’n’ ju’rek sezimleri , jeke wo’zinin’ da’rtleri beriledi. Muxabbat sezimleri soni’n’ bir bo’legi, yag’ni’y jeke da’rttin’ bir tu’ri. Muxabbat ashi’qli’q ku’yinish, sag’i’ni’sh h.t.b usag’an insanni’n’ wo’zine ta’n jeke sezimlerin beriw intim lirikani’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheligi boli’p, wol «muxabbat lirikasi’» degen tu’sinikke qarag’anda ken’irek mazmung’a iye. Sonli’qtan biz shayi’r X. Turi’mbetov lirikasi’ndagi’ ashi’qli’q, sag’i’ni’sh, ku’yinish si’yaqli’ uli’wma lirikali’q qaharmanni’n’ lirikali’q personaj benen ashi’qli’q ha’m jeke qatnaslari’ndag’i’ tuyg’i’lardi’ beriwge baylani’sli’ qosi’qlari’n sha’rtli tu’rde shayi’rdi’n’ intim lirikasi’ dep atawdi’ maqul ko’rdik.

X. Turi’mbeov partiya siyasati’n ji’rlaw, awi’l xojali’g’i’nda miynet aldi’n’g’i’lari’n ji’rlaw h.t.b si’yaqli’ poeziyani’n’ su’wretlew ha’m poetikali’q do’retiwshilik shegerasi’ belgilengen ideyali’q jaqtan sheklengen bir da’wirde, yag’ni’y haqi’yqi’y insani’y sezimler ha’m haqi’yqi’y ja’miyetlik wo’mir menen turmi’s itibardan shette qali’p ati’rg’an bir payi’tta, insang’a ta’n bolg’an go’zal sezimlerdi, wo’lmes muxabbat sezimlerin adamlardi’n’ wo’mirindegi go’zalli’qqa jetelewshi sezimlerdi sa’wlelendirip bere aldi’. Bul woni’n’ ko’rkem izlenislerinin’ na’tiyjesi yekenliginen derek beredi. İntim lirika shayi’r lirikalari’ gu’zetip qarag’ani’mi’zda jigittin’ qi’zg’a (lirikali’q qaxarmanni’n’ lirikali’q personajg’a) qi’zdi’n’ jigitke i’shqi’y sezimlik qatnaslari’n sa’wlelendiriwi, lirikani’n’

---

[2] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыўы тарийхы. Нөкис «Билим» 2004, 106-126-бб.

[3] Мамбетов К. Әжинияз. Нөкис, «Билим» 1994, Қанаатов Йе. Ҳәзирги филология илиминиң әҳмийетли мәселелери Нөкис, 2001, 189-193-бб

qaharmanni’n’ yarg’a bolg’an sag’i’ni’shi’, ta’biyat ko’rinislerin janlandi’ri’p su’wretlew arkali’ ko’rkem ashi’p berilgen.

Ta’biyattag’i’ wo’z ara baylani’sli’li’q ni’zamli’li’qlari’n biliw, insan ta’biyati’n teren’nen u’yreniw ha’r qanday do’retiwshige de nesip yete bermeydi. Gu’ldi qi’raw shali’wi’ni’n’-insanni’n’ jasli’q ha’m pa’klik payi’ti’nan ayri’li’wi’na ten’eliwi, pisken almani’n’ insandag’i’ toli’p tasqan sezimlerge sali’sti’ri’wi’, gu’ldin’ insang’a gu’l iyesenin’ na’zik, go’zzal minez-qulqi’ ten’eliwi, aydi’n yari’m kewil ashi’qqa megzetiliwi, ba’ha’rdi’n’ jan’a u’mitlerge ten’eliwi shayi’r intim lirikasi’ndag’i’ individual izleniwshiliklerinin’ jemisi boli’p, lirikali’q qaharmanli’q halati’n ta’biyat qubli’slari’na parallel qoyi’p su’wretleydi.

Gu’z pasi’li’nda alma bag’i’nda,
Ushi’ratti’m tosattan seni.
Nege sonsha i’shqi’ dag’i’nda,
İreyimsiz wo’rtedin’ meni?
Duri’s!
Bag’di’ bezegen gu’ldey,
Jilwan’ menen jani’n’a tartti’n’.
Usi’lay ma a’detin’ birdey,
Men ta’repke bir alma atti’n’?![1]

«An’lamadi’n’ ba?» lirikasi’nan ali’ng’an qatarlarda insanni’n’ qa’dirine jete biliwshilik, woni’ uli’g’lawshi’ tiykarg’i’ ideya metafora-simvolikali’q su’wretlew negezinde ashi’p beriledi. Bunda «gu’z pasli’», «alti’n gu’z» lirikali’q qaharmanni’n’ lirikali’q personaj benen i’shqi’y qatnaslari’ni’n’, ko’z qaraslari’ni’n’ nag’i’z rawajlang’an ha’m dawam yetip ati’rg’an ma’ha’li

[1] Турымбетов. Х. Және бәҳәр келди. Нөкис, «Билим», 1970, 30-бет

ma’nisinde, «alma»- lirikali’q personajdi’n’ (qi’zdi’n’) jag’i’mli’, nazli’ minez – qulqi’, ha’reketleri ha’m wo’z yari’na bolg’an itibari’ni’n’ simvoli’ si’pati’nda beriledi. Obrazli’ ko’rkem du’nyada obektiv sharayatta mu’mkin bolmag’an aqi’lg’a si’ymag’an na’rseler logikali’qqa iye boladi’. Bul qosi’qta da tuwra ma’nisinde tu’sinsek biraz haqi’yqatli’qqa tuwra kelmeydi. Sonli’qtan shayi’r woy pikirdi sa’wlelendiriwde awi’spali’ su’wretlew joli’n tan’laydi’. Birinshi shuwmaqtag’i’ lirikali’q qaharmanni’n’ aldi’nnan an’lasi’lg’an ani’q bolgan ha’reketi, ishki tayarli’g’i’ «tosattan» so’zine waqi’t (gu’z pasli’) ha’m wori’ng’a (alma bag’i’ – muxabbat ha’m kewil) qatnasli’q ma’ni beriw arqali’ berilse keyingi yeki qatarda. Ishqi’ dag’i’ni’n’ (metafora) reximsiz (epitet) woti’nda (metonimiya) wo’rtewi (metafora) arkali’ bul joli’g’i’wdi’n’ tosattan yemesligi yele de konkretlesedi. Yekinshi shuwmaqta tasti’yi’qlawshi’ ten’ew arqali’ «jilwa menen jani’na tarti’wi’» to’rtinshi qatardag’i’ alma so’zinin’ tuwra ma’nidegi sinonimlik si’nari’ yaki tu’sindiriwshisi xi’zmetinde keledi. «Alma» uzati’lmaydi’ al «ati’ladi’». Bul birden ku’shli ta’sir yetiwshi jag’i’mli’ minez – quli’q, sezim, go’zzalli’q, itibar, isenim h.t.b si’patlar ji’yi’ndi’si’. Wol lirikali’q qaharmanda ati’lg’an alma si’yaqli’ ta’sir qaldi’radi’. Lirikali’q personajdi’n’ sezim du’nyasi’ni’n’ go’zzalli’g’i’na almani’n’ xosh iyisi, suli’wli’g’i’ si’patlari’ yendiriledi.

Aspan deneleri, wog’an baylani’sli’ ta’biyat qubi’li’slari’da X. Turi’mbetov lirikasi’nda lirikali’q qaharmanni’n’ sag’i’ni’shi’n, ayrali’q azaplari’n jetkerip beriwde ko’rkem detal si’pati’nda qollanadi’.

Aspandag’i’ nurli’ ay,
Ku’tkenime jarasan’.
Ashi’g’i’n’a qaramay,
Qayda ju’zip barasan’?
Geyde bug’i’p jol taslap,
Bult asti’na kiresen’.
Ketkenin’ be i’raslap,

Sonsha shetley beresen’?

Nege birden jawdi’ ku’n,

Bultti’ jari’p wo’ttin’ be?

Ayrali’qtan ya bu’gin,

Ko’zin’nen jas to’ktin’ be?[1]

Aydi’n’ bultli’ aspanda ju’ziwi ilajsi’z wo’z ashi’g’i’nan ayra tu’sken yardi’n’ halati’na sali’sti’ri’ladi’. Al aspandi’ qaplag’an bulttan keyingi jaui’nni’n’ jawi’wi’n ayrali’q da’rtinen qi’ynalg’an ashi’qti’n’ ko’z jaslari’na ten’ewi, biz ku’nde ko’rip ju’rgen ta’biyat qubli’slari’ni’n’ obrazli’ tu’s berip qollani’wi’ shayi’rdi’n’ imtim lirikalari’ndagi’ ko’rkem izlenislerinn’ ji’yi’ndi’si’ boli’p tabi’ladi’.

Usi’ si’yaqli’ su’wretlew shayi’rdi’n’ «Qi’raw shalg’an gu’l» qosi’g’i’nda da beriledi.

Shayi’rdi’n’ izlenisleri qosi’qti’n’ temasi’nda-aq ko’zge taslanadi’. Wonda lirikali’q qaharmanni’n’ wo’z waqti’nda wori’nlanbay qalg’an a’rmani’ni’n’ a’himiyetsiz bir payi’tta a’melge asi’wg’a itimalli’li’g’i’n su’ygenine yerispey qalg’an ashi’qti’n’ wo’z muxabbati’n qayta ushi’ratqan waqi’ttag’i’ yekileniw ha’m wo’kinish sezimlerin su’wretlew arkali’ jetkeredi.

Wonda wo’z waqti’nda za’ru’rli bolg’an, biraq kereksiz waqi’tta «janlang’an» sezimler «qi’raw shalg’an gu’l» detali’ menen sheber su’wretlegen.

X.Turi’mbetov muxabbat sezimlerine adamgershilik, milliy psixologiya, a’dep-ikramli’lq si’yaqli’ si’patlardi’ yendiriw arqali’ da intim-lirikalari’n sa’wlelendiredi. «nede gunayi’m» lirikali’q qaharman ashi’g’i’na kewlindegi sezimlerin ayti’w ushi’n mi’n’ azapka tu’sedi. Lirikali’q personaj «ya suwg’a mirat yetpeydi» (da’stu’r boyi’nsha qi’zlar suw tasi’p ju’rgen sheleginen yamasa suw

[1] Турымбетов. Х. Және бәҳәр келди. Нөкис, «Билим», 1970, 37-38 бб

qabag'i'nan jigitke suw ishkizetug'i'n bolg'an), so'z so'ylese «juwap uri'p jen'ip ketedi».

Lirikali'q qaharman qa'lbindegi wo'z arzi'g'i'p ku'tken, an'sagan adami'na jetiskendegi yen' na'zik, taza, pa'k sezimlerdi shayi'r da'slepki shumaqtag'i' birinshi ha'm yekinshi qatardag'i' grodatsiyali'q usi'l ja'rdeminde, u'shinshi qatardag'i' metoforali'q su'wretlew, intonatsiyali'q tsikllerdi (Shadli'san'!) sheber jaylasti'ra ali'wi' arqali' tarti'mli' jetkerip bergen to'mendegi qosi'g'i'na di'qqat awdarayi'q:

Shadli'san'!
Sende joq qayg'i' degen hesh,
Ku'lkin' jang'a la'zzet, ga'pin wori'nli'.
Minekey, bizlerdi qushaqladi' kesh.
Qoli'ma tutti'ri'p senin' qoli'n'di'.
Men turi'ppan tutkani'mday baxi'tti'
Tutqani'mday jasli'g'i'mni'n' sawg'asi'n.
Solayi'nsha wo'tkerdik ko'p waqi'tti'
Waqi't wo'tken sayi'n shadli'g'i'm basi'm.[1]

Su'wretlew lirikasi' qarakalpaq poeziyasi'nda ken' taralgan lirika u'lgilerinen yesaplanadi'. Su'wretlewshi lirikada epikali'q elementler salmag'i' u'stinirek, biraq su'wretlenip ati'rg'an na'rseler negizinde lirikali'q meditatsiya boladi'. Baskasha aytsaq, shayi'r wo'zi su'wretlep ati'rgan na'rse –ha'diyseler, ta'biyat ko'rinislerinde keshirmelerdi,

oy pikirlerdi janlandi'radi'.[1] Su'wretlewshi lirikag'a ta'biyat qubi'li'slari' menen birge partretlik su'wretlew de kiredi.

---

[1] Турымбетов. Х. Таңламалы қосықлары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1974, 133-бет

[1] Куронов Д. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент, Абдулла Қодирий номидаги халқ мероси нашриёти, 2004, 188-бет

X. Turi’mbetov lirikasi’ndag’i’ su’wretlewshi lirikani’n’ tiykarg’i’ wo’zgshelikleri sonnan ibarat, wol su’wretlew obekti arkali’ insaniy woy – keshirmelerge tu’rtki bolatug’i’n estetikali’q go’zzalli’qti’ sa’wlelendiredi.

Geyde joli’n ha’r ta’repke buradi’,
Geyde shapshi’p bari’p jarga uradi’.
Geyde tu’yme tag’i’p, woyi’n quradi’,
Boyi’na ku’sh – quwat yendi me deymen.[2]

«A’miw tolqi’nlari’» qosi’g’i’nan ali’ng’an bul qatarlarda insang’a ta’n go’zzalli’qlar (tu’yme tag’i’p woyi’n quri’wi’, shapshi’p jarga uri’wi’) shayi’r ta’repinen A’miw tolqi’nlari’ni’n’ samal menen ha’reketleniwindegi ko’rinisine sali’sti’ri’li’p su’wretlenedi. Bulardi’n’ barli’g’i’ ku’sh –quwatka tolg’an jigit, g’ayratli’ insanni’n’ da’liligi, seriligi, ma’rtligi, danali’g’i’, yerkeligin yeske tu’siriedi.

Tiykari’nda shayi’rdi’n’ tu’p maqseti ta’biyat ko’rinisin si’zi’wg’a yemes, al sol arqali’ insan qa’lbin emotsionalli’q boyaawlar menen su’wretlewden ibarat. Sebebi «Lirikada ta’biyat ko’rinisleri insaniyli’q keshirmeler menen suwg’ari’lg’an boladi’... lirikali’q xarakter a’ne usi’ halat lar da jasaydi’ ha’m wo’z ko’rinisine iye boladi’».[3] Su’wretlewshi lirikag’a peyzaj lirikasi’ menen birge portretlik su’wretlewde kiredi. X. Turi’mbetov lirikasi’nda portretlik su’wret leer lirikali’q qaharmanni’n’ tek si’rtqi’ ko’rinisin su’wretlew arqali’ yemes al woni’n’ psixologiyali’q halati’n, minez-qulqi’n su’wretlew joli’ menen jetkerip beriledi. «Tu’sinersen’ wo’zin’-aq…» qosi’gi’nda portretlik su’wretlewdi lirikali’q personajdi’n’ bir momenttegi psixologiyali’q halati’n teren’letip beriw ushi’n qollang’an.

Mi’n’ qubi’li’p, mi’n do’nip,
Suwi’q demin aldi’ wol.
Gu’birlenip so’ylenip,

---

[2] Турымбетов. Х. Таңламалы қосықлары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1974, 161-162- бб

[3] Жамол Камол. Лирик шеьрият. Т.: «Фан» 1986, 45-бет

Arman berman bardi’ wol.

Al azanda qarasam,

Qabaqlari’ isin’ki!

Ko’rsen’ hayran’ qalasan’,

Ruwxi’ da tu’sin’ki![1]

A’debiyatshi’ Jamal Kamaldi’n’ pikirinshe: «Lirika kerekli imkaniyat ha’m qurallarg’a iye: wolardi’n’ barli’g’i’ adamiyli’q, xarakterler jarati’wg’a jo’neltiilndi»[2] Sol aytqanday shayi’r X.Turi’mbetov lirikalari’nda su’wretlew lirikasi’ peyzaj, portret, ekspozitsiyali’q su’wretlew, psixologiyali’q su’wretlewler arqali’ lirikali’q qaharmanni’n’ ishki dnyasi’n ashi’wg’a bag’darlang’an.

Ha’zirgi poeziyada qollani’wshi’ avtopsixologiyali’q lirikani’n’ janrli’q wo’zgeshelikleri woni’n’ si’rtqi’ forma yemes al ishki forma wo’zgesheliklerine su’yeniledi. Avtopsixologiyali’q lirika shayi’rdi’n’ kewlinde keship ati’rgan logikali’q qabi’l yetiw ha’m tu’sindiriw mu’shkil bolgan tuyg’i’lardi’ sa’wlelendiriw arkali’ jasaladi’. Avtopsixologiyali’q lirikani’n’ bir tu’ri meditativ lirika «Uli’wma lirikag’a ta’n bolg’an lirikali’q meditatsiya»[1] arkali’ su’wretlenedi.

X. Turi’mbetov lirikasi’nda uri’s ha’m paraxatshi’li’q ma’selesi, woni’n’ ja’miyet rawajlani’wi’na , insan wo’mirine zi’yanli’ ta’siri medativlik lirikalri’ni’n’ basli’ ideyali’q temalari’nan boli’p yesaplanadi’. Shayi’rdi’n’ «Men bulaq yemespen» «Yele yadi’mda», «Jawi’ngerdin’ anasi’» h.t.b. qosi’qlari’ usi’ bag’darda jazi’lg’an. «Woy, sen ko’p woylanba!...» lirkasi’nda shayi’r lirikali’q qaharmanni’n’ woyg’a mu’rajat yetiwi arkali’ woni’n’ ruwxi’y du’nyasi’ndagi’ haqi’ykatli’q ushi’n gu’res muxabbat, hadalli’q si’yakli’ pa’k

---

[1] Турымбетов. Х. Талўас. Нөкис, ҚҚМБ , 1962, 74-бет

[2] Жамол Камол. Лирик шеьрият. Т.: «Фан» 1986, 36-бет

[1] Қуронов Д. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент, Абдулла Қодирий номидаги халқ мероси нашриёти, 2004, 187-бет

woylari’na ja’miyettegi sa’ykessizlikler: ha’melparazli’q, sumli’q wo’sekshilikti ha’wij ali’wi’, soni’n’ saldari’nan lirikali’q qaharmanni’n’ gu’resiwshilik spati’ni’n’ wo’siw protsesesi su’wretlenedi.

Ku’ttim lirikasi’ ko’rkem stilistikali’q figuralardi’n’ biri anaforadan woy-pikirdi jetkeriwdi sheber qollani’wi’nan payda bolg’an meditativ lirikasi’ boli’p, wonda lirikali’q qaharmanni’n’ urusti’n’ aui’r qi’yi’nshi’li’gi’ ashshi’ azabi’na bolg’an katnasi’ tilge ali’nadi’.

Yadi’mda watanni’n’ ta’g’dirin saqlap,
Izg’ar wokoplardi’ makan yetkenim

Ko’zdi saqshi’ yetip, ti’n’ ti’n’lap baqlap

Dushpani’mdi’ «su’yiklimdey» ku’tkenim

Ku’ttim dushpani’mdi’, qoli’nan qi’si’p

Aytpaq ushi’n yemes sag’i’ng’ani’mdi’,

Ku’ttim sizler ushi’n qaytpay ali’si’p

Kerek bolsa beriw ushi’n jani’mdi’[2]

Shayi’r lirikali’q qaharman tilinen segiz shuwmaqli’ qosi’qti’n’ alti’ katari’ni’n’ basi’nda mazmundi’ sho’lkemlestiiw xi’zmetin atqaratug’i’n «ku’ttim» anaforasi’n qollani’w arkali’ wo’mirdin’ metaforali’q obrazi’n jaratadi’.

X.Turi’mbetov barli’qti’n’ konkret ma’selesi – wo’mir ha’m wo’lim, insan tag’diri yag’ni’y minez-qulqi’ h.t.b. ma’selelr haqki’ndag’i’ pikirlewine tiykarlang’an intellektual lirikasi’nda sezimler ag’i’mi’nan go’re aqi’l u’stemligi seziletug’i’ni’n bayqaymi’z.

Awi’rdi’ ko’terip jen’ildi minip,

A’miwdey ti’ni’msi’z aqqi’m keledi.

Waqi’tti’ ji’lawlap, teren’ge shu’mip

[2] Турымбетов. Х. Талўас. Нөкис, ҚҚМБ , 1962, 97-бет

Okean gawhari’n tapqi’m keledi.[1]

«Qalay ti’ni’shlanarman» qosi’g’i’nan ali’ng’an qaatarlarda shayi’r lirikali’q qaharmani’na ti’ni’p–ti’nshi’masli’q, moyi’masli’q qa’siyetlerin sin’dirip waqi’t penen ten’ qa’dem taslaw, kerek bolsa wozi’p ketiw si’yaqli’ jarati’wshi’li’q qa’biletin sa’wlelendiredi. Shayi’rdi’n’ «Ushi’wshi’ juldi’z», «O’mir joli’nda» «Menin’ u’lkem» h.t.b. qosi’qlari’ da usi’ bag’darda jazi’lg’an intellektual lirikani’n’ u’lgilerinen yesaplanadi’.

«Grajdanli’q (azamatli’q) lirika-adamni’n’ yerkinligin sotsialli’q qatnaslar ham yel -xali’q ma’plerin, millet, watan ma’selelerin ji’rlaytug’i’n qosi’qlar».[2]

X.Turi’mbetov lirikasi’ publitsistikali’q ha’m watandi’ ji’rlaw mazmuni’ndag’i’ qosi’qlari’ menen grajdanli’q lirikani’ rauajlandi’rdi’. Watan, tuwg’an jer, yel-xali’qka xi’zmet yetiw si’yaqli’ ma’seleler X.Turi’mbetov lirikalari’ni’n’ wo’zgesheligi boli’p yesaplanadi’. «Tuwi’lg’an jerime», «Ti’rnalar ushpaqta», «Sag’i’ni’sh» qosi’qlari’ bug’an mi’sal bola aladi’.

XX a’sirdin’ 40-50-ji’llari’ qaraqalpaq baspa so’zi, g’alaba xabar qurallari’ yendi ayaqqa tura baslagan da’wiri yedi. Sonli’qtan bul da’wirde ko’pshilik lirikalarda publitsiszim wori’n aldi’. Sebebi «publitsistikali’q qosi’q p woeziyani’n’ yen’ jawi’nger, yen’ ta’sirshen’ tu’ri. Wol wo’zinin’ wo’tkirligi, ha’zirjuuapli’li’g’i’ menen aji’rali’p turadi’»[1]

X. Turi’mbetovti’n’ publitsistikali’q lirikalari’nda shayi’rdi’n’ wo’zi jasap turgan wolrtali’qqa, sotsalli’q jag’daylarg’a, siyasiy ta’rtiplerge tikkeley qatnaslari’ sa’wleleniedi. «Qondi’q bari’p ayg’a da», «Taxiyatash giganti’», «Ulli’ programma», «Munayi’m» h.t.b qosi’qlari’ usi’nday ja’miyettegi sotsialli’q ma’selelerdi estetikali’q tu’rde ashi’p beriwge bag’dar lanadi’.

---

[1] Турымбетов. Х. Жэне бәҳәр келди. Нөкис, «Билим», 1970, 21-бет

[2] Ахметов С., Есенов Ж., Жаримбетов Қ. Әдебияттаныў атамалырының ўорысша-қаракалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим» 1994, 56-бет

[1] Носиров. Ўо., Жамалов С., Зиёвиддинов М. Ўзбек классик шерияти жанрлари Т.: «Ўқитувчи» 1979 , 107-бет.

X. Turi’mbetov lirikasi’ni’n’ ja’ne bir wo’zgesheligi woni’n’ yumor-satirali’q bag’dardi’ rawajlandi’ri’wi’nda ko’rinedi. Wol yumor-satirali’q qosi’qlari’nda qi’sqa syudjetten paydalanadi’. Woni’n’ «Syujet», «Palker qi’z» , «Jag’i’mpaz basli’q», «Si’qmar» h.t.b yumor –satirali’q qosi’qlari’nda ja’miyettegi ha’r ki’yli’ unamsi’z ha’reketlerge ha’m qubi’li’slarg’a baha beredi.

X. Turi’mbetov yumor – satirali’q qosi’qlari’ni’n’ wo’zgesheligi bunay qosi’qlari’nda yumor satirali’q obrazlar, personajlar qatnaspay –aq, so’zdin’ wo’zine ko’rkem woy ja’rdeminde obraz beriw arkali’ yumor satirali’q janr di’ rauajlandi’ri’w boli’p tabi’ladi’. Mi’sali’:

Wo’mir ten’izinde uri’p qulashti’,
So’zin’iz ha’r u’ydin’ yesigin ashti’,
Siz jazg’an «Porqanlar» ko’rinbey kashti’
Ko’p kelinge payda qi’lg’an shayi’rsi’z[1]

«Sadi’q ag’ag’a» dep atalg’an qosi’g’i’nda «porqanlar» metonimiyasi’ arqali’ so’zge yumorli’q si’pat berip yumor-satirali’q pafosti’ ta’miyinlegen.

Shayi’r X. Turi’mbetov didaktikali’q janrlarda da shi’g’armalar jazi’wdi’n’ sheberi. Shayi’rdi’n’ to’rtlikleri, alti’li’qlari’, «Si’ylasi’q», «Shayi’r», «Qanday bolar yedi qi’zlar bolmasa», qosi’qlari’ didaktikali’q janrdi’n’ yen’ jaqsi’ u’lgilerinen. Wol didaktikali’q qosi’qlari’nda iyman-inasap, ilim-bilim, hadalli’q joli’ menen tarbiyali’qqa shaqi’ratug’i’n idealardi’ rauajlandi’rdi’.

Ha’r insang’a aqi’l, ku’sh-quwat xali’q,
Ashqa – nan, sho’llesen’, mol suwat – xali’q,
Xalqi’mnan ayi’ri’li’p bir adi’m atsam,
Wo’ltirse i’razi’man wotqa-aq sali’p[2]

Shayi’rdi’n’ didaktikali’q janrdag’i’ qosi’qlari’ wo’z aldi’na ken’ tu’rde u’yreniwdi talap yetedi.

---

[1] Турымбетов. Х. Талўас. Нөкис, ҚҚМБ , 1962, 41-бет

[2] Турымбетов. Х. Таңламалы қосықлары. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1974, 94- бет

Tariyp qosi’qlari’ janrli’q jaqtan maqtaw menen bara-bar «Maqtaw qosi’qlari’ ko’terin’ki stilde jazi’ladi’, wo’zinin’ su’wretlew obektin maqtawg’a bag’darlap, sol arkali’ maqtani’sh sezimlerin beredi».[3] X.Turi’mbetovti’n’ «Keldi», «Qa’lbiyke», «A’zerbayjanli’ jazi’wshi’larg’a» qosi’qlari’ tariyp janr i’nda jazi’lg’an. Wolardi’n’ ayri’mlari’ belgili adamlardi’n’ ko’rkem tulgasi’n jaratsa, ayri’mlari’ tuwi’lg’an jer ha’m woni’n’ inamlari’n («Arnaw», «A’miwda’rya »)ta’riplewge maqtawg’a bag’darlang’an. Shayi’rdi’n’ lirikali’q personajlardi’ ta’riyplewge arnalgan qosi’qlari’da obekti boyi’nsha ha’r tu’rli. wonda a’piwayi’ miynet su’wgish turmi’s adamlari’ni’n’ da, belgili shayi’r-jazi’wshi’lardi’n’ da ko’rkem tulg’alar jarati’ladi’.

Uli’wma, X.Turi’mbetov lirikasi’ mazmuni’ boyi’nsha ju’da’ ken’ boli’p, wonda insan ha’m du’nya, ja’miyet ha’m adamlar arasi’ndagi’ katnas, joqari’ adamgershilik a’dep-ikramli’li’q, wo’mirge qatnas etikasi’ shayi’rdi’n’ ishki a’lemi menen sintezlenip beriledi.

---

[3] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсиетлери ҳәм раўажланыўы тарийхы. Нөкис «Билим» 2004, 89-бет.

## II.2. X.Turi'mbetov poeziyasi'nda forma jan'ali'qlari' (to'rtlikler, beslikler, alti'li'qlar, segizlikler h.t.b)

Son'g'i' da'wirde a'debiyattani'w iliminde ko'rkem shi'g'armani' tali'qlawdi'n' jan'asha badarlari' ju'zege keldi. Ko'rkem shi'g'arma analizinde ruwxi'yatti' seziwshi-analizlewshi ha'm ko'rkem shi'g'arma ta'biyati'ndag'i' inplitsitiv (jasi'ri'n, ruwxtag'i') woqi'wshi' menen baylani'qa kirisiw u'lken a'xmiyetke iye. XX a'sirdin' 70-ji'llari'nan Bati's Yevropa, Amerika ma'mleketleri a'debiy si'ni'nda usi'nday bag'dar ko'zge taslanbaqta. Gans Yauss, Uilson Nayt, Tomas Eliot, Volfang İzer, Robert Uorren kibi a'debiyatshi'lardi'n izertlewlerinde ko'rkem shi'g'arma ta'biyati'ndag'i' woqi'wshi' ma'selesi teren' u'yrenilmekte.

Qa'legen ko'rkem shi'g'armani' talqi'g'a tartqanda wondag'i' mazmun ha'm formani'n' woqi'wshi'g'a estetikali'q ta'siri, woqi'wshi' sanasi'na, ruwxi'yati'na kirip bara ali'wi' qabi'l yetiw wozgeshelikleri ken' tu'rde ashi'p berilse wonda izerlew (talqi') wo'z maqsetine yerisken boladi'. Bul usi'ldi' strukturalizm metodi'na tiykarlani'p a'melge asi'ri'w mu'mkin. Ko'rkem shi'g'armani' usi'layi'nsha woqi'wshi' na'zerinen ha'm ilimiy ko'z qarastan ali'p teren' talqi'law poeziyali'q shi'g'armalarg'a sa'ykes keledi. Sebebi, poeziya, lirika insandag'i' quramali' ruwxi'y protsess aqi'betinde woni'n' individual, ja'miyetlik-sotsial negizlerine qari'si'p do'retilgenligi sebepli woni' tu'sniw, qabi'l yetiw de quramali' prtsess. Biz bul bo'liminde X.Turi'mbetov poeziyasi'ndag'i' formalardi'n' janrli'q wo'zgesheliklerine toqtar yekenbiz, wolardi' mazmuni'nan ayri'p taslamay, kerisinshe sol forma ha'm mazmun arqali' sa'wlelendirilgen qosi'qta shayi'r nelerdi woqi'wshi'g'a qabi'l yetiwdi an'latpaqshi' bolg'anli'g'i'n analizlewge xa'reket yetemiz.

«Mazmun ha'm forma birligi-biz bul formulani' tez-tez qollanami'z, biraq woni'n' ani'q ma'nisi xaqqi'nda woylanbastan-aq qollana beremiz! Biraq poeziya ushi'n bul birlik ayri'qsha a'hmiyetke iye. Poeziyada woni'n' barli'q elementi mazmun boli'p yesaplanadi'-ha'r bir, ha'r bir ha'tteki formani'n' arzi'mag'an

elementide mazmundi' quraydi', woni' an'latadi': wo'lshem uyqasti'n' jaylasi'wi' ha'm xarakteri, ug'i'mlardi'n' ha'm qatarlardi'n' wo'z ara sa'ykesligi, so'zlerdin' ha'm ga'plerdin' uzi'n yamasa qi'sqali'g'i' ha'm basqalari'. Poeziyani' xaqi'yqi'y tu'rde tu'siniw woni'n' mazmuni'n tu'siniw degen so'z-bul so'zdin' tar, ku'ndelikli turmi'sli'q yemes, toli'q toli'q ma'nisinde. Mazmundi' tu'siniw woni' jetkeretug'i'n sa'ykes formada g'ana a'melge asi'ri'ladi' »[1]

Shayi'r X.Turi'mbetov poeziyami'zg'a da'slepkilerden jan'a formalardi' ali'p keliwshilerden boldi'. Bul xaqqi'nda Q.Dosanov bi'lay degen yedi: «Lirik shayi'r X.Turi'mbetov tezlik penen wo'spekte. Woni'n' ko'p g'ana qosi'qlari' bizin' poeziyami'zjdi'n' yen' jaqsi'lari'nan boli'p yesaplanadi'. Ayri'qsha son'g'i' yeki-u'sh ji'ldi'n' ishinde X.Turi'mbetovta bir unamli' ayri'qshali'q payda boldi'. Bul woni'n' tabi'stan-tabi'sqa umti'li'wi', jan'a formalarda wo'z ku'shin si'nawi', aktual jan'a temalardi' do'retiwi… »[2]

Duri'si'nda da XX a'sirdin' 50-ji'llari' X.Turi'mbetov wo'nimli do'retiwshilik yetken bolsa, sol do'retiwshiligi dawami'nda ko'pten-ko'p jan'a formalardi' ali'p keldi. Bunday forma jan'ali'qlari' shayi'r do'retiwshiliginde yeki tu'rli jol menen a'melge asqanli'g'i'n bayqawga boladi': 1) basqa xali'qlar a'debiyati'nan wo'zlestirgen janrlar; 2)o'z individual izlenisler na'tiyjesinde payda bolg'an qosi'q formalari'. Soni'n' menen birge shayi'r do'retiwshiliginde biz basqa xali'qlar (Bati's ha'm Shi'g'i's) poeziyasi'nan wo'zlestirilgen janrli'q formalardi' wo'z indivudal izlenisleri menen bayi'ti'p aralas qollang'an «sintezlengen» janrli'q formalar ha'm janrli'q wo'zgesheliklerge toqtawdi' maqul ko'rdik. Al, bul bapti'n' yekinshi bo'liminde lirikali'q formalar ha'm u'shinshi bo'liminde poeziyani'n' syujetli ha'm epikali'q si'patqa iye formalari'na toqtaymi'z.

---

[1] Эткинд йе.Г Материя стиха, С.Пб. «Гуманитарный союэ», 1998 йескетиў: Силтеме Қ.Оразымбетовтың «Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы» ( Н. , «Билим», 2004 35 –бет) мийнетинен алынды

[2] .«Советская Кара-Калпакия» газетасы, 19-декабрь 1958

X.Turi'mbetov lirikasi'ndag'i' janrli'q formalardi'n' payda boli'wi'nda ha'm bayi'p bari'wi'nda a'lbette, wol jasag'an da'wir wortali'q, tariyxi'y sharayat wo'z ta'sirin tiygizdi. Da'stu'riy qosi'q formalari'nda mazmundi' jetkerip beriw menen birge X.Turi'mbetov sol da'wirdegi jetik rawajlang'an ha'm a'debiyati' ta'siri menen bir qansha formalar do'retti. Biraq shayi'rdi'n' Jana formalardi' do'retiwindegi wo'zgeshelik sonnan ibarat wol basqa shayi'rlarday ha'r tu'rli janrlardi', formalardi' jo'nli jo'nsiz ali'p kele bermedi. Wol rus poeziyasi'ni'n' tonikali'q wo'lshemge Shi'g'i's poeziyasi'ni'n' aruz wo'lshemine, turkiy poeziyani'n' barmaq wo'lshemine tiykarlani'p jarati'latug'i'nli'g'i'n sawatli' bilgenligi ushi'n wo'.Xojaniyazov aytqanday: «rus poeziyasi'ni'n' formasi' menen uyqasi'n poeziyami'zg'a qalay bolsa soolay ko'zdi jumi'p yezdire bermegen, al qaraqalpaq poeziyasi'ni'n' ruwxi'n bergen»[1] Biz shayi'r X.Turi'mbetov poeziyasi'ndag'i' si'rtqi' forma wo'zgesheliklerin u'yreniwde sap ha'm yen' kishi janrli'q formalardan baslawdi' maqul ko'rdik. Biz shayi'r X.Turi'mbetov poeziyasi'nda ushrasatug'i'n to'rtliklerdin' basqa formalardan janrli'q wo'zgesheliklerine toqtap wo'tpeymiz.

To'rtliklerdin' rubayi' ha'm murabbalardan ayi'rmashi'li'g'i' janrli'q wo'zgeshelikleri bir qansha a'debiyatshi'lar ta'repinen uyretildi.[2]

To'rtliklerde «qi'sqa ko'lemde teren' ha'm ken' ma'ni…shi'g'ari'ladi'. Bul janrda tiykarg'i' wori'nda teren' filosofiyali'q ko'z qaraslar, danali'q woy-pikirler ha'm aqi'l so'zler turadi'. Woni' woqi'y woti'ri'p shayi'rdi'n' bilim da'rejesin, turmi'sti' teren' tu'sinip biliwin, uli'wma wo'mirdegi ta'jiriybesin wo'lshep bile alami'z…To'rtlik a-b- a-b,a-a-b-a, a-b-b-a, a-a-a-a, a-b-v-b tu'rinde uyqasi'p

---

[1] Турымбетов.Х. Шайыр жолы. Қосықлар топламы. Нөкис, «Қарақалпақыстан Мәмлекетлик баспасы.» 1954, 6-бет

[2] Адабий турлар ва жанрлар.Уч жилдлик. 2-жилд. Лирика, Тошкент, «фан», 1992, Аминов А. Жанр рубаи и современная лирико философская поэзия, Душанбе, «Дониш» 1988, Жәримбетов Қ. XIX әсирдеги қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыўы тарийхы. Нөкис, «Билим», 2004, Пахратдинов Д. И.Юсупов төртликлери. Нөкис,2005, Қ.Оразымбетовтың «Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы» Н. , «Билим», 2004

keliwi mu’mkin»[1] A’debiyatshi’ to’rtliklerdin’ tiykarg’i’ wo’zgesheliginin’ biri filosofiyali’q pikirlerdi teren’ ha’m tuji’ri’mli’ yetip bere ali’wi’nda. Sebebi to’rtlikte sezimnen ko’re pikir ani’g’i’raq ko’riniwi sha’rt.[2]

Qaraqalpaq poeziyasi’nda to’rtlikler Maxmud Qashqariydin’ «Devonu lug’at at-turk» miynetinen keyin A’jiniyaz, Berdaq, wo’tesh shi’g’armalari’nda, Sadi’q Nuri’mbetov poeziyasi’nda ushrati’wi’mi’zg’a boladi’.

XX a’sirdin’ 50-ji’llari’nda to’rtliklerdi wo’nimli jazg’an shayi’rlardan biri X.Turi’mbetov boldi’. Shayi’rdi’n’ to’rtlikleri boyi’nsha qraqalpaq a’debiyattani’w iliminde arnawli’ jumi’slar islenbedi tek a’debiyatshi’ D.Paxratdinov shayi’rdi’n’ to’rtlik jazg’anli’g’i’n atap wo’tedi.[3] X.Turi’mbetov to’rtliklerin sol da’wirdegi basqa shayi’rlar si’yyaqli’ rubayi’ dep yemes, al, to’rtlikler dep ataydi’. Woni’n’ to’rtlikleri usi’ janrdi’n’ qatan’ qag’i’ydalari’na muwapi’q jazi’lg’an bul woni’n’ shayi’rli’q sheberliginen derek beredi. Ayri’m obrazsi’z so’zler, qurg’aq qatarlarda ushrasadi’ sog’an qaramastan shayi’r to’rtliklerinde birin-biri ta’krarlamaytug’i’n mazmun, ushqi’r qi’yal, ko’rkem so’z, wozi’q pikir jetekshi wori’nda turadi’.

Shayi’rdi’n’ to’rtlikleri yen’ da’slep 1958 –ji’li’ «A’muda’rya» jurnali’nn’ №2 sani’nda jariyalandi’. Woni’n’ to’rtliklerinde miyneti ji’rlaw, muxabbat, kishpeyillik, dosli’q, xali’qti’ qa’dirlew, adamgershilik, talant, a’dep ikramli’li’q ha’m etikali’q ma’seleler, uli’wma aytqanda wo’mir haqqi’ndag’i’ filosofiyali’q woylar wori’n alg’an. Shayi’r buri’nnan kiyati’rg’an jasaw, wo’mir haqqi’ndag’i’ pikirlerge, adamni’n’ wo’mirde jasawi’ni’n’ mazmuni’na baha beredi:

Tuwi’ldi’ degen so’z-o’ldi degen so’z,

Biraq wo’lmey turi’p bahasi’n alar,

Kim wo’lse de arti’p ma’n’gi boli’p tez,

---

[1] Пахратдинов Д. И.Юсупов төртликлери. Нөкис,2005, 5-бет

[2] Қ.Оразымбетовтың «Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы» Нөкис. , «Билим», 2004, 77-бет

[3]. Пахратдинов Д. И.Юсупов төртликлери. Нөкис,2005, 14-бет

Ya «jaqsi'», ya «jaman» degen at qalar[1]

Qarani' ag'arti'w qi'yng'a tu'ser,

Biraq ta ap-an'sat ku'yelew aqti',

Aqti' qorg'a, aqqa duri's baha ber,

Sa'l jerde haq janni'n' si'nbasi'n saqti',[2]

Shayi'r X.Turi'mbetov to'rtliklerdi tematikali'q jaqtan ha'r ta'repleme baytti'. Woni'n' to'rtliklerinde wo'mir ta'jiriybelerinen ji'ynalg'an aqi'l na'siyatli'q mazmung'a iye.

Woni'n' to'rtliklerinde te g'ana wo'zine ta'n mazmunli'q wo'zgeshelikler yemes, soni'n' menen birge formali'q qa'sietlerde ha'r tu'rli. Shayi'r to'rtliklerinde 11 buwi'nli' shali's uyqasli' ha'm aaba tu'rindegi birgelikli uyqasli' formalar menen birge Maxmud Qashqariydin' Devon ul lug'ot at-turk miynetinde to'rtlikler si'yaqli' 7 ha'm 8 buwi'nli' qosi'q formasi'na iye to'rtliklerde ushi'rasadi'.

wo'zin si'ylag'an adam,

wo'zgeni de si'ylaydi'.

Si'ydi' bilmegen ladan,

Tek te wo'zin qi'ynaydi'.[3]

Bunda jeti buwi'nli' jup uyqasli' qosi'q qatarlari'nda insanli'q wo'zligi, woni' an'law, wo'zin-o'zi qa'dirlew, qari'm-qatnas ma'selesin wortag'a taslaydi'.

Ayi'ri'm to'rtliklerinde qaytalani'p keletug'i'n so'z dizbegi ushi'rasi'p turadi'. Bul woni'n' to'rtliklerinin' ko'rkemligin pa'sen'letedi. Sog'an qaramastan shayi'r to'rtlikleri teren' mazmunli', joqari' ko'rkemliligine iye, to'rtlik janrli'q qatan' talaplari'na juwap beredi. Sonli'qtan bul ilim yele u'yreniwdi talap yetedi.

---

[1] Турымбетов Х. Таңламалы косыклары Нөкис «»93-бет
[2] Сонда, 92-бет
[3] Сонда, 92-бет

XX a’sirdin’ son’g’i’ 30-ji’llari’ndag’i’ qaraqalpaq lirikasi’nda alti’li’qlar do’retildi. Yevropa a’debiyati’nda «sekstina»[1], wori’s a’debiyati’nda «shestistishie»[2], shi’g’i’s xali’qlari’ a’debiyati’nda «muqaddas»[3] degen atama menen atalatug’i’n alti’li’qlar poeziyadag’i’ alti’ qatardan ibarat qosi’qlardan wo’zgeshe boli’p juwmaqlang’an woy-pikir tek alti’ qatardan sa’wlelenedi.

A’debiyatshi’ Q.Worazi’mbetov: Qaraqalpaq a’debiyati’nda alti’li’q formasi’nda yen’ da’slepkilerden boli’p qosi’q do’retken shayi’rlardi’n’ biri X.Turi’mbetov. Wol 1958-ji’llari’–aq bul formada qosi’q jazi’p, woni’ alti’li’qlar degen atama menen atap, qosi’qlar toplami’nda ja’riyaladi’:

Birewler qi’yalshi’l, Bug’an ne dersen’?
Uyqi’lap jati’p ayg’ada qol sozadi’.
Birewler maqtanshaq, wog’an so’z bersen’:
Wol jen’impaz, wol ha’mmeden wozadi’.
Al men usi’nday adamdi’ ko’rsem,
Ji’g’i’rdani’m qayi’si’p, «jinim qozadi’».

Bul alti’li’q qaraqalpaq a’debiyati’nda usi’ formada do’retilgen da’slepki shi’g’arma si’pati’nda g’ana bahali’ yemes, al ko’rkemligi, janrdi’n’ talabi’na ha’r ta’repleme juwap beriwi menende qi’zi’qli’. Shayi’r adamlardi’n’ minezinde, psixologiyasi’nda bolatug’i’n si’patlarg’a wo’zinin’ ko’z qarasi’n bildiredi. Shi’g’armada pikir jaydari’ formada berilgenine qaramastan, woni’ pu’tin shi’g’arma si’pati’nda ta’n ali’wg’a boladi’»[1].

X.Turi’mbetovti’n’ do’retiwshiliginde alti’li’qlar barli’g’i’ boli’p yekew. Biraq, bul forma shayi’r do’retiwshiliginde qanshama az bolmasi’n, wol ba’ribir

---

[1] Литературный энциклопедический словарь, Москва, «Советский энциклопедия». 1987.,стр.382.
[2] Сонда, стр.501
[3] Ҳамроев М. Основы тюркско стихосложения, Алма Ата, «Мектеп», 1963.,стр.237.
[1] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы, Нөкис, «Билим», 2004., 82-бет.

qaraqalpaq poeziyasi’nda bul janrli’q formani’n’ da’slepki ha’m ko’rkem boli’p do’retiliwi menen a’hmiyerke iye. Joqari’da a’debiyatshi’ Q.Orazi’mbetov shayi’r alti’li’qlari’ni’n’ birine toqtap, woni’n’ janrli’q izleniwlerin ashi’p beredi. Mi’sali’ to’mendegi shali’s uyqasli’ 11 buwi’nli’ alti’li’g’i’nda :

Birewler dan’qparaz! Tek te dan’q ushi’n
Hasla almaydi’ qoli’nda bari’n.
Birewler jag’i’mpaz! Sarp yetip ku’shin,
Sati’wg’a da tayar i’shqi’-i’qrari’n,
Al, men bundaylardi’n’ aqi’li’w-huwshi’-
Bar ma wo’zi deymen ha’m keler ari’m[2]

Shayi’rdi’n’ lirikali’q qaharmani’ wo’mirdegi wo’zliginen keship ataq, abi’ray, dan’q ushi’n basqalardi’n’ quli’na aylani’w joli’n tan’lag’an, ishi basqa si’rti’ basqa yeki ju’zlemeshi menen kelise almaytug’i’ni’n aytadi’.

Sonday-aq, ayi’ri’m segizlikleri si’yaqli’ 6 qatarda jazi’lg’an alti’li’qlardi’n’ janrli’q talaplari’na juwap beretug’i’n, biraq atama qoyi’lg’an alti’ qatarli’ qosi’qlarda beriledi.. «Toqta joldas…» qosi’g’i’ bug’an mi’sal boladi’.:

«Adam-bir gu’l, -deysen’,-gu’l ushi’p keter,

Adamlarda gu’ldey du’nyadan wo’ter:

Toqta joldas, meyli wo’tsem wo’teyin,

Gu’ldey quwrap men de mende ushi’p keteyin.

Biraq gu’l ushsa da qaladi’ da’ni,

Hasla gu’lsiz bolmas gu’ller makani’»[1]

---

[2] Турымбетов Х. Таңламалы қосыңлары Нөкис «Қарақалпақстан», 1974, 95-бет
[1] Турымбетов Х. Және бәҳер келди. Нөкис «Қарақалпақстан», 1970, 28-бет.

Alti’ qatarda jup uyqaslar menen bul qosi’qtag’i’ pikirler basqa jetinshi yaki segizinshi qatarlarda beriliwi mu’mkin yemes. Bul tek alti’li’qti’n’ ko’lemine si’yadi’.

Segizlikler yevropa a’debiyati’nda, oktava[2], tu’rkiy ha’m shi’g’i’s xali’qlari’ a’debiyati’nda musamman[3] dep ataladi’ . Qaraqalpaq a’debiyati’nda segizlikler qatan’ sha’rtlilikke iye yemes. Uyqaslari’ wo’lshemleri ha’r qi’yli’ boli’p keledi. Bul si’yaqli’ woktavag’a da, musi’lmang’a da ta’n boli’p, wolar jeke xali’qlari’ da, bir neshe ba’ntti ji’ynap ta bir pu’tin shi’g’arma bola aladi’.

X.Turi’mbetov segiz qatarli’ qosi’qlari’n segizlikler dep atawdi’ maqul ko’rdik. Yekileniwimizdin’ sebebi, shayi’r poeziyasi’ndag’i’ segiz qatarli’ qosi’qlar 4 qatarli’ ba’ntten turatug’i’n yaki juwmaqta beriledi. Bul segizliktin’ ta’biyati’na juwap beredi. Biraq, ha’tte, alti’li’qlar, to’rtlikler, segizlikler atama qoyi’lmastan, sol nomer atamalari’ atama yetip taqlani’p qoyi’ladi’. Al, X.Turi’mbetovti’n’ segiz qatarli’ qosi’qlari’nda atama qoyi’lg’an. Buni’ tek segiz qatarda berilgen ko’rkem shi’g’arma, segizliklerdin’ ta’biyati’na juwap bermeydi, pikirler yele de sozi’li’p, u’sh yaki to’rt juwmaqta beriliwi mu’mkin yedi degen pikir tuwi’li’wi’ mu’mkin. Lekin, X.Turi’mbetov poeziyasi’nda segiz qatarli’, atama qoyi’lg’an segiz qatarli’ qosi’qlar segizliklerdegi si’yaqli’ juwmaqlang’an, tuji’ri’mli’ woydi’, filasofiyali’q juwmaqti’ beredi. Mi’sali’, «Yerdin’ ten’i», «Shayi’r isi», «Dosli’q haqqi’nda gu’rrin’», «Ja’miyet-mektep», «Muhabbat ushqi’ni’», «Haram putaq», «Nege qushaq ashti’m», «Yeki tilek», «Bag’», «Ha’mmede usta», «Maqtanshaq» h.t.b. qosi’qlari’ janrli’q jaqtan alti’li’qlar si’yaqli’ filasofiyali’q intellektual woy-pikirlerdin’ juwmaqlang’an ta’rzde beriliwi menen wo’zgeshelenedi. Al, qoyi’lg’an tema atamalari’ sol qosi’qta qanday mazmun ja’mlengenligin bildiriw ushi’n qollani’lg’an. Biraq bul qosi’qlar segiz qatarda berilgen a’piwayi’ segiz qatarli’ qosi’qti’n’ yemes, al segizliklerdin’ janrli’q ta’biyati’na sa’ykes keledi

---

[2] Литературный энциклопедический словарь, Москва, «Советский энциклопедия». 1987.,стр.260
[3] Ҳамроев М. Основы тюркско стихосложения, Алма Ата, «Мектеп», 1963.,стр.237

«Yardi’n’ i’shqi’» segizligi lirikali’q qaharmanni’n’ minez-qulq, ta’rbiyasi’na baylani’sli’ woy-keshirmelerin su’wretleyd

«Ku’ni wo’tse-ku’n arti’q», = 7
Dewshiler de bar, = 5
Nandi’ qoli’n qabarti’p, =7
Jawi’wshi’lar da bar, =5
Birinshisin ku’sesem, =7
Jol dep bil meni, =5
Ter to’gip nan tislesem, =7
Yerdin’ sol ten’i[1]. =5

Qosi’q uyqas formasi’ jag’i’nan 7 ha’m 5 buwi’nli’ qosi’q qatarlari’ni’n’ taq ha’m jup qatarlari’ uyqasi’wshi’ (shali’s uyqas) formada jetkerilgen pikir metaforalar menen berilgen.

Shayi’rdi’n’ segiz qatarda tema tan’lap jazi’lg’an segiz qatarli’ qosi’qlari’ni’n’ barli’g’i’ segizliklerdin’ talaplari’na juwap Bere bermeydi. Ayri’mlari’nd woy-pikir juwmaqlanbag’an, yaki yele dawam yettirse boladi’. «Sezbey ju’rmen woyi’n’di’», «Ushi’rasqanda», «Sorayma yeken», «Qi’zdi’n’ si’yli’g’i’», «Qi’zda jigitlerdey bolama yeken?», «A’tir iyisi», «Wonday jigit yemespen», «Jari’si’wshi’ doslarg’a», «Keldim», «Bergim keldi», «Ko’rgen sayi’n», «Nege wonday?», «Yeksen’ gu’ldi», «Gu’l», «Ayi’bi’n’ ne?», h.t.b. qosi’qlari’da segiz qatarda jazi’lg’an. Biraq wolardi’n’ barli’g’i’nda qi’sqa syujet lirikali’q qaharmanni’n’ tamamlanbag’an woy pikiri, sezimleri, muhabbati’ sa’wlelengen. Bul qosi’qlardi’n’ si’zi’qli’ formasi’ jag’i’nan biz joqari’da atap wo’tken segiz qatarli’ qosi’qlari’nan derlik parq qi’lmaydi’. Al, jetkerip beriw usi’li’ boyi’nsha segizlik shayi’rdi’n’ talaplari’na juwap bermeydi. Segizlik janrli’q talaplari’na juwap beredi dep yesaplag’an shayi’rdi’n’ ati’ atalg’an, biraq tema atamasi’ bar qosi’qlari’nda bolsa mazmun filasofiyali’q tuji’ri’mli’, didaktikali’q

[1] Турымбетов Х. Және бәҳер келди. Нөкис «Қарақалпақстан», 1970, 43-бет

ta’sirshen’, intelektualli’q woy-pikirler ja’miyetlik-sotsialli’q shen’berde tuwri’ su’wretlengen, estetikali’q ta’sirshen’ligine iye shi’g’armalar boli’p tabi’ladi’.

Mi’sali’:

Jawi’n suwi’ ag’ag’oysa jag’adan,
Pa’tli ses beredi harlap, sarqi’rap,
Bunday sarqi’rawdi’ hesh bir da’ryadan
Yesitiwin’ mu’mkin yemes sen biraq.
Tap sonday-aq geybir shayi’r si’maqlar,
Ji’rag’a uqsaydi’ shawqi’mi’ menen,
Ko’kiregine uri’p deydi:-tek men bar,
Men barman du’nyada-barman tek te men![1]

Segizlikte ko’rkem woy-pikir metonimiyali’q usi’lda, qaytalawlar arqali’ ta’sirshen’ligi ku’sheytirilip beriledi. Shayi’r wo’z aytajaq woy-pikirin uqsas ta’biyat ko’rinislerine sali’sti’ri’w arqali’ jetkerip beredi. Segizlikte «Miywe pisken sayi’n to’menleydi» degen insan kishipeyilligine baylani’sli’ ideyani’ ashi’p beredi.. Al wo’zlerin basqalar yemes, wo’zlerin shayi’r dep tani’ytug’i’n ayi’ri’m shayi’rlardi’n’ ji’ynali’p qalg’an jawi’n suwi’ni’n’ sag’a ali’p aqqani’na ten’eliwi ha’m wondag’i’ pa’tli harlag’an dawi’sti’n’ shi’g’i’wi’na sali’sti’ri’li’wi’ ju’da’ sheber tabi’lg’an ko’rkem detal boli’p tabi’ladi’. Sebebi da’ryada suwi’da tawdan ag’i’p keledi. Sonsha suwi’ pa’s bolsa da, ken’ kanali’ da’rya qatti’ sarlag’an ses shi’g’armaydi’. Ja’ne da’rya suwi’ tez arada toqtap ta qalmaydi’. Al jawi’nnan aqqan jawi’n suwi’ bul wo’tkinshi. Jawi’n toqtawi’ menen wolda toqtap qaladi’. Menmen talantsi’z shayi’rlardi’ X.Turi’mbetov jawi’n suwi’ni’n’ wo’tkinshi ag’i’si’na megzetedi. Sarqi’rap tez ag’i’p, tez tawsi’ladi’. Yekinshi juwmaqti’n’ aqi’ri’ndag’i’ qaytalang’an «Minber» dizbekleri arqali’ birinshi juwmaqta ayti’lg’an pikir yele de toli’qti’ri’li’p ta’sirshenlikke iye boli’p tur.

[1] Турымбетов Х. Шайыр жолы, Нөкис ҚҚМБ 1954, 94-бет.

Shayi’r segizlikleri 7 buwi’nli’, 11 buwi’nli’, 5-7 buwi’nli’, aralas, 8-9 buwi’nli’, ko’binese jup uyqasli’, siyrek halda birgelkili uyqasli’ formada berilgen.

Uli’wma shayi’rdi’n’ usi’ si’yaqli’ sa’tli jazi’lg’an segizlikleri barshi’li’q. Bul formada jazi’lg’an qosi’qlari’n segizlikler dep atamasada, ja’ne wolarg’a tema atamasi’ tan’lani’p berilgen bolsa da, wolar bu’gingi a’debiyati’mi’zda segizlik janrli’ talaplari’na toli’q juwap beredi.

Ha’zirgi poeziyami’zda buri’n bolmag’an 6,8,9,10 buwi’nli’ qosi’qlar, sonday-aq 15-16 buwi’nli’ muxammes jiyi ushi’raydi’. Al, qosi’qti’n’ uyqasi’ ma’selesinde buri’n qaraqalpaq poeziyasi’nda bolmag’an qawsi’rmali’ rifma jari’qqa shi’qti’. (Abba), bul jag’i’nan usi’ formani’ ko’birek qollani’p ju’rgen shayi’r si’pati’nda X.Turi’mbetovti’n’ tvorchestvasi’ni’n’ izleniwshiligi unamli’ boladi’, birinshiden belgili a’debiyatshi’ S.Axmetovti’n’ X.Turi’mbetov poeziyasi’ndag’i’ forma jan’ali’qlari’n duri’s an’lag’ani’nday, XIX a’sir klassik shayi’ri’ A’jiniyaz Qosi’bay uli’ poeziyag’a ali’p kirgen muqalles janri’n wo’zinshe rawajlandi’radi’. Muqalles qosi’q quri’li’si’ boyi’nsha aruz wo’lsheminde jazi’latug’i’n lirikani’n’ bir tu’ri. wol bes qatardan ibarat bir neshe ba’ntlerden turadi’, a-a-a-a-a, b-b-b-b-a , v-v-v-v-a, g-g-g-g-a ta’rizinde uyqasadi’. G’a’zeller qanday tematika ha’m mazmung’a iye bolsa, muxammesler de tematika ha’m mazmung’a sa’wlelendiredi.[1]

Muxammesler a’dette mustaqil muxammesler ha’m taxmisler, yag’ni’y qanday da bir shayi’rdi’n’ g’a’zeli tiykari’nda jazi’lg’an muxammesler boli’p yekige bo’linedi.[1]

Muxammes te aruz wo’lshemligi formasi’ bolg’anli’g’i’ ushi’n ha’zirgi qaraqalpaq poeziyasi’nda, sonday-aq, X.Turi’mbetov poeziyasi’ndag’i’ muxammeslerdi de aruz wo’lshemindegi bahrlerge tarti’p ko’rmedik. Bunda tek mukammestin’ si’rtqi’ formasi’, mazmuni’ saqlani’p jazi’lg’an. Biraq

---

[1] Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы., Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988., 302-бет
[1] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық ўөзгешеликлери ҳәм раўажланыў ратыйхы Нөкис «Билим» 2004, 171-бет

X.Turi’mbetov muxammesi da’stu’riy muxammestin’ a-a-a-a-a, b-b-b-b-a u’y qosi’w formasi’nda yemes, al a-a-a-a-b, v-v-v-v-b, g-g-g-g-b tu’rinde, yag’ni’y klassikali’q tilinde, birinshi ba’nt joli’ menen wo’z-ara uyqasi’p, yekinshi ba’ntten baslap da’slepki to’rt qatar wo’z-ara uyqasadi’ da, besinshi qatar birinshi bag’i’t penen uyqasadi’. G’a’zellerdegi si’yaqli’ 14-15 buwi’nnan ibarat ibarat boldi’. Al, X.Turi’mbetov muxammessinde birinshi ba’nttin’ da’slepki to’rt qatari’ wo’z-ara uyqasadi’ da, aqi’rg’i’ qatari’ wo’zgeshe uyqassi’z keledi, qalg’an ba’ntlerdin’ barli’g’i’ni’n’ aqi’rg’i’ qatari’ bir neshe ba’nttin’ aqi’rg’i’ qatari’na uyqasi’p keledi.

Qosi’q qatarlari’nda buwi’n sani’ turaqli’ yemes, 14,15,16 buwi’nli’ formada kelgen. Biraq bul kishi mug’dardag’i’ buwi’n sani’ turaqsi’zli’g’i’ qosi’qti’n’ i’rg’ag’i’na keri ta’sir tiygizip turg’ani’ joq., kerisinshe bir tegis i’rg’aqta, intonatsiyali’q u’nleslik penen woqi’ladi’.

Bag’ ishin bazar yetip, keldim qa’dirdani’m dep,14a
Gu’lge qong’an bu’lbilim, jani’p-ju’regim qani’m dep,15a
Jang’an ju’rektin’ dawasi’- ju’zinde noqat qali’n’ dep,16a
Rahim yette tap dawasi’n, wo’zin bir jolg’a sali’n’ dep,16a
Biyqush boli’p, wotqa tu’sip, keldim qasi’n’a senin’,15b
Bul i’shqi’ yadqa saldi’, wo’zin usi’ng’an sha’mende,15v
Yerk bermey biylep aldi’ jasli’q-ju’rekti-denemdi,15v
Ma’jbu’r boldi’m men bu’gin, qolg’a ali’wg’a qa’lemdi,15v
Yad yetip La’yli, Shiyrin, Zliyixa ha’m Shasa’nemdi,15v
Keldim na’zer sali’w ushi’n qara qasi’n’a senin’,15b
Kelmeske hamal qansha-gu’l ju’zin’ tartti’ meni,14g
Ju’rekke na’pes urg’an ha’r so’zin’ tartti’ meni,14g
Woynaqshi’ ku’lip turg’an wol ko’zin’ tartti’ meni,14g

---

[2] Ҳамраев М. Оосновы тюркско стихосложения, Алма Ата, «Мектеп», 1963.,стр.203

Sum i'shqi' biylep aldi', ilaj ne shatti' meni,14g

Tigildim de qaldi'm men sup-suli'w ju'zin' senin'.15b

X.Turi'mbetovti'n' «Ishqi'» muxammesi yerkin usi'lda jazi'lg'an muxammes. Wonda shayi'rdi'n' lirikali'q qaharmani' wo'z ashi'g'i'ni'n' joli'na ko'z tigedi, woni'n' go'zzalli'g'i'n ta'riyipleydi, pu'tkil siynesi, qa'lbi ashi'qli'q da'rtinen ada boladi', woni'n' dawasi'n su'yiklisi g'ana taba aladi'. Muxammeste «sha'msi», «bag'», «bu'lbil» simvolli'q su'wretlewleri menen «sum i'shqi'», «gu'l ju'zli» epitetleri mazmundi' jetkerip beriwde qollani'lg'an. Shi'g'arma aqi'ri'nda «Azabi'n berdin' solay, tu'n boyi' Turxojani'n'»,-dep shayi'rli'q laqabi'n da qosi'q aqi'ri'nda berip wo'tedi.

Uli'wma X.Turi'mbetov lirikasi'nda qosi'q formasi' shayi'rdi'n' ko'rkemlik izlenislerinin', jan'a forma tabi'wg'a umti'li'wshi'li'g'i'nan derek beredi.

X.Turi'mbetov poeziyasi'nda to'rtlikler, alti'li'qlar, segizlikler, muxammes qosi'q formalari'ni'n' qollani'li'wi' shayi'rdi'n' ko'rkem forma salasi'ndag'i' izlenislerinin' na'tiyjesi boli'p, qaraqalpaq poeziyasi'n jan'a janrli'q formalar menen bayi'ti'wshi' si'pati'nda bahalani'p keldi. Wol ha'r bir qosi'g'i'nda si'rtqi' forma ha'm ishki forma (mazmun) birligin sho'lkemlestirip, woy-pikirdi ko'rkem woy ha'm ko'rkem toqi'ma ja'rdeminde obrazli' su'wretlewler arqali' sa'wlelendiriwge ha'reket yetken. woni'n' poeziyasi'nda qosi'qti'n' si'rtqi' formasi' boyi'nsha janrli'q wo'zgesheliklerinen biri yesaplang'an syujetli lirikasi', poemalari' da a'hmiyetke iye. Shayi'r sonday-aq, ballada (usi'lay atama qoymasa da), ti'msal jazi'wdi'n' da sheberi. Biz kelesi bo'limde shayi'rdi'n' si'rtqi' formasi' boyi'nsha wo'zgeshelenetug'i'n janrlari' ti'msal, ballada, syujetli lirika ha'm poemalari'na toqtaymi'z.

## II.3. Cyujetli lirikasi’, ti’msal ha’m poemali’ari’

X.Turi’mbetov syujetli lirikalar jarati’w sheberi. Bul haqqi’nda woni’n’ zamanlasi’ İ. Yusupov bi’lay degen yedi : «Tek wo’zine ta’n ayi’rmashi’li’qlari’na iye bolg’an bul shayi’rdi’n tvorchestvoli’q joli’ awi’r boldi’ . X.Turi’mbetov wo’zinin’ tvorchestvoli’q dawi’si’n bizden jan’lata alg’an joq»[1] . Bul uqi’pli’ shayi’rdi’n’ kushli jag’i’-miniatyurali’q qosi’qlardan ko’p na’rseler haqqi’nda ayta biliwi». Shayi’r X.Turi’mbetov sap lirikali’q qosi’qtan go’re syujetlik lirikalari’nda ko’birek tabi’sqa yerisken. Lirikadag’i’ syujet haqqi’nda a’debiyatshi’ M.Yu.Lotman bi’layi’nsha pikirleydi: «Poetikali’q syujet qanday da bir waqi’yani’ ko’pshiliktin’ qatari’nda jetkerip beriw ushi’n yemes, basli’ ha’m ayri’ksha waqi’yani’ gurrin’lew arqali’ lirikali’q du’nyani’n’ barli’g’i’ haqqi’nda tusinik beredi.Bunda poeziya romang’a qarag’anda mifke jaki’ni’raq boldi’. Sonli’ktan lirikani’ biografiya ushi’n a’piwayi’ material dep rekonstruktsiyalawshi’ qadag’alaw realli’k yemes, al shayi’rdi’n’ miflik obrazi’n do’retedi. wo’mirdegi faktler ayri’ksha obrazg’a transformatsiyalang’annan keyin g’ana poeziyali’q syujet boli’wi’ mumkin».[2] Syujetli lirika da suwretlewshi lirikag’a uqsas, wonda waqi’yani’ suwretlew maqset yemes, ba’lkim qural yesaplanadi’. Waqi’ya arti’nda woni’ emotsional pikir yetip ati’rg’an lirikani’n’ subekt qa’lbi sa’wlelenedi. Syujetli lirikalardi’n’ ba’rin de lirikali’q turge ta’n shi’g’armalar si’pati’nda tusiniw wonshama tuwri’ yemes . «Yeger qashan qosi’qta suwretlenip ati’rg’an waqi’ya sezim –tuyg’i’lardi’ sa’wlelendiriw elementi (qurali’) bolsa, ju’z bergen waqi’yani’n’ sog’an sa’ykes fragmentleri u’zip ali’p suwretlengen (yag’ni’y, waqi’ya toli’q sa’wlelendirilmese ) bolsa g’ana syujetli lirika haqqi’nda so’ylew mu’mkin boladi’, -dep yesaplaydi’, a’debiyatshi’ D. Quronov[3] ha’m wol A.Aripovti’n’ «Hayal», «Jawi’nli’ ku’n yedi» qosi’qlari’n syujetli lirika u’lgisi desek, woni’n’ «Shi’g’i’s hikayasi’», «A’n’gime»

---

[1] Литературная газета, 27-сентябрь, 1958-жыл.

[2] Лотман Ю.М. О поэтах и поэзия .Анализ поэтического текста. Статьи .Исследования. Занятии. Санкт-Петербург «Искусство –СПБ» 2001,стр.107.

[3] Қуронов Д. Адабиётшуносликка кириш, Тошкент, А Қодирий номидаги халқ меъроси нашриёти, 2004., 189б.

shi’g’armasi’ qosi’q qatarlari’nda jazi’lg’an kishi gu’rrin’ler, yag’ni’y epikali’k xarakterdegi shi’g’armalar si’pati’nda tu’sinilgeni duri’sraq boladi’»,-dep syujetli lirika ha’m lirikadag’i’ syujet haqqi’nda wo’z pikirin beredi .

Duri’si’nda da, poeziyali’q tuwi’ndi’ yesaplani’p, biraq yumor- satirali’q yaki kishi bir waqi’yani’ jo’nekey bayanlaw usi’li’nda jazi’lg’an shi’g’armalardi’ sap lirikali’q janr u’lgisi boladi’ dep yesaplaw qi’yi’n. Al, syujetli lirikalar qanday da bir waqi’ya lirikali’q halatti’, woydi’, sezim-tuyg’i’ni’ jetkerip beriw ushi’n xi’zmet yetiwi lazi’m . A’debiyattani’wda «syujet» ha’m «fabula» tusiniklerin qollani’wda turlishelik bar: ayri’m a’debiyatlar bul yeki tu’sinikti sinonim si’pati’nda qollansa, basqalari’ aji’rati’p ko’rsetedi . Tiykari’nan, rus formal mektebi wa’killeri «fabula» degen shi’g’armada su’wretlengen waqi’yalardi’n’ turmi’sta ju’z beriw ta’rtibin, «syujet» degen de bolsa wolardi’n’ shi’g’armada jaylasti’ri’li’w ta’rtibin tusinedi..Waqi’yalardi’ turmi’sta juz beriw ta’rtibi menen wolardi’n’ shi’g’armada jaylasti’ri’li’w ta’rtibin pari’qlaw ko’rkem shi’g’arma quri’li’si’n u’yreniwde a’hmiyetke iye.

X.Turi’mbetov poeziyasi’na ta’n stillik wo’zinsheliklerden biri wol sezim-tuyg’i’larg’a tu’rtki bolg’an waqi’ya ha’diyselerdi su’wretlew, waqi’yalardi’n’ rawajlani’w bari’si’n qi’sqa momentlerge quri’w tiykari’nda lirikali’q syujetti ju’zege keltirip woti’radi’. Bul qubi’li’s, yag’ni’y syujetli qosi’q da’stu’ri 1960-ji’llardag’i’ poeziyami’zda X.Turi’mbetov do’retiwshiligi arqali’ ju’zege kelip, bir qatar shayi’rlar do’retiwshiliginde wori’n alg’anli’g’i’ poeziyami’z tariyxi’nan belgili. Syujetli lirikada woy-sezimlerge (lirizmge) sali’sti’rg’anda waqi’ya-ha’diyselerdi bayanlawshi’li’q basi’m keledi.

Turmi’s haqi’yqatli’g’i’n ko’rkem sa’wlelendiriwge jazi’wshi’ shayi’rlar tu’rli usi’llardan paydalanadi’. Syujet mine usi’nday turmi’s shi’nli’g’i’n ko’rkem su’wretlew a’mellerinen biri boli’p yesaplanadi’.

«Syujet (frantsuz tilinen – predmet, mazmun) ko’rkem shi’g’armada su’wretlen dep ha’rekettin’ mazmuni’n sa’wlelendiriwshi turmi’sli’q waqi’yalar

ji’ynag’i’, ken’ ma’nide konkret waqi’yalar diziminde payda bolg’an pikir tuyg’i’lar ag’i’si’».[1]

Ha’r qanday ko’rkem shi’g’armani’n’ soni’n’ ishinde lirikali’q qosi’qti’n’ syujeti wo’zine ta’n yesaplanadi’. Lirikali’q syujet, lirikali’q qaharmanni’n’ ku’sheyttirilgen keskinlestirilgen halati’n sa’wlelendiredi. Lirikali’q qosi’qta belgili poetikali’q pikir ha’m tuyg’i’lar ag’i’m lirikali’q ko’rinis sa’wlelenedi, usi’ lirikali’q keshirmeler qosi’qti’n’ wo’zine ta’n syujetin payda yetedi. X.Turi’mbetov do’retiwshiliginde sonday qosi’qlar da bar, wolarda pikir-tuyg’i’lar ag’i’mi’ ko’zge ayqi’n taslani’p turadi’, wolarda waqi’ya-sharayat jarati’ladi’, lirikali’q qaharmannan ti’sqari’ personajlarda qatnasadi’. Bunday qosi’qlar a’debiyat tani’w iliminde «Waqi’yali’ qosi’qlar» yaki «Syujetli qosi’qlar» dep te ataladi’. Lirikada syujet, lirikali’q qaharmanni’n’ sezim-tuyg’i’lari’na tu’rtki bolg’an waqi’ya-ha’diyseler tiykari’nda ju’zege keledi. X.Turi’mbetovti’n’ syujetli qosi’qlari’n mazmunli’q ta’repinen u’yreniw bari’si’nda wonda lirikani’n’ tiykarg’i’ tiplerine intim publitsistikali’q ha’m peyzaj lirikasi’na ta’n a’jayi’p shi’g’armalari’n do’retiwshiligin baqlaymi’z. Shayi’rdi’n’ lirik qaharmani’ a’tiraptag’i’ ja’miyetlik ha’m ta’biyiy qubi’li’slarg’a biypari’q qaramaydi’, wog’an wo’zinshe qatnas jasaydi’. Bizdi qorshag’an shi’nli’qtag’i’ ha’r qanday qubi’li’slar, ha’diyseler shayi’r sezimlerine ta’sir jasaydi’ ha’m usi’ tiykarda lirikali’q mazmung’a aylandi’radi’. X.Turi’mbetov a’sirese intilelik lirika tarawi’nda ko’plegen syujetli qosi’qlar do’retti. Woni’n’ intim lirikasi’nda «Shi’rpi’» qosi’g’i’ ayri’qsha a’hmiyetke iye yesaplanadi’. Qosi’qta lirikali’q qaharmanni’n’ syujetlilik sezimleri ha’m wog’an tiykar bolg’an ha’diyseler sheber sa’wlelengen. Bul qosi’q tuwrali’ a’debiyatshi’ S.Axmetov bi’lay jazg’an yedi. «Shi’rpi’» qosi’g’i’nda wo’zinshe bir ji’lli’li’q bar. Ju’rekti baylani’sti’ri’wshi’ bir ba’ne bar»[1] .

---

[1] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент «Ўзбекистон» 2002 108-бет
[1] Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис. «Қарақалпақстан» 1988-ж. 279-бет.

Jumi’s islep ati’rg’an shayi’r tillesi keledi, biraq woni’n’ shi’rpi’si’ni’n’ tek quti’si’ g’ana qali’pti’. Du’kan uzaq, wol qon’si’lardan sorawg’a ma’jbu’r boladi’.

Si’rtqi’ u’yden uyalshaqlaw sari’ qi’z,
Tani’madi’ tan’landi’ da qaradi’,
Sezdim: ko’zlerinde barg’oy-dep juldi’z.
-İzledin’iz kimdi? – dedi soradi’.
- Mag’an, - dedim ku’ta’ g’ana jay so’zlep.
Shi’rpi’ kerek yedi, yeger bolsa ber?[2]

Shayi’rdi’n’ bul qosi’g’i’nda lirikali’q syujetti jarati’w arqali’ muhabbat tuyg’i’si’n tarti’mli’ su’wretleydi. Hadal sezim, wopali’ yar muhabbati’n’ tilsimli izleri, lirikali’q qaharmanni’n’ keshirmeleri konkretlik penen «Shi’rpi’» detali’ ha’m jigit penen qi’zdi’n’ ushi’rasi’w waqi’yasi’ a’tirapi’na ja’mlenip berilgen. Shayi’r turmi’sli’q ha’diyseni jigit penen qi’zdi’n’ tosattan ushi’rasi’wi’ ha’m wolar arasi’ndag’i’ sezimdi qosi’qqa ji’ynaqlasti’ri’p i’qshamlap beriw ushi’n dialog usi’li’nan uti’mli’ paydalanadi’.

Shayi’r qosi’qti’n’ son’i’nda mi’naday juwmaq jasaydi’.

Yendi men bul u’yge bolsa da shi’rpi’m,
Kelgish boldi’m, ketip wo’zimnen yerik.
Nege wonday mi’naw qi’zdan ha’r bir ku’n,
Sorap turdi’m.

Turshi’ shi’rpi’n’di’ bezep?! [1]

Qosi’qta lirikali’q syujet arqali’ u’lken adamgershilik taza muhabbat, na’zik sezimler ji’rlanadi’. Qosi’qta lirikali’q syujetti i’qsham jaylasti’ri’w ushi’n lirikali’q qaharman ha’m lirikali’q personaj obrazi’ni’n’ is-ha’reketleri, wolardi’n’

---

[2]Турымбетов Х. «Шайыр жолы» Нөкис. 1954-ж. 35-бет.
[1] Турымбетов Х. «Шайыр жолы» Нөкис. 1954-ж. 35-бет.

wo’z-ara so’ylesiwleri ha’m detaldan uti’mli’ paydalang’an. X.Turi’mbetov muhabbat temasi’na bag’i’shlang’an «Birinshi muhabbat», «Gu’l tutqan» qi’z», «Xatqa juwap», «Awa yaki yaq», «Tu’sinersen’ wo’zin’-aq» ha’m tag’i’ basqa da syujetli qosi’qlari’n do’retti. Bul qosi’qlarda shayi’r lirikali’q qaharmanni’n’ su’yiwshilik sezimlerin, waqi’ya-ha’diyselerdi su’wretlew, si’rtqi’ du’nya qubi’li’slari’n tan’lap ali’w tiykari’nda lirikali’q syujetti ju’zege keltiredi. «Gu’l tutqan» qi’z» qosi’g’i’nda syujet elementleri, yag’ni’y qi’zdi’n’ qi’ymi’l-qozg’ali’si’ ha’reketlerin su’wretlew arqali’ lirikali’q mazmun jaratadi’. «Xatqa juwap», «Bir qi’z jasaydi’», «Awa yaki yaq» qosi’qlari’nda waqi’ya-ha’diyselerdi ko’rkem detal a’tirapi’na ja’mlep, ji’ynaqlasti’ri’p beriw arqali’ lirikali’q syujetti ju’zege keltiredi. Shayi’rdi’n’ intim lirikadag’i’ syujetli qosi’qlari’nan barli’g’i’na ta’n si’pat, wolar wo’zinin’ a’piwayi’li’li’g’i’, ta’biyiyligi ju’rekke ji’lli’ tiyetug’i’n, jag’i’mli’li’g’i’ menen wo’zgeshelenip turadi’. Shayi’r syujetli intim qosi’qlari’nda turmi’sli’q ha’diyseler, ko’rinisler, su’wretlew arqali’: «Men seni su’yemen, ku’ydim-su’ydim» si’yaqli’ qurg’aq shawqi’mli’ qi’shqi’ri’qtan go’re ko’p payda keltiredi. Woni’n’ usi’nday qosi’qlari’nda tap wo’mirdegidey quwani’sh penen sag’i’ni’sh sezimleri biri-biri menen qari’si’p ta’biyiy tu’rde isenimli su’wretlenedi. Bunday qosi’qlardi’n’ qa’dir-qi’mbati’ arti’q boli’p, turmi’s tusi’ndag’i’ a’hmiyetli joqari’lap bara beredi. X.Turi’mbetovti’n’ syujetli lirikasi’n u’yrenip qarag’ani’mi’zda, wonda tuwi’lg’an jer, Watang’a su’yiwshilik ideyasi’n sa’wlelendiriwshi qosi’qlari’ da ayri’qsha wori’n iyeleydi. Shayi’rdi’n’ «Awi’li’ma kelgende», «Ti’rnalar ushpaqta», «Bir gu’l ko’rdim», «Bolkomda», «Balali’g’i’m wo’tti uri’s waqti’nda», «Soqpaq», «Ju’rek» ha’m basqa da qosi’qlari’nda tuwi’lg’an jer, watan haqqi’nda maqtani’sh sezimlerin ji’rlaydi’. Shayi’r watan haqqi’nda ji’rlaydi’ yeken shi’n ju’rekten joqari’ adamgershilikli tu’siniksiz sezim menen su’ye biliw tuwrali’ tolg’aydi’. X.Turi’mbetovti’n’ 1955-ji’li’ jazi’lg’an «Soqpaq» dep atalg’an syujetli qosi’g’i’ di’qqatqa i’layi’qli’. Qosi’qta kishken bir soqpaqti’ lirikali’q qaharmanni’n’ wo’mir joli’ menen ha’m tuwi’lg’an jerge su’yiwshilik sezimleri menen baylani’sti’ri’p su’wretleydi.

Kishkene bir ayaq soqpaq bar,
Bizin’ u’yden shi’qqan baslani’p,
Qi’yali’mda biylep-aq ali’p,
Sol bir soqpaq ba’rhami’ tartar.
Usi’ soqpaq u’lkeyip kem-kem
Qosi’ladi’ uzi’n ken’ jolg’a,
«A’lippemdi» ko’terip qolg’a,
Mektepkede sonnan bardi’m men.[1]

Shayi’r lirikali’q qaharmanni’n’ wo’mir joli’na tiyisli ha’diyselerdi, woni’n’ mektepke barg’anli’g’i’n, uri’sqa atlang’anli’g’i’n, woqi’wg’a jol alg’anli’g’i’n uli’wma wo’mirdegi umti’li’slari’n soqpaqqa baylani’sti’ri’p beredi ha’m usi’ tiykari’nda lirikali’q syujetti rawajlandi’radi’. Syujetlik elementler ja’rdeminde shayi’r kishkene soqpaqti’ u’lken wo’mir gu’zari’na ushlasti’ri’p beredi. Bunday lirikali’q qaharmanni’n’ wo’mirine ta’n protsesslerdi evolyutsiyali’q jol menen basqi’shpa-basqi’sh rawajlandi’ri’p lirikali’q sharayatti’ ju’zege keltiredi. Qosi’qta turmi’sli’q ko’rinislerdi jan’landi’ri’p su’wretlep, woni’ wo’zinin’ wo’mir joli’na, ta’g’dirine baylani’sti’ri’p beredi.

X.Turi’mbetov watang’a su’yiwshilik temasi’ndag’i’ jazi’lg’an qosi’qlari’ni’n’ ishinde woni’n’ «Bir gu’l ko’rdim» qosi’g’i’nda pikirdi beriwge bolg’an izlenislerin baqlawg’a boladi’. Qosi’qti’ woqi’g’ani’mi’zda bizin’ ko’z aldi’mi’zda bir go’zzal ko’rinis qulpi’rg’an bir gu’ldin’ suli’wli’g’i’ yeleslenedi. Shayi’r bul gu’ldin’ ko’rinisin janlandi’ri’p tarti’mli’ yetip su’wretleydi ha’m usi’ «Gu’l» obrazi’ pu’tin bir lirikali’q syujetti payda yetedi. Sol «gu’l» obrazi’ni’n’ bir pu’tin simbolikali’q ko’riniske aylani’wi’ qosi’qti’n’ tabi’si’n belgileydi.

Ati’n bilmesemde a’jayi’p gu’ldin’,
Wog’an awdi’, doslar, aqi’li’m, an’i’m,
Biraq aqi’ri’nda men soni’ bildim,

---

[1]Турымбетов Х. Таңламалы қосықлары. Нөкис. «Қарақалпақстан» 1974-ж 59-бет.

Usi’ gu’lge uqsas wo’zbekstani’m![1]

X.Turi’mbetovti’n’ syujetli lirikasi’nda lirikali’q qaharman obrazi’ waqi’ya ha’diyselerdi ali’p ju’riwshi lirikali’q syujetti ju’zege shi’g’ari’wshi’ tiykarg’i’ tulg’a yesaplanadi’. Shayi’rdi’n’ ko’pshilik syujetli qosi’qlari’ndag’i’ bir neshe woptimistlik ruwi’xta jasawshi’ wo’mirden la’zzetlenip jasaytug’i’n du’nyag’a jaqsi’ na’zer menen qaraytug’i’n lirikali’q qaharman obrazi’ jarati’lg’an. X.Turi’mbetov wo’zinin’ lirikali’q qaharmani’ arqali’ woqi’wshi’larg’a ha’miyshe u’mitlerge qanat baylati’p jasaw kerekligin uqti’ri’p wolarg’a insandi’ alg’a jetekleytug’i’n jag’i’mli’ estetikali’q sezimlerdi qa’liplestiredi. Shayi’rdi’n’ «Balali’g’i’m wo’tti uri’s waqti’nda» qosi’g’i’ M.Seytnazarovti’n’ usi’ atamadag’i’ qosi’g’i’na arnap juwap retinde jazi’lg’an.

X.Turi’mbetov yekinshi jer ju’zlik uri’sti’n’ qatnasi’wshi’si’ ha’m sol da’wirdegi xali’q basi’nan keshirgen awi’r mu’siybetli ku’nlerdin’ gu’wasi’ boldi’. Woni’n’ do’retiwshiliginin’ wo’zine ha’m wo’zgesheligi sonnan ibarat, zamanlas shayi’rlari’ si’yaqli’ wo’mirden nali’w woni’n’ qosi’qlari’nda jat boldi’, buni’ wol wo’z qosi’qlari’ni’n’ ruwxi’na da sin’dirip bardi’. Shayi’rdi’n’ biz analizge tartpaqshi’ boli’p qosi’qti’n’ lirikali’ qaharmani’ si’nbas g’ayratqa, jawi’nger bati’rli’q si’patqa iye.

«Nege sonsha qayg’i’ yezip tasladi’,?»
«Shurt minezin’ wori’n ala basladi’?
Ko’rmedin’be sira’ isker jaslardi’?
Ma’rtlik balalardi’ uri’s waqti’nda!»

«Wo’mirge quri’lg’an wo’limnen to’ri,
Belgili g’oy uri’s xali’qti’n’ zori’,
A’ne sol wo’limnen wo’mirdi ko’rip,

[1]Турымбетов Х. Таңламалы қосықлары. Нөкис. «Қарақалпақстан» 1974-ж 67-бет.

Sawashti' gu'jittim uri's waqti'nda».[1]

Lirikali'q qaharman ushi'n adam basi'na tu'sken yen' u'lken zuli'mli'q yekenligin, woni'n' qaysi'si'ni'n' adamg'a qanshelli awi'r azap beretug'i'ni'n lirikali'q syujet ko'rinisleri arqali' jetkerip beredi. Shayi'rdi'n' lirikali'q qaharmani' uri's qi'yi'nshi'li'qlari'nan wo'zinin' qaharmanli'q ruwxi'n u'stin qoyadi'. Shayi'r insanni'n' quramali' ta'replerinin' biri, woni'n' shayi'rli'q, toymasli'q qa'siyetlerin su'wretlew arqali' ko'terin'ki saltanatli' ruwi'xta paraxatshi'li'qti', watandi' su'yiwshilik qa'siyetlerin lirikali'q qaharman obrazi'na ja'mlep bere alg'an. Balali'qti'n' qi'zi'qli' gezleri ulli' watandarli'q uri'sqa baylani'sli' qi'yi'n waqi'tlarg'a tuwra kelgenligin turmi's shi'nli'g'i'na ta'n tarti'mli' waqi'yalardi' sol da'wir haqi'yqatli'g'i'n su'wretlew arqali' ta'sirli jetkizip beriledi. Baxi'tli' balali'qtan ayi'rg'an bul qi'si'mni'n' da'wir waqi'yalari'n bizin' ko'z aldi'mi'zg'a film kartinalari' si'yaqli' yelesletedi. Balali'q waqti' qi'yi'nshi'li'qta wo'tken adamlar buni' ta'sirleniwsiz woqi'y almaydi'. Shayi'r su'wretlegen waqi'tti'n' balalari' za'ru'rlikten mezgilsiz yer jetti, kersinshe mashqalalari'n yegedeler menen ten' quri'p bastan keshirdi.

Lirikada insanni'n' ishki du'nyasi' keypiyati', xarakteri, wol jasap turg'an turmi's sharayatlari' tiykari'nda ju'zege keledi. Lirikani'n' tiykarg'i' qaharmani' lirikali'q qaharman boli'p yesaplanadi'. Waqi'ya, ha'diyse, qubi'li'slardi' lirikali'q qaharman keshirmeleri arqali' su'wretlendiriw lirikani'n' basli' si'patli' belgisi yesaplanadi'. Tiykari'nan waqi'yalarg'a quri'lg'an qosi'qlarda bolsa, lirikali'q su'wretke tikkley qatnasli' bolg'an qosi'msha qaharmanlar obrazi' da ko'zge taslanadi'. A'debiyattani'w iliminde bunday obrazlardi' «obektiv obrazlar» yaki «lirikali'q personajlar obrazi'» dep ataladi'.

Lirikali'q shi'g'arma ko'lemi jag'i'nan kishkene boli'wi'na qaramastan turmi'sti' ko'rkem sa'wlelendiredi. Bunda konkret individual keshirmeler ha'm

---

[1] Турымбетов Х. Таңламалы қосықлары. Нөкис. «Қарақалпақстан» 1974. 181-бет.

ha’reketler (qi’sqa ko’rinistegi qi’ymi’l qozg’ali’s, yaki so’ylesiw) arqali’ i’qshamlasti’ri’p jaylasti’radi’. Lirikali’q ko’rkem mazmundi’ ju’zege shi’g’ari’wda ja’rdemshi qural bolg’an lirikali’q personajlar obrazi’ da ayri’qsha personajlar xi’zmet atqaradi’ A’debiyatshi’ G.Boboev syujetli qosi’qlarda qaharman obrazi’ni’n’ a’hmiyetli tuwrali’ mi’naday pikirler bildirgen yedi:

«Sonday qosi’qlar boladi’, wolarda pikir tuyg’i’lar ag’i’mi’ ayqi’n ko’zge taslani’p turadi’, wolarda waqi’ya, sharayat jarati’ladi’, lirikali’q qaharmannan ti’sqari’ personajlar da qatnasadi’».[1]

X.Turi’mbetovti’n’ syujetli qaharmanlari’nda ana obrazi’ ayri’qshali’qqa iye. «Jawi’ngerdin’ anasi’», «Awi’li’ma kelgende», «Kempir ha’m aqli’q», «Vayonkomda» qosi’qlari’nda lirikali’q personaj si’pati’nda turmi’s qi’yi’nshi’li’qlari’n ko’p ko’rgen, miyriman ha’m ken’ peyil ana obrazi’ do’retilgen. «Jawi’ngerdin’ anasi’» qosi’g’i’nda jalg’i’z perzentinin’ uri’sta qazalang’an anani’n’ ma’rtlik tulg’asi’ sa’wlelenedi. Al «Voenkomda» qosi’g’i’nda lirikali’q syujet bir qansha quramalasqan. Bunda paraxat da’wirde ana ha’m bala voenkomni’n’ aldi’nda turadi’. Ulli’ yel qorg’aw wazi’ypasi’n wori’nlawg’a atlani’p barati’rg’an ana ha’m woni’n’ balasi’ arasi’nda dialog tiykari’nda waqi’yalar ko’rinisi ju’zege kelgen. Ana usi’ jerde sawashqa atlang’an yerin yeske ali’p qapalanadi’, uli’ni’n’ ketiwine nari’yza. Sonda uli’ anasi’na yeldi qorg’aw sha’rt, perzenttin’ wazi’ypasi’ yekenligin uqti’radi’.

Bunnan keyin uli’na,
Tigilip ko’z saldi’ wol,
-Qalg’aysan’? – dep buri’la,
Suwi’q demin aldi’ wol.

Wo’zin’-aq ko’r woylani’p,
Nege apa qalaman?

---

[1] Бобоев Г. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, Ўзбекистан 2002. 108-бет.

Ti’ni’shli’qti’n’ bayrag’i’n,
Qorg’aw ushi’n baraman.[1]

Qosi’qta yeki lirikali’q personajdi’n’ qarama-qarsi’ tu’siniklerin woy-pikirlerin, kontrastqa qoyi’w arqali’ syujet elementleri qatnasti’ri’lg’an. Shayi’r, ko’binese, uri’s ha’m paraxatshi’li’q, qaharmanli’q, yeldi qorg’aw ideologiyalari’n sa’wlelendiriwge lirikali’q personaj si’pati’nda ana obrazi’n jaratatug’i’ni’n baqladi’.

X.Turi’mbetovti’n’ waqi’yali’ qosi’qlari’nda a’sirese, muhabbat temasi’ndag’i’ qosi’qlari’nda lirikali’q personaj bolg’an qi’z obrazi’ ayri’qshali’qqa iye. «An’lamadi’n’ba?», «Sezbey ju’rmen woyi’n’di’», «Qi’zdi’n’ si’yli’g’i’», «Aq gu’l», «Nege uyalasan’», «Shi’rpi’», «Gu’lsiz ku’ttim», «So’zin’ yemes», «Jani’m wo’zin’» ha’m basqa ko’plegen qosi’qlari’nda lirikali’q qaharmanni’n’ pa’k su’yiwshilik sezimlerin beriwde lirikali’q personaj qi’z obrazi’ da a’hmiyetli wori’n tutadi’. Shayi’rdi’n’ syujetli qaharmanlari’ndag’i’ lirikali’q personaj qi’z obrazi’na ta’n si’pat lirikali’q qaharmanni’n’ ruwxi’y du’nyasi’ qubi’li’slari’n beriwde tikkeley qatnasli’, wolar arasi’ndag’i’ pa’k tuyg’i’ni’ ashi’p beriwshi ha’diyselerdi lirikali’q qaharman menen ten’dey ali’p ju’redi.

X.Turi’mbetovti’n’ intim lirikasi’ndag’i’ ko’pshilik qosi’qlari’nda iybeli, pa’k, beglik inabati’n joqari’ tutatug’i’n, muhabbatti’ qa’dirleytug’i’n qi’z obrazi’ ju’zege kelgen.

Gu’z pasi’li’nda alma bag’i’nda,
Ushi’ratti’m tossattan seni,
Nege sonsha i’shqi’ dag’i’nda,
Reyimsiz wo’rtedin’ meni?
Duri’s!

[1] ХТурымбетов Х. «Жəне бəҳəр келеди». Нөкис. «Қарақалпақстан» 1970-ж. 26-бет.

Bag'di' bezegen gu'ldey,
Ji'lwan' menen jani'n'a tartti'n',
Usi'layma a'dettin' birdey,
Men ta'repke bir alma atti'n'?![1]

Qosi'qta lirikali'q qaharman su'yiklisine qanshelli talpi'nsa da, wol wo'zin an'lamag'an si'yaqli' biypa'rwa tutadi'. Shayi'r wo'zinin' lirikali' personajli' obrazi'nda qaraqalpaq qi'zlari'na ta'n milliy psixologiyali'q si'patlardi' sheber yengizedi. Ko'rkem shi'g'arma qaharmanlarsi'z jasay almaydi'. Qaharmansi'z shi'g'arma ko'rkem boli'wi' da mu'mkin yemes. Wo'mirdin' wo'zi jaqsi'li'q ha'm jamanli'q arasi'ndag'i' gu'reslerden turadi'. Usi' gu'res lirikada qaharmanlardi'n' ishlerinde, woylari'nda, sezim-tuyg'i'lari'nda wo'z sa'wleleniwine iye boladi'.

X.Turi'mbetov lirikasi'nda, woni'n' ustaz shayi'rlari' bolg'an Abaz ha'm Sadi'q shayi'rlar obrazi' da wo'zine ta'n ko'riniske iye bolg'an. «Keldi», «Da'slepki ushi'rasi'w» qosi'qlari'nda Abaz shayi'r borazi', Sadi'q ag'asi' qasi'nda Sadi'q obrazi' do'retilgen. Bulardi'n' ishinde «Da'slepki ushi'rasi'w» qosi'g'i' lirikali'q syujettin' konkretligi menen di'qqatqa i'layi'qli'. Bunda shayi'rdi'n' balali'q da'wirindegi Abaz shayi'r menen da'slepki ushi'rasi'w waqi'yasi' jas balani'n' qa'lbinde poeziyag'a bolg'an qumarshi'li'qti'n' woyani'wi', Abbazdi'n' xali'q aldi'nda wo'z talanti'n ko'rsetiw ha'diyselerin su'wretlengen. X.Turi'mbetovti'n' «Jumi'stan keyin» qosi'g'i'nda a'piwayi' miynet adami'ni'n' ku'ndelikli turmi's sharayati'n, aqli'qlari' wolar ku'tip alg'an sharayati'n bahi'tli' g'arri'ni'n' kelbetin su'wretleydi. Qosi'qta Zori'm ata kempiri ha'm aqli'qlari' obrazi'nda miynet ushi'n haqi'yqi'y baxi'tti'n' mazmuni' ashi'p beriledi.

Shapani'n da sheshiwge wog'an,
Hesh bir qanday bermedi mursa,
Bi'razlari' aldi'nda tursa,
Biraq aytti': - Qoldi' ber mag'an.

---

[1] Сонда 30-бет

Jabi’rlasi’p g’arri’ni’ da’rha’l,
Woti’rg’i’zi’p qoli’nan tarti’p,
G’arri’ni’n’ da shadli’g’i’ da arti’p,
Aqli’qlari’n su’ydi sol ma’ha’l.[1]

Qosi’qta lirikali’q personajlar arqali’ qarapayi’m miynet adami’ obrazi’, woni’n’ turmi’s tirishiligi bmr keshtegi waqi’yalar arqali’ ashi’p beriledi.

T. Bondarenko a’debiy janrlar haqqi’ndag’i’ jumi’si’nda lirikali’q janrlardi’ tematikali’q forma wo’zgesheligi boyi’nsha janrlarg’a bo’ledi. Rus a’debiyati’nda qollani’li’p ju’rgen lirikali’q janrlardi’ suggestivlik lirika, joqari’ (vi’sokaya) lirika, (oda, elegiya), kishi janrlar (melkie janri’) epigramma (nadpis, madrigal), fabulali’ lirika dep bo’ledi.

Wonsha u’lken yemes ko’lemdegi fabulali’ temadag’i’, yag’ni’y ishinde waqi’yalar dizbegi haqqi’nda gurrin’ bolatug’i’n sebep – waqi’tli’q maqsetke baylani’sli’ ha’m yen’ aqi’ri’nda sheshim beriletug’i’n qosi’q taza (sap) lirikadan aji’raladi’»[1], -dep jazadi’ wol.

«Fabula qosi’qlar uli’wma at penen «ballada» dep ju’ritiledi. Balladadan syujetli poeziyani’n’ basqa bir turi ti’msal aji’rali’p shi’qqan»,[2]- dep yesaplaydi’. Qosi’qti’n’ bul formasi’ VIII a’sirde yevropada Lafonten do’retiwshiliginde qollang’anli’g’i’n aytadi’. T. Bonderenko .

Ballada (frantsuzsha ballade)- ayaq woyi’n qosi’g’i’, 1) 14-15 a’sirlerdegi frantsuz poeziyasi’ndag’i’ forma, 1)3strofasi’ birdey rifmali’ (a v a v v s v s -8 quramali’ qosi’q ushi’n ) a v a v v s s d c d -10 quramali’ qosi’q ushi’n refren menen qanday da bir adreske mu’rajat yetiw. 2) anglo-shotlandiya xali’q poeziyasi’ndag’i’ 14-16 a’sirlerdegi lero–epikali’q janr. Tariyxi’y temadag’i’

---

[1]Турымбетов Х. «Таңламалы қосықлар». Нөкис «Қарақалпақстан» 1974. 41-бет
[1] Бондаренко Тимофей Источник:http://webpoet .narod /ru/workshop/workshop11/fhtm/ @ Copyright/ Правда Горькая., 2004

[2] Сонда

yerteklik ha’m turmi’sli’q xali’q ushi’n gures haqqi’nda, milliy a’psanawiy xali’q qaharmani’ Robin Gud haqqi’ndag’i’ a’dette tragizimler menen, jumbaqli’, …..dramali’q dialoglar menen jazi’latug’i’n shi’g’arma… ha’zirgi waqi’tta ballada formasi’na mi’sal si’pati’nda 1941-1945 ji’llardag’i’ Ulli’ atandarli’q uri’s qaharmanlari’ haqqi’ndag’i’ qosi’qlardi’ kirgizemiz. (N.S. Tixanov ,K.M. Simonov)[3]

Bugingi a’debiyat ilimindegi janrlar ko’z –qaraslari’nan syujetli lirikani’n’ balladadan ayi’rmashi’li’g’i’ sonda, syujetli lirikalar qa’legen temada, qa’legen formada jazi’la beredi, ballada janri’ si’yaqli’ woy-pikir qanday da bir adreske qarati’lg’an bolmaydi’. Sonday-aq syujetli lirikalar qi’sqa ko’lemli de bola beredi. Balladalarda syujetli lirikalarg’a qarag’anda epikali’q qa’siyet basi’m boladi’. Balladalardag’i’ qanday da bir waqi’ya bari’nsha suwretlenedi. Syujetli lirikalarda sol waqi’yani’n’ lirikali’q qaharman ishki sezimlerine ta’sir yetiwshi momenti g’ana suwretlenedi.

X.Turi’mbetov poeziyasi’nda balladani’n’ bugingi janrli’q wo’zgesheligi boyi’nsha u’lgisin ushratpaymi’z.

Ti’msal–aqi’l beriw, u’git-na’siyat mazuni’na iye boladi’. Ti’msal ko’binese allegoriyali’q (astarlap ayti’w) usi’li’n ko’birek qollanadi’. Qaraqalpaqsha atama ti’msaldi’n’ wo’zi “ti’msallap ayti’w”, yag’ni’y, «astarlap ayti’w» degen ma’nisten kelip shi’qqan. Ti’msal ha’r qi’yli’ boli’wi’ mu’mkin. Ti’msal-ertek, ti’msal-a’n’gime, ti’msal-qosi’q ha’tteki ti’msal-povest, yamasa ti’msal—drama h,t,b. Ti’msalg’a haywanlar, quslar, wo’simlikler personaj si’pati’nda kirgiziledi.»[1]

Ti’msallar X.Turi’mbetov poeziyasi’nda da ushi’rasadi’. Woni’n’ ti’msallari’ ti’msal-qosi’klar tiykari’nda jazi’lg’ani’ menen wonda syujet bar, waqi’ya qatnasadi’. Sonli’qtan, ti’msallardi’ syujetli lirikalardi’n’ qurami’nda

---

[3] Литературный энсиклоперичиский словарь М. Сов.энц.1987 стр. 142

[1]. Ахметов С., .Есенов .Ж., Жәримбетов Қ.., Әдебияттаныў атамаларының ўорысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги, «Билим »баспасы 1994,25-26 бетлерде

qarap wo’temiz. Woy-pikirdi ti’msallap, allegoriyali’q usi’lda jetkerip beriw X.Turi’mbetov poesiyasi’ni’n’ tiykarg’i’ wo’zgesheliklerinin’ birinen yesaplanadi’. “Qa’lip ha’m gerbishler” ti’msali’nda jo’nsiz maqtanshaqli’qti’ qaralaydi’. Birewlerdin’ miynetinin’ arqasi’nda jaqsi’ atqa iye boli’p ati’rg’an adamlardi’n’ hasli’nda kim yekenligin obrazli’ sa’wlelendiredi. Wo’mirde kimdur gerbish, kimdur qa’lip. Ha’r birinin’ wo’z atqaratug’i’n wazi’ypasi’ bar.

Gerbishler taqtalar: Aspanda aymi’z,
Birge qayi’l bolar jayi’n wo’rgenler.
Bu’gin gerbish bolsaq, al yerten’ jaymi’z,
Bag’-baqshag’a toli’ biz ju’rgen jerler.

Duri’s,-dedi Qa’lip,-duri’s aytasi’z,
Tasti’ da kesedi duri’sli’q so’zi.
Biraq, qoyi’p maqtani’wdi’ paydasi’z.
Ayti’n’, sizdi gerbish yetken kim wo’zi ?[1]

«Haram putaq» temasi’nda ja’miyetke de, wo’zine de, jaqi’nlari’na da paydasi’ tiymeytug’i’n unamsi’z xarakterge iye adamlar obrazi’n su’wretleydi wolarda ja’miyette wo’z worni’na iye pozitiv pikirdegi adamlar menen wo’zlerin sol si’yaqli’ tuti’p juredi. Solar dem alg’an hawadan dem aladi’, solar kiygen kiyimlerdi kiyedi, jegen azi’g’i’n birge jiydi. Biraq, wol ba’ribir teris «energiyag’a» iye.

Jasi’l do’ngen menen almani’n’ ba’ri,
Barli’g’i’ jan’a miywa bere bermeydi,
Wonda da bolar haram putaq,
Sersiz bag’man bul putaqti’ ko’rmeydi
Sonda da qali’spay miywa shaqadan,
Hawa ha’mde jerden azi’qlanadi’,

---

[1] Турымбетов Х. Талўас Нөкис, ҚҚМБ, 1962, 71 б
[2] Турымбетов Х. Талўас Нөкис, ҚҚМБ, 1962, 85б

Jasardi’ kunen kunge jan’adan,
Wol da «alma » boli’p ataq aladi’.[2]

Shayi’rdi’n’ «Shabdal ha’m torang’i’l »almasi’nda bir bag’da wo’sken shabdal menen torang’i’ldi’n’ halati’ su’wretlenedi. Shabdal kem–kem miywe berip to’mengi qarap wo’se baslasa , toran’g’i’l ba’lentke ko’terilip wo’sip, shabdalg’a saya tusirip wo’sirmeydi. Aqi’ri’nda bag’man woni’ shawi’p taslaydi’. S. Axmetov wo’z waqti’nda bul ti’msalg’a wo’z si’n pikirin bildiredi: «Birinshiden, buni’n’ ti’msal yekenligine qaramastan, soni’ ayti’w kerek bag’da torang’i’l wo’speydi, torang’i’l wo’sse wol bag’ boli’p atalmaydi’, shabdal menen torang’i’llardi’ qatar wo’sirip ju’rgen adam bag’man yemes!

Avtor «torang’i’l yen’keymeydi, shabdal ji’lda miywelep basi’n to’men iye beredi» degen juwmaq shi’g’aradi’ . Jarati’li’si’nda torang’i’l solay wo’siwi tiyis. Al torang’i’lg’a sen shabdalday to’men salbi’rap wo’spedin’, miywe bermedin’ dewden qanday logikali’q ma’ni bar!![1]

Si’nshi’ni’n’ torang’i’ldi’n’ ta’biyati’ haqqi’nda aytqan pikirleri wori’nli’. Lekin, kritikani’ bulay qoyg’ani’ biraz naduri’s. Sebebi, bag’larda torang’i’l wo’siwi mumkin .

Bul ti’msalda shayi’r torang’i’l ha’m shabdaldi’n’ ta’biyatan su’wretlew arqali’ neni uqti’rmaqshi’, soni’ ani’qlaw kerek. Avtor bul ti’msali’ arqali’ wo’mirde ushrasatug’i’n ha’r turli taypadag’i’ adamlardi’n’ minezindegi wo’zgesheliklerdi aytpaqshi’ . Kimdur kishipeyil, kimdur menmen. Wolardi’n’ ha’r biri wo’z wortali’g’i’nda jaqsi’ jasay beriwi mumkin. Biraq wo’zine say yemes wortali’qta jasawg’a ma’jbur bolg’an (torang’i’ldi’n’ bag’da wo’siwi) adam wo’zine qolayli’ yemes wortali’qta wo’sip wo’nip kete almaydi’. Adamni’n’ ta’biyati’na ta’n bul wo’zgeshelik woni’n’ keleshegine u’lken ta’sirin tiygizedi. Al, ti’msalda bag’dan ti’sqari’da wo’setug’i’n torang’i’lda wo’zine say yemes

---

1 Ахмедов С. Талантқа талап Н.: «Қарақалпақстан» 1986, 120 б

wortali'qta tusip qaladi'. Bul uylesimsizlik aqi'betinde wol kesip taslanadi'. Yeger bir- birine zi'yani'n tiygizbese wolar birge wo'se berse de bolatug'i'n yedi.

Uli'wma si'nshi'lardi'n' usi' si'yaqli' X.Turi'mbetov do'retiwshiligin bir ta'repleme talqi'lawi', woni'n' poeziyasi'ndag'i' tek unamsi'z si'patlari'n ashi'p ko'rsetiw qubi'li'si' shayi'r poeziyasi'ni'n' quni'ni'n' toli'q darejede bahalani'wi'na kesent jasap kelmekte. Bul si'yaqli' unamsi'z pikirler S.Axmetov , T. Ma'mbetniyazovlardi'n' bir neshe a'debiy, si'n maqalalari'nda so'z yetilgen. Wolardi'n' ayri'm pikirlerine: «shayi'r so'zlerdi wori'nli' wori'nsi'z ko'p isletedi», «qaytalawlar ko'p», «jaydari' mazmunda bayanlaydi'» degen pikirlerine qosi'li'wg'a boladi' . Biraq, ayi'ri'm wori'nlarda woni'n' shi'g'armalari' tuwri' bahalanbay, geyde shayi'rdi'n' wo'z adresine (do'retpesine yemes ) ayti'lg'an unamsi'z pikirlerdi de ushi'ratami'z. «Yeger wol(kritik) belgili bir a'debiy ha'diysenin' qa'dir –qi'mbati'n, ishine jasi'ri'ng'an go'zzali'q a'hmiyetin wo'lshep beriw menen sheklense, nuqsanlari'n, a'zzi ta'replerin woni'n' ko'rinip turg'an kemshilikleri u'stinde tiykarli' pikir jurgizbes yeken, bunday si'nshi'ni'n' jazg'anlari' ko'rkem do'retiwshilik rawajlani'wi'na xi'zmet yetiwi, sezilerli payda keltiriwi ju'da' mu'shkil boladi'. Sog'an qaray derlik barli'q si'nshi'llar qanday yetip boldsa da ko'rkem shi'g'armalardan kemshilik tabi'wg'a ha'm imkani' bari'nsha do'retiwshilerdi «shag'i'p ali'wg'a » uri'ng'an.[1]

Usi'nday maqset penen jazi'lg'an si'n maqalalar da yeki tu'rli bag'dar bergenligi ko'zge taslanadi' . Birinshi topardag'i'lar poeziyadag'i' tu'ssizlik, turmi's haqi'yqati' aldi'ndag'i' qorqi'w, insani'y tuyg'i'lar u'stirtinligi, sxematizm si'yaqli' jo'nelislerge(su'wretlewge) qarap gu'resiwdi maqset yetip koyg'an bolsa, yekinshi topardag'i'larda «tisli-ti'rnaqli'», «shag'i'p ali'wshi'» maqalalarda si'n iynesi ko'zge taslanadi', sol «nayza», «tisti'rnaq», «shag'i'p ali'w» asti'ndag'i' bekkem bilim, ha'r tu'rleme tiykarlang'an logika ko'zge

---

[1] Санжар Содиқ. Ижоднинг ўттизлахзаси. Т: «Шарқ». ИМАК бош таҳририяти, 2005, 284-бет

ko'rinbeydi. A'debiy si'ni'mi'z tariyxi'nda jawi'nger, won'i' –solg'a qaramastan sabalap taslayberetug'i'n kritikler ko'p bolg'an».[2]

Bizin' maqsetimiz, X.Turi'mbetovti'n' a'debiy si'ndag'i' alg'an bahasi'ni'n' duri's-naduri'sli'g'i'n ani'qlaw yemes, al woni'n' ko'rkem so'z ha'm ko'rkem forma poetikasi'n qanshelli da'rejede men'gergenligin ani'qlawdan ibarat.

X.Turi'mbetov ko'birek, qi'sqa miniatyurali'q syujetli lirikalar jazi'wdi'n' sheberi. Sonli'qtan woni'n' stilin ani'qlawda shayi'rdi'n' lirikali'q qosi'qlari' basli' wori'ndi' iyeleydi. Qaraqalpaq poeziyasi'nda yen' jaqsi' syujetli lirikalar X.Turi'mbetovqa ta'n. Wol epikali'q xarakterdegi qosi'qlari'nda wo'zin haqi'yqi'y shayi'rday sezedi, «Yerkin ju'zedi». Soni'n' ushi'n bolsa kerek shayi'rdi'n' poemalari' da tili ko'rkem poetikali'q elementlerge bay, ku'shli lirizmge suwg'ari'lg'an.

X.Turi'mbetovti'n' «Yeki dos» (1957), «U'sh ju'rek» (1961), «Ma'n'gige tiri» (1960), «Jawi'ngerdin' jesiri» (1966-1967), «May gu'lleri» (1966) poemalari'. Shayi'rdi'n' «Ma'n'gige tiri», «Jawi'ngerdin' jesiri», «May gu'lleri» poemalari' lirikali'q poemalar. «Yeki dos», «U'sh ju'rek» poemalari' liro-epikali'q poemalar. Woni'n' «Yeki dos», «Ma'n'gige tiri», «Jawi'ngerdin' jesiri», «May gu'lleri» poemalari' toli'q ta'rizde bolmasa da, wo'z waqti'nda izzertlewge tarti'ldi', si'n pikirler bildirildi[1].

Shayi'rdi'n' poemalari' woni'n' do'retiwshilik joli'ni'n' wo'siwine, jasi'na baylani'sli' wo'zgerip barg'anli'g'i'n bayqawg'a boladi'. Da'slepki poemalari'nda syujet duri's jetkerilmegen, ideya bosan' bolg'an bolsa, keyingi da'wirde do'retilgen poemalari' ko'rkemligi jag'i'nan ha'r ta'repleme ta'sirshen'likke iye boli'p yesaplanadi'.

---

[2] А Расулов. Бадиийлик-безавол янгилик. Илимий-адабий мақолалар, талқинлар, этюдлар.-Т. «Шарқ» 2007., 313-б

[1] Ахметов С. Талантқа талап, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986., Қарақалпақ совет поэзиясы., Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988., Камалов Н. Шайырдың табыслы жолы.// «Әмиўдәрья», 1960., №7, 121-127.

X.Turi’mbetovti’n’ «Yeki dos» poemasi’ wo’z waqti’nda a’debiyat si’nshi’llari’ ta’repinen jaqsi’ bahasi’n alg’an poemalardi’n’ biri. Poemani’n’ arti’qmashi’li’q jeri sonda, wonda waqi’yalar jelisi qaharmanni’n’ psixologiyali’q halati’, ruwxiyati’ndag’i’ qarama-qarsi’li’qlar arqali’, yag’ni’y, ishki konflikt arqali’ sheber beriledi. Uli’wma poemani’n’ syujetlik waqi’yalar quri’li’si’nda qaharmanni’n’ ishki keshirmeleri qi’zg’ani’sh, gu’manlani’w, tu’sinbewshilik, quwani’sh sezimleri kompozitsiyani’ sho’lkemlestiriwde tiykarg’i’ xi’zmet atqaradi’.

Poema «Yeki dos» dep atalg’ani’ menen qaharman Nurbaydi’n’ xarakterin ashi’wg’a avtor ko’p di’qqat qaratadi’. Nurbay traktoristlik kursti’ pitkerip, wo’z aldi’na traktor ali’w ushi’n ha’reket yetedi. Dosti’si’ Nikolay bul jolda wog’an ja’rdem beredi ha’m jol ko’rsetedi. Tanya Nurbaydi’n’ su’ygen qi’zi’, awi’lli’q punktte isleydi. Syujetlik izbe-izlik Nurbaydi’n’ traktoristlik kursti’ pitkergenine arnalg’an toy, toyg’a Tanyani’n’ kelmey qali’wi’, qi’sqa lirikali’q sheginis jasap qaharmanni’n’ Nikolaydi’ tani’sti’ri’wi’, keyin Nikolay yekewi aldag’i’ rejeler tuwrali’ so’ylesiwi, ja’ne qaharman wo’zi menen wo’zi qali’p Tanya tuwrali’ woylap, lirikali’q sheginis jasap woni’ tani’sti’ri’wi’, Tanyani’n’ izlep u’stine bari’wi’, barg’ansha wog’an aytatug’i’n so’zlerin woylap keliwi, atasi’ni’n’ woni’n’ xi’zmetin qaytpag’ani’n ayti’wi’, sonnan baslap woni’n’ ishki qarsi’li’g’i’ u’dep, Tanya menen Nikolaydi’ bir-birin jaqsi’ ko’retug’i’nli’qta, satqi’nli’qta ayi’plawi’, tan’g’a jaqi’n uyqi’lap ketiwi, tu’s ko’riwi, tu’sinde Nikolay menen Tanyani’n’ woni’n’ bag’i’nda ushi’rasi’p turg’ani’n, wolardi’n’ Nurbaydi’ «bul jerden ket» dewi, wog’an ashi’wlang’an qaharmanni’n’ ashi’w u’stinde to’belesejaq boli’p, baqi’ri’p ati’rg’ani’nda woyani’p ketiwi, keyin Tanyag’a wo’kpelep wog’an xabarlaspawi’, sol arada bag’qa bari’wi’, wog’an ko’ringen su’wretler, a’tko’nshek, adamlar, salmadag’i’ suw, hawi’z boyi’nda qayi’qtag’i’lar, asxanadag’i’ wofitsiantkani’n’ woni’n’ jalg’i’z ju’rgenine tan’lang’anday seziliwleri, yari’m aydan keyin Tanyadan xat keliwi, wonda awi’rg’an paxtakeshti yemlewxanag’a ali’p barg’ani’n xabar almag’ani’na wo’kpelegenin ayti’wi’, qaharmanni’n’ woni’n’ xati’na isenbewi, Nikolaydi’ ma’seleni ani’qlaw ushi’n

u’yine shaqi’ri’wi’, biraq woni’n’ traktor beriletug’i’ni’ haqqi’nda ayti’p ketiwi, Nurbayg’a traktor beriliwi, wog’an Nikolaydi’n’ jasag’an mu’layim qatnasi’ni’n’ unamawi’, Nikolaydi’n’ Tanyani’n’ Nurbaydi’ su’yetug’i’ni’n ayti’wi’, Nurbaydi’n’ wo’z gu’mani’nan uyali’p qali’wi’ menen tamamlanadi’. Ha’r bir syujetlik waqi’yalar dizbegin baylani’sti’ri’wda, kompozitsiyali’q quri’li’mni’n’ tarti’mli’ shi’g’i’wi’nda shayi’rdi’n’ lirikali’q sheginis beriwi, buri’n poemalarda wonsha qollana bermeytug’i’n psixologizmnin’ beriliwi, gallyutsinatsiya- tu’s ko’riw, realli’q waqi’yalardi’n’ beriliwi, ko’z aldi’na yelesletiwler si’yaqli’ ko’rinislerdin’ bir-biri menen aralasti’ri’p qollani’wi’ shayi’r ta’repinen qaraqalpaq poemashi’li’g’i’nda ali’p kirgen jan’ali’g’i’ ha’m ko’rkem izlenisleri na’tiyjesi boli’p yesaplanadi’. Duri’s, poema ideyasi’ tarti’mli’ yemes, waqi’yalar rawajlani’wi’nda kemshilikler ko’zge taslanbaydi’. Biraq, shi’g’armadag’i’ konflikt qaharmanni’n’ ishki gu’yzelisleri arqali’ jarati’ladi’. Uli’wma poemani’n’ syujetlik liniyasi’ qaharman Nurbaydi’n’ ishki qarama-qarsi’li’g’i’, psixologiyali’q gu’resi negizine quri’lg’an.

Poema aqi’ri’nda epilog beriledi. Waqi’yani’n’ rawajlani’wi’nda, konflikttin’ keskinlesiwine Nurbaydi’n’ ishki woylari’ sebepshi boladi’. Mi’sali’, woni’n’ tu’s ko’riwi, tu’sinde Tanyani’n’ wog’an satqi’nli’q yetip Nikolaymenen ushi’rasi’wi’ won’i’nda da woni’n’ gu’manlari’n tasti’yi’qlawg’a sebep boldi’. Wol Tanyani’ su’yedi:

Jas kelbeti Tanyani’n’,
Yerte ba’ha’r bag’i’nday.
Ha’r bir ku’ni men woni’,
Ju’re almayman sag’i’nbay.[1]

Biraq, ishki gu’manlari’ wog’an degen ashi’w-kegin ku’sheytiredi:

«Yendi a’bden tu’sindim:

[1] Турымбетов Х.Еки дос, Нөкис, «Қарақалпақ Мәмлекетлик баспасы», 1957., 44-бет.

«Nikolaydi’ su’ygen» dep,
Tula boyi’m qalti’rap,
Qaynap ketti mende kek.»[2]

Avtor bir waqi’yadan yekinshi waqi’yag’a wo’terde wolardi’ bir-biri menen sheber tu’rde baylani’sti’radi’. Bul poema sol waqi’tlardag’i’ si’nshi’ ali’mlar aytqanday «miynet protsessin», «adamni’n’ wo’siw joli’n» ashi’p bermese de insandag’ bolatug’i’n keshirmelerdi, haqi’yqi’y wo’mirdegi obektivliktin’ insan qa’lbinen, ju’reginen wo’tip qalay qabi’l yetiletug’i’nli’g’i’ su’wretlengen yen’ da’slepki shi’g’armalardan yesaplanadi’. Tap usi’ si’yaqli’ shayi’rdi’n’ bunnan keyin jazi’lg’an «May gu’lleri» ha’m «Jawi’ngerdin’ jesiri» poemalari’ da adamg’a, so’zge jan’asha qatnasta jazi’lg’an poemalardi’n’ biri. Adamni’n’ ishki ruwxi’y du’nyasi’n ashi’p beriwde, tu’sindiriwde shayi’r tanlag’an bul jol woni’n’ lirikali’q poemalari’nda ayqi’n ko’zge taslanadi’.

Shayi’rdi’n’ «May gu’lleri» poemasi’nda syujetlik liniyada bastan ayag’i’na lala gu’lleri turadi’. Wol poemani’n’ bir jerinde may gu’lleribir wori’nda lala gu’lleri boli’p qollani’ladi’. Shi’g’armada lirikali’q qaharmanni’n’ uri’sqa qatnasi’wi’, uri’sti’n’ besinshi ji’li’nda Stalingradtan Berlinge shekem jetip keliwi, sol ma’ha’lde woni’n’ jaradar boli’wi’ ha’m woni’ qutqaraman dep kelgen sanitarka qi’z Larani’n’ won’ qoli’ni’n’ bombadan u’zilip tu’siwi, jan beriwi, woni’n’ du’nyadan wo’tiwi menen qatar jen’istin’ qolg’a kirgiziliwi waqi’yalari’ izbe-iz su’wretlenedi. Poema a’skeriy temada jazi’lg’an boli’p, wondag’i’ ideyalar ti’ni’shli’qti’n’ qa’dirine jetiw, insan degen ulli’ zatti’n’ bahali’li’g’i’n tu’siniw, ta’biyat ha’m wo’mirdin’ a’hmiyetin an’law si’yaqli’ ma’seleler. Wolardi’ jetkerip beriwde shayi’r simvolikali’q usi’ldan sheber paydalanadi’. A’debiyatshi’ J yesenov «XX a’sirdin’ 60-70-ji’llari’nan son’g’i’ milliy a’debiyatlardi’n’ yen’ jaqsi’ klassikali’q do’retpelerinde simvoliko-metaforali’q, ti’msal obrazlari’n jiyi isletiw, folklorli’q ha’m a’psanali’q qi’yali’y syujetlerden ken’ paydalani’w keskin

[2] Сонда, 31-бет.

tu’s aldi’. Bizin’she buni’n’ ko’p g’ana sotsial ja’miyetlik ha’m ko’rkem poetikali’q, estetikali’q za’ru’rlikleri boldi’. Yen’ birinshiden, woyi’mi’zsha talantli’ qa’lem iyeleri wo’zlerinin’ wo’tkir sotsial ja’miyetlik bati’l ideyali’q totalitar dizim ha’m kommunistlik ideologiya da’wirinde ashi’q ayta almag’anli’qtan da usi’ usi’ldi’ qollani’wg’a ma’jbu’r boldi’. Yekinshiden, astarlap, ti’msallap, simvoliko-metaforali’q obrazlar arqali’ woylaw ko’pshilik tu’rkiy xali’qlari’ni’n’ estetikali’q talg’ami’na buri’nnan ta’n qubi’li’s yedi. U’shinshiden, usi’ bag’darda qa’lem iyeleri milliy folklordi’ tvorchestvoli’q wo’zlestiriwdin’ de si’rlari’n men’gerip bardi’. To’rtinshiden, bunday syujetlik obrazlar jasaw usi’li’ woqi’wshi’lardi’ da teren’ woyli’li’qqa ta’rbiyalap, uli’wma xalqi’mi’zdi’n’ du’nya tani’mi’ menen aqi’l parasati’n, ruwxi’y du’nyasi’n ja’ne biyikke «juldi’zlar du’nyasi’na» qaray ko’teriwge bag’darladi’.»[1] Bizin’she, ali’mni’n’ simvolikali’q, metaforali’q, allegoriyali’q obrazlardi’n’ do’retiliwinin’ tiykarlari’n negizlep beriwlerin duri’s dep qabi’l yetiwge boladi’, biraq, bunday obrazlar 60-70-ji’llardan keyin payda boldi’ degen pikirge qosi’la almaymi’z. Sebebi, X.Turi’mbetov poemalari’nda, uli’wma poeziyasi’nda ti’msali’y, simvolikali’q, allegoriyali’q, simvoliko-metaforali’q su’wretlewler 50-60- ji’llarda-aq qollani’lg’an yedi. Mi’sali’, shayi’rdi’n’ «Shi’rpi’», «Aygu’l», «Qi’raw shalg’an gu’l», «Bag’» qosi’qlari’nda simvolikali’q su’wretlewler ha’r qi’yli’ detal ha’m metaforalar arqali’ berilgen bolsa, bul su’wretlewler kem-kemnen obraz da’rejesine ko’terilip, woni’n’ poemalari’nda («May gu’lleri»nde-«gu’l», «Jawi’ngerdin’ jesiri»nde «qumi’ri’, g’arg’a, kepter» h.t.b ) qollani’ladi’. Shayi’rdi’n’ yen’ kishkene lirikali’q qosi’qlari’nan baslang’an bul a’debiy-estetikali’q, poetikali’q ag’i’m woni’n’ poeziyasi’ni’n’ kem-kem quramalasi’p, qospali’ sintezlik tu’s ali’p barg’ani’n ko’rsetedi.

«May gu’lleri» poemasi’nda syujet ba’ha’r gu’li ha’m wo’sip-o’niwi menen uri’s ha’m paraxatshi’li’q arnawi’n parallel syujetli liniyada su’wretlew arqali’ jarati’ladi’. Kompozitsiyali’q birlikti ta’miynlewde lirikali’q qaharmanni’n’ ishki

---

[1] Есенов Ж. Поэзия жулдызы, Нөкис , «Билим», 2003.,50-бет

keshirmeleri, ha’r tu’rli jag’daylardag’i’ ruwxi’y halati’, awi’r tragizmnin’ beriliwi jarati’ladi’, biraq, kompozitsiyali’q birlikti du’ziwshi tiykarg’i’ ko’rkem poetikali’q element si’pati’nda «may gu’llerin» tan’lag’an. Buni’ da’lillew ushi’n to’mendegi mi’sallarg’a mu’rajat yeteyik:

Poema lirikali’q qaharmanni’n’ may gu’line ritorikali’q qaratpa negizindegi mu’rajati’nan baslanadi’. Gu’ldi su’ygen qaharmang’a ba’ha’rdin’ bir kelisi, wondag’i’ ashi’lg’an gu’l hesh yesinen ketpeydi.

Yesley qoysan’ shorshi’naman yele men,

Qalay ku’tip alg’ani’mdi’ men seni,

Birden ba’ri ko’z aldi’ma keledi,

Basqasharaq ushi’rasti’m wo’ytkeni:

Sol joli’n’a gu’lde ashi’lg’an bolar,
Biraq dos bola ma gu’l menen jali’n?
Quyash ta i’si’wi’n asi’rg’an bolar,
Biraq qut qashi’rdi’ ku’nnen ajari’n.
…Keldin’ Mayi’m, keldin’ sonday bir waqta,
Gu’l haqqi’nda woylaw degen joq yedi.
Qi’zi’l gu’lge uqsap dizilip sapqa-
Turg’anlar jali’n ha’m qi’zi’l shoq yedi.[1]

Lirikali’q qaharman uri’sti’n’ haqi’yqatli’g’i’n ani’q sa’wlelendiredi. Uri’sta gu’l haqqi’nda woylaw mu’mkinshiliginin’ joq yekenligin de aytadi’.

Shayi’r basqa shayi’rlar qi’zi’l gu’ldi jali’ng’a ten’ese, wol kerisinshe, gu’l menen jali’ndi’ qarama-qarsi’ qoyadi’. Biraq, bunda jali’n-uri’s protsessii, gu’l-ti’ni’shli’q wo’mir mazmuni’n poetikali’q an’lati’p tur. Shayi’rdi’n’ mazmundi’, woy-pikirdi beriwinde wolqi’li’q sezilmeydi, ha’r bir, ha’tteki mayda qubi’li’s, ha’reket, zat ha’m elementlerge shekem shayi’r di’qqati’nan shette qalmaydi’.

---

[1] Турымбетов Х. Және бәҳер келди. 91-бет

«Sol jali'nda gu'l de ashi'lg'an bolar,»

«Quyash ta i'si'wi'n asi'rg'an bolar» qatarlari' arqali' uri'sti'n' hawa rayi'ni'n', ta'biyatti'n' qanday yekenligine itibar qarati'wg'a mu'rshe bermeytug'i'ni'n «bolar» boli'mli' feyili arqali' sheber baylani'sti'rdi'. Uri'sti'n' haqi'yqi'y ko'rinisin, qorqi'ni'shli' azaplari'n real tu'rde su'wretlegen ha'm woni'n' adamg'a jetkizetug'i'ni'n azarlari', ta'sirlerin konkret sa'wlelendirgen shayi'r wo'zinen aldi'ng'i' shayi'rlardi'n' uri's temasi'n so'z yetetug'i'n shi'g'armalari'ndag'i'day qurg'aq bayanlaw, da'bdebepazli'q izinen yerip ketpeydi. Ha'r bir ha'reket, qubi'li's, belgini janlandi'ri'p ko'rsetedi.

Gitler to'rt ji'l buri'n tutantqan wotti'n',
Bir ushqi'ni' kelip u'stine tu'sti.
Wo'zi jandi'. Uwi'n wol wo'zi jutti',
Ka'sapat basi'p Berlinnin' u'stin. (91-92-b)

Qatarlarda obrazli' metaforali'q ha'm metonimiyali'q su'wretlew arqali' shayi'r uri'sti' Germaniya (Gitler) baslag'ani'n, biraq jen'ilgenin sheber su'wretlegen.

Uri'sti'n' qorqi'ni'shli' kelbetin bi'layi'nsha su'wretleydi:

Wo'rt ku'sheyip, diywal aylani'p shoqqa,
Ku'yip tu'sip qaldi' yetik ultani'.
Yemen duwshar boli'p snaryad, woqqa
Ko'sheni boyadi' adamni'n' qani'.(92-93-b)

Syujetlik-kompozitsiyali'q jo'nelis may gu'lin ko'rip, retrospektivlik su'wretlew arqali' uri's da'wirine qayta qayti'p, uri'sta jaralang'ani'n, woni' qutqari'wg'a kelgen Lara degen qi'zdi'n' qoli'n bomba juli'p ketiwi menen dawam yetedi.

Ushi'p tu'sti jaralang'an jeyranday,
Jarqabaqqa womi'rawi'n artti' da,

Boyali’p qali’pti’ demde jer qang’a,
Qulap jatti’ ko’z taslasam arti’ma.

…An’lasam, Larani’n’ jati’rg’an jayi’,
Jer yemes, gu’l menen bezelgen g’ali’ .
Birden ko’zge tu’sti ba’ha’r shi’rayi’,
Ha’m betten jelpidi ba’ha’r samali’ (97-b)

Shayi’rdi’n’ lirikali’q qaharmani’ ha’r qanday qi’yi’n sha’rayatta da wo’zligin umi’tpaydi’. Sonsha shawqi’m wo’likler arasi’nan a’tirapta gu’ller wo’skenligin an’lawi’ adamni’n’ quramali’ psixologiyali’q halati’n su’wretleydi. Shi’g’armani’n’ yen’ joqarg’i’ shi’n’i’ Larani’n’ jan ta’slim yeter halati’ndag’i’ tan’ qalarli’q ha’reketi boli’p yesaplanadi’:

Woy qi’zi’q! Sol zamat shep qoli’ menen,
Birden juli’p aldi’ bir qi’si’m gu’ldi.
Gu’lge qansha ashi’q pa’k ju’rek degen,
Sag’i’ni’p qalg’anday da’rhal tigildi.
-May gu’lleri!-dedi ku’limlep g’ana,-
May gu’lleri dedi saldi’ da ku’shin,
Keyin mag’an sozdi’:
-Lala g’oy…la-la…
Al, -dedi , -ala g’oy… yes-te-lik u-shi’n…(98-b)

Mine, usi’ Larani’n’ lirikali’q qaharmang’a yen’ son’g’i’ ku’shin ji’ynap gu’l usi’ni’wi’ wo’mirge toymay barati’rg’an adamni’n’ wo’mir go’zzalli’g’an yen’ awi’r halati’nda da an’lay ali’wi’ni’n’ obrazli’ su’wretlemesi, shayi’r bul syujetlik detaldi’ jen’is namasi’ni’n’ shali’ni’wi’ menen kontrast qoyi’p su’wretleydi. Shayi’r ja’ne gu’lge mu’ra’ja’t yetip, usi’nday paraxatshi’li’q ku’nlerge jetisiwde Larani’n’ qosqan u’lesin obrazli’ tu’rde beredi:

Demek ,sen ma’n’gige tirisen’ Lara,
Laladay ma’n’gige sheshek atasan’,

Yeldin’ qi’zdan shi’qqan gu’lisen’ Lara,
Ma’n’gi jassan’- ma’n’gi jigirmadasan’ (106 b)

Poema lirikali’q qaharmanni’n’ ruwxi’y halatlari’n, uri’s protsessinin’ qorqi’ni’shlari’n mayda detallari’na shekem su’wretlep beredi. Poemani’n’ ko’rkem sintaksisi, ko’rkem leksikasi’n, poetikali’q syujetin, kompozitsiyali’q quri’li’si’n, lirikali’q qaharman du’nyasi’n u’yreniw wo’z aldi’na izertlewdi talap yetedi.

Shayi’rdi’n’ «Jawi’ngerdin’ jesiri» poemasi’ da insanni’n’ ruwxi’y halati’n ha’r ta’repleme ashi’p bergen ha’m allegoriyali’q simvolikali’q obrazli’ su’wretlewlerdi sheber paydalang’an shi’g’armasi’ boli’p yesaplanadi’. Poemada yekinshi du’nya ju’zlik uri’sti’n’ insan ta’g’dirine ali’p kelgen qayg’i’li’ aqi’betleri, soni’n’ saldari’nan hadal muhabbat iyelerinin’ bir-birinen ayra tu’siwin, adamni’n’ shi’damli’li’q, sabi’tli’li’q si’patlari’n ta’biyat qubi’li’slari’, haywanatlar menen baylani’sli’ ti’msalli’q, simvolikali’q syujet kartinalari’ menen real wo’mir waqi’yalari’ni’n’ parallel su’wretleniwi arqali’ sheber poetikali’q tu’rde ashi’lg’an. Poemada «May gu’lleri» poemasi’ndag’i’ si’yaqli’ haywanatlar ha’m ta’biyat du’nyasi’ waqi’yalardi’ bir worayg’a ja’mlewshi xi’zmet atqarmaydi’, al waqi’yalardi’ ku’sheytip su’wretlew, rawajlani’w bag’dari’n ko’rsetiw ushi’n beriledi. Waqi’yani’n’ baslani’wi’ lirikali’q qaharmanni’n’ lirikali’q personajdi’ (Paraxat) portretin ko’rgennen keyin yeske tu’siriwleri arqasi’nda  dawam yetedi. Lirikali’q qaharman Paraxatti’n’ portretin si’zadi’. Su’ygeni Ayshag’a u’ylenip, Mir atli’ perzentli boladi’. Balasi’ u’sh ayli’q bolg’anda yelge uri’s xabari’ jetip, pu’tkil xali’q qayg’i’g’a tu’sedi. Waqi’yani’n’ rawajlani’wi’ usi’ momentten baslanadi’. Paraxatti’ Aysha ha’m awi’l adamlari’ shi’g’ari’p sali’wg’a Bosay boyi’na baradi’. Usi’ payi’ttag’i’ halatti’ ani’g’i’raq ko’rsetiw ushi’n shayi’r ta’biyat ko’rinislerin su’wretleydi:

…Wo’zin tuti’p samalda shaqqa,
Tez-tez su’yip ka’nardi’n’ tasi’n.
Jag’adag’i’ shayqalg’an aq tal,

İyip ati’r tolqi’ng’a basi’n.
Shaqasi’nda yeki qumi’ri’,
Qoni’p woti’r quri’p bazari’n.
O, qanshama (qoya ber buni’!)
Maqluqqa da jasaw mazali’!
Tap mi’sali’ qi’z benen jigit,
Telmirgendey yarg’a tigile,
Ko’zlerinde tuhi’li’p u’mit,
Naz yetisti biri-birine.
…Bilmedim sen ko’re aldi’n’ba,
Sol bir suli’w qumi’ri’lardi’?
Biraq Ayshan’ ko’zin saldi’ da,
Jasi’n to’gip suwi’q dem aldi’.[1]

Poemani’n’ syujetlik ag’i’mi’na yengizilgen qumi’ri’lardi’n’ woyi’n quri’wi’ bir-birin su’ygen yeki jasti’n’ tati’w turmi’si’ni’n’ ti’msali’ si’pati’nda beriledi. Waqi’yalar jelisine itibar bersek, Aysha Paraxatti’ uri’sqa gu’zetip boli’p, Mir ushi’n ti’lda ti’nbay miynet yetedi. Lirikali’q qaharman ta’repinen ti’ldi’n’ awi’r turmi’si’, ashli’q awi’r miynet konkret ha’m ko’rkem tu’rde su’wretlenedi.

«Fronttan da awi’r» dep ti’ldi’,
Ayti’lg’ani’n qulaq yesitti.
Geyde diyqan qalg’i’p ji’g’i’ldi’,
İsten qayi’si’p, tappay yesiki.
…Ashli’q kirdi qaqpay qapi’ni’,
Ha’m de jag’ami’zg’a ti’rmasti’.
Biraq qarsi’ ku’shler tabi’li’p,
Biz wog’anda iymedik basti’.(117-118-b)

Sonday qi’yi’n-qi’staw, awi’r miynet sharayati’nda jigirma jasar Ayshani’n’ shan’arag’i’na, jumi’sqa, yar sag’i’ni’shi’na ma’rtlik penen to’ziwin su’wretlep

[1] Турымбетов Х. Және бәҳер келди Н.., «Қарақалпақстан» 1970, . 113-114-бет

woti'radi'. Ayshani'n' kewlindegi ayrali'q sezimlerin, uri'sti'n' semyalarg'a apat kelip ati'rg'anli'g'i'n jetkerip beriwde shayi'r Ayshani' ja'ne Basay boyi'ndag'i' portqa a'keledi. Wol jerde Aysha qumi'ri'lardi' yemes, zon' g'arg'ani' ko'redi. Buni' Paraxattan «Qara qag'az» kelgennen keyin, brigadir boli'p saylang'annan son' sonsha ha'dden ti'sqari' ayrali'q ha'm qi'yi'nshi'li'qlardi' ko'rgennen keyingi syujetlik ag'i'mda su'wretleydi:

…Jag'i'sta turi'p, tek tani's aqtal,
Si'bi'rlandi' terbep shaqasi'n.
Ko'rinbedi wonda biraq ta,
Qumi'ri'lar usi' sapari'.
Sayasi'nda tek bir zon' g'arg'a,
Qurt izlep ju'r a'ste jorg'alap.
Al, Aysha she, fashist zan'g'arg'a,
Na'let aytti', jasi' sorg'alap.(127-b)

Poemada berilgen jesir hayaldi'n' (Ayshani'n') qanshelli awi'r da'rtke joli'qqani'n bildiretug'i'n to'mendegi qatarlar poemani'n' tiykarg'i' ideyasi'n (jesir) ashi'wshi' gilti boli'p yesaplanadi':

Ko'zi tu'sti qarasa jolg'a,
Adam yemes, poshsha torg'ayg'a.
Aysha aytti':
-Zer-zebil bolg'an,
Yen' keyingi jesir bolg'ayman….(127-b)

Jen'iske yeriskennen keyin Ayshani'n' balasi' Mirdi ta'rbiyalawi', basqa turmi's ko'rmewi, abadan turmi'stag'i' wo'zin uslap tuti'wlari' syujettin' keyingi rawajlani'w bag'dari'ndag'i' waqi'yalar boli'p yesaplanadi'. Shayi'r allegoriyali'q ti'msalli'q obrazlardi' syujetlik-kompozitsiyali'q birlikti beriwde ja'ne bir wori'nda qollanadi'. Wonda Mir armiyag'a atlanbaqshi' boladi'. Anasi' Aysha ha'm kelinshegi woni' uzati'p sali'wg'a Basay boyi'na keledi. Wol jerde qumi'ri', zon' g'arg'a yemes, kepterler woyi'n sali'p ju'redi.

Bayag'i'sha tani's aq tal da,
To'men qarap shaqasi'n iyip.
Terbelip tur .
A'ne ballar da,
Shabi'si'p ju'r, mi'sali', kiyik.
…Wa, a'lha'biz! Qanday go'zzalli'q,
Bolmag'anday hasla hesh buri'n!
Kepterler ju'r woyi'ni'n sali'p,
Ko'n ku'lip tur, sebelep nuri'n. (139-b)

Jas, tati'w semya ti'msali' si'pati'nda qumi'ri'lar turmi'si'n, ayrali'qqa ushi'ratqan uri's obrazi'-zon' g'arg'a mi'sali'nda, yari'n jog'altqan qaharman-poshsha torg'ay nali'shi' si'pati'nda, paraxat turmi's-kepterler ti'msali'nda allegoriyali'-simvolikali'q tu'rde syujetlik rawajlani'wda real waqi'yalardi'n' mazmuni'n teren'lestiriwde poetikali'q tiykar si'pati'nda qollani'lg'an. Al, ha'r bir wori'nda qaytalani'p su'wretlenetug'i'n «aq tal» detali' arqali' tuwi'lg'an jerdin' simvoli'n su'wretleydi.

Uli'wma, X.Turi'mbetov poemalari' wo'zinin' su'wretlew wobektin duri's tan'lay ali'wi' syujetti ha'm kompozitsiyani' du'ziwde gallyutsinatsiyali'q-tu's ko'riw, allegoriyali'q ha'm simvolikali'q-metaforali'q su'wretlewlerden paydalani'w arqali' lirikali'q qaharmanni'n' jan du'nyasi'n, psixalogiyali'q halatlari'n ken' ha'm ha'r ta'repleme jetkerip beriwleri menen, ta'biyat qubi'li'slari'n janlandi'ri'p, syujet quri'li'si'na yendirip jiberiwi menen qaraqalpaq poeziyasi'nda poema janri'ni'n' poetikali'q mazmuni'n ha'm poetikali'q formasi'n bayi'ti'wg'a u'les qosti'.

Wol poemalari'nda XX a'sirdin' 70-80-ji'llari'nan baslap ken' wo'ris ala baslag'an mazmun ha'm forma jan'ali'qlari'n a'lle qashan-aq qollang'an yedi.

Uli'wma bo'limge juwmaq jasaytug'i'n bolsaq, shayi'r X.Turi'mbetov poeziyasi'nda si'rtqi' formasi' boyi'nsha aji'rlatug'i'n janrlardi'n' biri syujetli lirikalari' qaraqalpaq a'debiyati'na ali'p kelgen jan'ali'qlari'nan yesaplanadi'. Wol

wori's poeziyasi'nda sol da'wirde da'stu'r bolg'an qi'sqi' miniatyurali'q qosi'qlardi' ko'rkem izlenisleri tiykari'nda wo'zlestirdi. Syujetli lirikalari'nda woy-pikirdi jetkerip beriwdin' metaforali'q, metonimiyali'q, simvolikali'q usi'llari'nan sheber paydalandi'. Syujetli lirikalari'nda lirikali'q qaharman obrazi' menen birge lirikali'q personajdi'n' obrazi' arqali' da aytajaq woy-pikirlerin jetketip beriwge ha'reket yetti. Woni'n' syujetli qosi'qlari' lirikali'q gu'rrin'lerden ha'm balladalardan aji'rali'p turadi'. Shayi'r poeziyasi'nda ti'msal-qosi'qlar da syujetli lirikani'n' bir bo'legi si'pati'nda qatnasadi'.

Shayi'r poemalari' janrli'q wo'zgesheligi boyi'nsha liro-epikali'q, lirikali'q poemalar mazmuni'nda jazi'lg'an. Wol poemalari'nda insanni'n' haqi'yqi'y kelbetin wo'mir realli'qlari' menen ko'rkem sintezlew arqali' ashi'p beredi. Sonli'qtan, woni'n' poemalari'ni'n' ha'm syujetli lirikalari'ni'n' tiykarg'a jan'ali'g'i' insang'a, so'zge jan'asha qatnasti' ko'rsetiwinde belgilenedi. İshki wo'zgesheligi wol syujetlik-kompozitsiyali'q quri'li'mdi' du'ziwde metafora-simvolikali'q, allegoriyali', simvolikali'q obrazli' su'wretlewlerden paydalanadi'. Bul shayi'rdi'n' forma ha'm mazmun salasi'ndag'i' izlenisinen da'rek beredi.

# III bap. X. Turi'mbetov lirikasi'nda janrlar sintezi

## III.1. X. Turi'mbetov lirikasi'nda folklorli'q ha'm jazba a'debiyat janrlari' sintezi (ayti'slar, besik ji'ri', yar-yar, nama- xat janri')

Wo'z aldi'na pu'tin bir a'lem bolg'an insan psixikasi', ruwxi'yati', wo'zligin ashi'w ko'rkem a'debiyatti'n' maqseti boli'p yesaplanadi'. Wo'zine ta'n, ta'kirarlanbas a'lem (du'nya) ideyasi' ruwxi'nda, ma'nawiyati'nda, qaraslari'nda u'zliksiz halda wo'zgerisler payda boladi'. Wolar ta'biyiy za'ru'rlik sebepli ju'zege keledi. Bul wo'zgerisler, jan'alani'wlar mi'saldi' tu'sindiriwde jetkerip beriwde ha'miyshe woni'n' wo'zi si'yaqli' woni' su'wretlewdin' de jan'ali'g'i'n ashi'p beriwin talap yetedi. Sonli'qtan a'debiyattag'i' ko'rkemlilik, janrlar, formalar, mazmun ha'miyshe jan'alani'wda.

Ko'rkemlik-shi'g'armani'n' ruwxi'yati', jani', barli'g'i'. Mine usi' rux, «jan» shi'g'armadag'i' sotsialli'q qatnaslardi', xarakterler soqli'g'i'si'wi'n, ilimiy qaraslari'n, idealogiyali'q-ta'rbiyali'q halatlari'n-uli'wma shi'g'armani'n' worni' ken'islik, waqi'tqa tiyisli mag'li'wmatlardi' swa'lelendiredi. Ko'rkemliliktin' mazmun-ma'nisi de waqi't, wortali'q, zamanlaslar, turmi's qarslari' haqqi'nda ken' ha'm ko'p mag'li'wmat beriw. Ko'rkem shi'g'armadag'i' «ju'k»-ideyali'q tiykar ali'wshi'g'a awi'r kelmewi ushi'n ne qi'li'w kerek? Shi'g'arma tek g'ana ko'rkemlikke tiykarlani'wi' lazi'm.[1]

Shi'g'armani'n' ko'rkemligi ha'r qanday da'wir ha'm ha'r qi'yli' sharayatlarda u'zliksiz wo'zgeriske ushi'rap, jan'alani'p turmasa, woni'n' sha'rtliligi buzi'lg'an boladi'. Sonli'qtan do'retiwshiler wo'z niyetin, ko'zqarasi'n, pikirlerin jetkerip beriwde bir-birine usamag'an jan'a ko'rkem formalardi' izlestirgeni ma'lim.

Biz yele de tu'siniklirek boli'wi' ushi'n ayti'lg'anlarg'a ani'qli'q kiritip wo'temiz.

---

[1] Расулов Абдуғафур Бадиийлик-безавол янгилик. Илимий-адабий маколалар, талқинлар, этюдлар. Ташкент:»Шарк», 2007; 120б

Qaraqalpaq poeziyasi’nda wo’zinen aldi’n’g’i’ a’debiyat folklor da’stu’rlerin wo’zine jol basshi’si’ yetip, wolardi’ ko’rkem izlenisleri na’tiyjesinde rawajlandi’ri’w ha’r bir shayi’rdi’n’ do’retiwshiliginde ushi’rasadi’.

T. Bondarenko lirikali’q janrlar haqqi’nda ayta kelip, «lirikali’q shi’g’armalar ha’r tu’rli da’wirlerde ha’r tu’rli janrlarg’a bo’lingen…janrlar aralasqan, wolardi’n’ qatan’ shegarasi’ joq boldi’. Sog’an qaramastan bul janrlar taza tu’rinde joq yedi, almasi’p qollani’li’wi’ ko’zge tu’sti» [1], -dep jazadi’. Qaraqalpaq poeziyasi’nda a’sirese, Shi’g’i’s ha’m Bati’s qosi’q formalari’n wo’zlestirip paydalang’an shayi’rlar izlenislerinde, sonday-aq, rawajlani’w bari’si’nda folklorli’q da’stu’rler menen jeke individualli’q da’stu’rler aralasi’p janrlardi’n’ kelip shi’g’i’wi’ndag’i’ tiykarg’i’ qa’siyetlerinin’ wo’zgeriwine, wolardag’i’ qatan’ shegaralardi’n’ jog’ali’w protsessii bayqaladi’.

Bunday wo’zgeshelik a’debiyati’mi’z tariyxi’nda buri’nnan gu’zetiledi. Aruz wo’lshemine tiykarlang’an qosi’qlardi’n’ barmaq wo’lsheminde jazi’li’wi’ (g’a’zzel, mustazat), ballada, woda janrlari’ni’n’ jan’a mazmun menen bayi’wi’, yaki ayi’ri’m kerek yemes, waqi’t ag’i’mi’ talaplari’na juwap Bere almaytug’i’n ta’replerinin’ ali’ni’p taslani’p, poeziyada proza elementlerinin’ qollani’wi’, dramani’n’ lirikali’q janr menen birigiwi, lirikali’q ha’m epikali’q janrlardi’n’ birigiwi, prozada poeziya elementlerinin’ qollani’li’wi’-a’debiyati’mi’zda ko’plep shayi’rlar do’retiwshiliginde ushi’rasadi’. Bunday ta’sirler ha’m wo’zgerisler haqqi’nda a’debiyati’mi’zda bir qansha ilimiy

jumi’slar da jari’q ko’rdi.[1]

---

[1] Бондаренко Тимофей Источник:http://webpoet .narod /ru/workshop/workshop11/fhtm/ @ Copyright/ Правда Горькая., 2004.

[1] Ҳамидов Ҳ. Шығыс тиллериндеги жазба дереклер ҳәм XIX әсирдеги қарақалпақ әдебияты, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1980., ўоразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы, Нөкис, «Билим», 2004., Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы., Нөкис, «Билим», 2004, Турдыбаев Х. И.Юсупов поэзиясының фольклорлық дәреклери ҳаққында.// «Әмиўдәрья», 2009.,№5-6, Ҳамидова А. Творчество И.Юсупова и Европейская литература ( к проблеме литературных взаимовлияний и взаимосвязей ) АКД, Нукус,1999., Жумажанов Қ. Халық шайырлары поэзиясында фольклорлық ҳәм даралық дәстүр, Нөкис, «Билим», 1993., Пирназаров А. Өтеш, Өмар ҳәм фольклор, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1991.

X.Turi’mbetov wo’z do’retpelerinde folklorli’q da’stu’rlerdi, wori’s ha’m basqa da xali’qlar poeziyasi’ da’stu’rlerin poeziyami’zg’a ali’p keldi ha’m wolardi’ wo’zinin’ individual si’pati’ menen bayi’tti’, a’debiyati’mi’zda wo’zine ta’n «soqpaq», «iz» qaldi’rdi’. Shayi’rdi’n’ wo’zide a’debiyatqa jan’a janrli’q formaalr izlewdin’ za’ru’rligi ha’m folklorli’q tuwi’ndi’lardi’n’ obrazli’li’g’i’ haqqi’nda «A’miwda’rya» jurnali’na bergen intervyusi’nda bi’lay deydi: «Meni mi’na to’mendegi u’sh na’rse qosi’q jazi’wg’a iytermeledi: Birinshisi, yerteklerdi, da’stanlardi’, qi’ssalardi’, xali’q qosi’qlari’n i’qlas penen ti’n’lawg’a a’detlendim. Klassik shayi’rlardi’n’ shi’g’armalari’ni’n’ qoli’ma tu’skenin qaldi’rmay woqi’di’m. Ayi’ri’m qosi’qlardi’, ha’tte «G’a’rip-ashi’q» penen «Yedige» da’stanlari’n yadlag’anlari’m yele yesimde… Xali’q g’a’ziynesi bolg’an awi’z a’debiyati’n, klassikali’q do’retpelerdi u’yrenbey turi’p, a’debiyatqa teren’nen tu’siniw qi’yi’n, haqi’yqi’y jazi’wshi’ boli’w mu’mkin yemes. Bular bizin’ mektebimiz ha’m kosmodromi’mi’z boli’p yesaplanadi’. Biz usi’ mektepten sheberlikti u’yrenip, usi’ kosmodromnan ko’kke ko’teriliwimiz ushi’n bulmanda qanat qomlawi’mi’z kerek. Wolay yetpegende biyiklep ushi’wi’mi’z qi’yi’n. Bunnan yeski gu’zardan shi’qpaw kerek degen ug’i’m shi’qpaydi’, kerisinshe, bay a’debiy miyrasqa tiykarlana woti’ri’p, ha’r bir jazi’wshi’ wo’zine-tek wo’z qara basi’na timyisli ti’n’nan soqpaq ali’wi’ tiyis, wo’z dawi’si’na iye boli’wi’ kerek. Woni’si’z uli’wma a’debiy gu’zari’mi’zdi’ ken’eytse de uzayta almaymi’z. Aqi’ri’, ji’ralarsi’z da’rya bolmaydi’ g’oy!»[2]

X.Turi’mbetov poeziyasi’nda ko’rkem mazmun jan’ali’g’i’n jetkeriwde wo’zi aytkani’nday wo’z joli’n, wo’z hawazi’n tapqan shayi’rlardi’n’ biri. Shayi’rdi’n’ folklorli’q janrlardi’ jazba a’debiyat janrlari’ ha’m wo’z ko’rkem izlenisleri menen sintezlep bergen yar-yar, besik ji’ri’, ayti’s janrlari’ndag’i’ wo’zgeshelik wo’z aldi’na u’yreniwdi talap yetedi. Woy-pikir stilinin’ rawajlani’wi’ni’n’ individual-sotsialli’q-psixologiyali’q ja’miyeti ha’r bir shayi’r ko’rkem izlenislerinde toli’q tu’rde individuallasadi’. Woy-pikrdi ko’rkemli jetkeriwde X.Turi’mbetovti’n’

---

[2] Турымбетов X. Бизиң интервью. // «Әмиўдәрья», 1966., №2, 50-51-бетлер.

janli’ estetikali’q subekti estetikali’q obekt penen ti’g’i’z baylani’p, sotsialli’q ko’rkem woy ha’m so’zdin’ ma’nilik maydani’ni’n’, ha’reket sistemasi’ni’n’ birgelikte u’ylesimlik da’rejesin ta’miyilegeninin’ gu’wasi’ bolami’z. Bul protsess shayi’r lirikalari’nda folklorli’q ha’m da’stu’riy (klassikali’q) a’debiyatqa ta’n ko’rkem janr ha’m formalardi’ transformatsiyalap, wolardi’ wo’z individual ko’rkem izlenisleri menen diffuziyalasti’ri’p qollang’anli’g’i’nda ko’rinedi. Shayi’rdi’n’ «Ha’yyiw» qosi’g’i’nda qaraqalpaq folklori’ndag’i’ besik ji’ri’ni’n’ mazmuni’ jag’i’nan jan’a, yag’ni’y, watan su’yiwshilik, ka’millik ideyalari’n wo’zinde sa’wlelendirip berse, qaraqalpaq awi’zeki a’debiyati’ni’n’ bir janri’ yesaplang’an ayri’mlari’nda mazmuni’, tematikasi’ boyi’nsha jetilistirip ko’p qollang’anli’g’i’n shayi’rdi’n’ wo’zine ta’n izlenislerinin’ na’tiyjesi dep qarawi’mi’zg’a boladi’. Bul basqada woni’n’ «Muhabbat», «Jol bolsi’n», «Jari’sarda» qosi’qlari’ awi’zeki a’debiyattag’i’ ayti’s janri’n kompotsiziyasi’n wori’nda toli’q saqlap qalg’ani’ menen mazmuni’ boyi’nsha zaman menen ten’ qa’dem taslaw, miynetti ji’rlaw, ma’rtlik, i’shqi’-muhabbat h.t.b. si’yaqli’ temalardi’ beriwi menen a’hmyitetli. Soni’n’ menen birge woypikirdin’ solardag’i’day qatan’ formasi’ menen birge, woni’n’ pu’tin bir qosi’qti’n’ quri’li’si’na yenisip, lirikali’q personajlardi’n’ dialogi’ ta’rizinde beriliw X.Turi’mbetovti’n’ ko’pshilik lirikalari’nda ushi’rasadi’. «Brigadir kelinshek», «Shi’ri’p», «Qosi’q», «Suw qi’m bo’get», «Si’yli’q», «Syujet», «Hayran boldi’m……», «Lektor keldi» h.t.b. qosi’qlari’ usi’nday shayi’rdi’n’ ko’rkem folklorli’q da’stu’r ha’m individual estetikali’q formada sintezi na’tiyjesinde payda bolg’an shi’g’armalari’ qatari’na kiredi.

«Besik ji’ri’ yaki bala jubati’w da’stu’r ji’rlari’ni’n’ biri. Analar wo’z balasi’na quwani’shi’ menen su’yinishin poetikali’q so’z arkali’ ji’r ayti’p jubatadi’, besik terbetedi.»[1]

---

[1] Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис. «Қарақалпақстан». 1988ж. 17–бет.

Folklordag'i' besik ji'ri' anani'n' balag'a, woni'n' keleshegine u'mitlerin, yerkeletiwlerin ja'mlestirgen mazmung'a iye:

Aynanayi'n appag'i'm,
Qozi' ju'nli qalpag'i'm.
Jurt su'ymese su'ymesin
O'zimnin' su'ygen appag'i'm.

X.Turi'mbetov folklordagi' besik ji'ri' janr i'n rawajlandi'ri'p, wog'an jan'asha mazmun berip qollanadi'. Na'restege arnalg'an «Ha'yyiw-ha'yyiw bo'begim» qosi'g'i'nda watandi' su'yiwdi, bilim ali'wdi' didaktikali'q janr qa'syetlerinen kelip shi'g'i'p na'siyatlaydi'.

Da'wiri bar madetkar,
Doslari'n' ko'p jahanda,
«Joldas» degen bir at bar,
Ayti'lajaq sag'an da
Ha'yyiw –ha'yyiw bo'begim,
Uyqla, jani'm, uyqlay g'oy
Tayi'n ba'rha keregin
Wo'mirin' shadli'q, baxi't toy[2]

Wo'zbek a'debiyati'nda ha'yyiw, yar-yar si'yaqli' janrlardi' mazmuni' boyi'nsha bo'linetug'i'n falklorli'q janrlar dep ju'rgizіledi.

Yar-yar qaraqalpaq falklori'nda qi'z uzatkanda ayti'latug'i'n salt da'stu'r ji'rlari'ni'n' biri. A'debiyatshi' Q. Ayi'mbetov yar-yar ha'm ha'wjardi' bir dep yesaplaydi'. «Turk tilles xali'qlardi'n' «J» menen so'ylewshileri «Ha'wjar» degen, «Y» menen so'ylewshileri «yar-yar» degen.[1] Yar-yar xali'q da'stanlari'nda da ushi'rasadi' («Alpami's»).

---

[2] Турымбетов Х. Гүлистан . Нөкис, ҚҚМБ, 1954, 54-55-бет
[1] Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис. «Қарақалпақстан». 1988ж. 13–бет.

Shayi’r X.Turi’mbetov lirikasi’nda yar-yar qosi’g’i’ qi’zlar uzati’lganda ayti’latug’i’n yar-yar janr i’ni’n’ si’rtqi’ formasi’n (buwi’n sani’, uykas ta’rtibi) toli’q saqlaydi’. Yar-yardi’n’ qi’z balag’a ayti’li’w wozgesheliginde saqlaydi’. Biraq, qi’zg’a ta’selle beriw maqsetinde yemes, kerisinshe woni’n’ kemshiliklerin sarkazmlik su’wretlew arkali’ ashi’p beredi.

İsle, - isle desen’ jumi’sti’,
Ashi’wlanar yar-yar.
Yeger ko’rse wol qi’sqi’
Shanshi’wlanar yar-yar,
… Solayi’nsha bul jen’gey, -
Naz yetedi, yar-yar,
Basli’q penen wol ten’dey-
Ha’z yetedi,yar-yar[2]

X.Turi’mbetov poeziyasi’nda qaraqalpaq folklori’ jari’ni’n’ ja’ne biri ayti’slar wo’zgeshe usi’llarda qolani’li’p, shayi’r individual izlenislerin yele de jetilistiredi. Ayti’sti’n’ tiykarg’i’ qa’siyeti sonda ayti’si’wshi’ yeki ta’oeptin’ birewinin’ so’zden jen’iwi na’zerde tuti’ladi’. Bul boyi’nsha qaraqalpaq folkloritikasi’nda Q.Ayi’mbetov, Q.Maqsetov, N.Da’wqaraev, K.Allambergenovlerdi’n’ ilimiy izertlew jumi’slari’ bar. A’debiyati’mi’zda ayti’slar sheshenlik ayti’slari’, shayi’rlar ayti’slari’, qi’z – jigitler ayti’slari’ boli’p bo’linedi.

X.Turi’mbetov ayti’slari’ni’n’ falklordagi’ ayti’s janr i’ni’n’ birinshi wo’zgesheligi sonda, wol ayti’si’wshi’ yeki ta’repti bir lirikali’q shi’g’armaga ja’mlep bul shi’garmada belgili bir tema yaki idiya so’z yetiledi. Yekinshiden, shayi’rdi’n’ ayti’slari’nda miniatyurali’q syujet qatnasadi’. U’shinshiden, folklordag’i’ si’yaqli’ juwap-soraw, birewdi jen’iw yemes, al watandi’ su’yiw, muxabbat, miynetti qa’dirlew si’yaqli’ janrlarda ji’rlanadi’ («Texnikani’

---

[2] Турымбетов Х. Талўас. Нөкис ҚҚМБ, 1962, 35-бет

mengergen bati’r», «Jol bolsi’n», «Su’yemen seni»). To’rtinshiden, folklordag’i’ ayti’sti’n’ si’rtki’ formali’q ta’rtibi qatan’ tu’rde saqlanbaydi’. Wo’z aldi’na kompazitsiyali’q wo’zgeshelikke iye. Yag’ni’y, bir ba’ntlik ayti’s, jup qatar li’ ayti’s («Jari’sarda», «Muxabbat»).Yaki bolmasa ayti’si’wshi’lardi’n’ wo’z aldi’na ba’ntlik kompazitsiyali’q pu’tinlikti yemes, al bir ba’nttin’ ishinde bir-biri menen soraw-juwabi’ ta’rizinde a’melge asi’ri’li’wi’ menen wo’zgeshelenedi. («Kempir ha’m aqli’q» «Ishqi’ haqqi’nda gu’rrin’»). Besinshiden, X.Turi’mbetov ayti’slari’nda ayti’si’wshi’ personajlar tek qi’z-jigitler, shayi’rlar yemes, a’ke ha’m bala, ana ha’m bala kempir ha’m aqli’q h.t.b katnasadi’ («Araq haqqi’nda», «Jol bolsi’n»).

Nama-xat janri’ da X. Turi’mbetov lirikasi’nda jan’asha bag’darda, da’wir na’pesine sa’ykes beriledi. «Nama xat ma’nisin bildiredi. A’debiyay termin si’pati’nda nama-xat tu’rinde jazi’lg’an ko’rkem shi’g’arma»[1] Soni’n’ menen birge bul janrdi’n’ lirikali’q tu’ri de bolatug’i’ni’n ha’m woni’n’ wo’zine ta’n qa’syetlerge iye yekenligin ko’rsetedi. Lirikali’q namalarda shayi’rdi’n’ shaxsi’ lirikali’q qaharmanni’n’ shaxsi’ menen sa’ykeslenip ketedi.

Klassikali’q a’debiyatta A’jiniyazdi’n’ «Molla yerime», «Shi’qti’ jan» nama-xat qosi’qlari’ bar, sonday-aq, «Alpami’s», «G’a’rip ashi’q» da’sta’nlari’nda da xat janri’ u’lgileri ushi’rasadi’.

X.Turi’mbetov lirikasi’nda bul bag’dar dawam yettirilip, ko’rkemlik jaqtan jetilistirilip lirikali’q qaharmanni’n’ ashi’gi’na jazg’an xati’, dosti’na jazg’an xati’ formasi’nda sa’wlelenedi. «Xatqa juwap», «Bilmedim nege», «Gu’l», «Xat», «Umi’ti’ppan ja’ne men» qosi’qlari’ usi’ janr di’n’ u’lgilerinen yesaplanadi’. Shayi’rdi’n’ «Xat» qosi’g’i’ syujetli lirika boli’p, Stalingrad sawashi’ndag’i’ dosti’ serjant Baxi’tjan wo’tepovqa arnaladi’. Nama –xatta lirikali’q qaharman

---

[1] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы., Нөкис, «Билим», 2004 135-бет

lirikali’q personajg’a uri’stan aldi’n’g’i’ ti’ni’sh turmi’stag’i’ shiyrin yeske tu’siriwlerin, jen’iske yerisiwge tilieklesligin bildiredi.

Bunnan basqa da shayi’rdi’n’ lirikali’q qaharmanni’n’ ishki keshirmelerin, adamgershilik si’patlari’n teren’lestirip beretug’i’n xat qosi’qlari’ da bar

Uli’wma X.Turi’mbetov poeziyasi’nda folklorli’q ha’m jazba a’debiyatti’n’ janrli’q u’lgilerin shayi’rdi’n’ individual izlenisleri menen birigip, poeziyami’zda buri’nnan bar janrlarg’a jan’a ko’rkem forma, jan’a mazmun berip qollang’an. Bul usi’l shayi’rdi’n’ xali’q ayti’slari’ , besik ji’ri’, yar-yar, nama-xat janr lari’n wo’zlestirip qollani’wi’nda rawajlandi’ri’wi’nda ko’zge taslanadi’. Shayi’rdi’n’ bunday ko’rkem izlenisleri qollap quwatlawg’a turarli’q. Bul protsess uli’wma poeziyadag’i’ janrlardi’n’ ta’biyati’n u’yreniwde rawajlani’w evolyutsiyasi’n belgilewde a’hmiyetke iye.

## III.2. Shayi’r lirikasi’nda ba’nt, wo’lshem, uyqas birliginde aralas formalardi’n’ qollani’li’wi’.

X.Turi’mbetov poeziyasi’ni’n’ wo’zine ta’nligi sonnan ibarat wol wo’z qosi’qlari’na si’rtqi’ forma tan’law ushi’n ko’p izlengen shayi’r. Sonli’qtan woni’n’ ha’r-bir qosi’g’i’ni’n’ si’rtqi’ formasi’ biri yekinshisin ta’kirarlamaydi’. Shayi’r poeziyasi’nda si’rtqi’ forma wo’zgeshelikleri bir neshe ba’ntlik wo’zgeshelikke iye formalardi’n’ bir kompozitsiyali’q birlikti ta’miyinlep qollani’li’wi’nda, yaki har qi’yli’ wo’lshemdegi qosi’q formalari’ni’n’ aralas yaki sintezlengen halda qollani’li’wi’ menen ko’zge taslanadi’.

«Ba’ntti sho’lkemlestiriwshi» na’rse yen’ da’slep woni’n’ qa’libi-o’lshemi, qatari’ (uykasi’) yemes, ba’lki usi’ qa’lipke quyi’lg’an mazmuni’. Sebebi, ba’nt qosi’q quri’li’si’ elementi boli’p, wol poeziyani’n’ yemes, ba’lkim poeziya negizinde turi’wshi’ na’rsenin’ qosi’q formasi’na tu’siw ta’rizidur.»[1] Bul pikir X. Turi’mbetov poeziyasi’ndag’i’ aralas ba’ntlik formalar ushi’nda ta’n.

X.Turi’mbetov lirikasi’nda yeki katarli’, to’rt qatarli’, bes qatarli’, alti’ katarli’, jeti qatarli’, segiz qatarli’, won qatarli’ ba’ntlik formalar ha’r qi’yli’ uykaslarda kelip qollani’ladi’.

Shayi’r poeziyasi’nda qollani’lg’an yeki qatarli’ qosi’qlari’ izbe-iz yeki qatarli’ bir-biri menen uyqasqan qosi’qlar boli’p, woni’n’ kompozitsiyali’q jaylasi’wi’ syujetlik lirikalari’na qarag’anda arnaw, filosofiyali’q – didaktikali’q mazmundagi’ kosi’qlari’nda ko’plep ushrasadi’. «Su’yemen Ukraina», «Si’ylasi’q», «Dosti’ma» qosi’qlari’ bug’an mi’sal. Woni’n’ yeki katarli’ qosi’qlari’nda ha’r bir so’z wo’z aldi’na pu’tin sintaksislik birlik. Bul formadag’i’ qosi’qlar lirikada wo’z aldi’na janr si’pati’nda qa’liplesken yekiliklerden pari’q qi’ladi’. Yekilikler tek yeki qatarda woy pikirdi sa’wlelendiretug’i’n g’a’rezsiz poeziyali’q do’retpe. X.Turi’mbetov poeziyasi’nda juplasqan yeki katarda berilgen pikir qosi’qti’n’ uli’wmali’q mazmuni’ ha’m temasi’ menen baylani’sli’. Mi’sali’:

---

[1] Туйчиев Ў. Ўзбек поэзиясида аруз системаси Т.: «Фан» 1985, 254-бет

Qorki’w degen menin’ awlaq  jasi’mnan,

Shi’n aytaman  ayri’lsam da basi’mnan,

Adamzatta bolsa insannan  derek,

Menin’she, wo’lgenshe duri’sli’q kerek.

Ko’rgenlikten yemes baskani’n’ ku’shin,

Si’ylayman adamdi’ adamli’q ushi’n,[1]                    («Si’ylasi’q»)

Shayi’r poeziyasi’nda yen ko’p qollani’lg’an forma to’rtlik (murabba) ba’ntlik formasi’ boli’p yesaplanadi’. Shayi’r poeziyasi’nda qollani’lg’an to’rtliklerdin’ wo’zgesheligi woni’n’ 7-8, 11 buwi’nli’ da’stu’rge aylang’an wo’lshemnen ti’sqari’ 15-16-17-buwi’nli’ wo’lshemde de qosi’qlari’n jazadi’. A’debiyatshi’ S. Axmetov: «X.Turi’mbetov bati’l tu’rde forma janali’g’i’ ushi’n da gu’respekte … Shayi’r 9-10 buwi’nli’ buri’n poeziyami’zda siyrek ushi’rasatugi’n formani’ aktivlik penen qollani’wda. Woni’n’ «A’det bolgan sag’i’ni’w» qosi’g’i’ 9-10 buwi’nnan, al «Bir qi’z jasaydi’» qosi’gi’ taza 10 buwi’nnan jazi’lg’an. Na’tiyjede buri’n ushi’raspag’an abab, abba, rifmalari’ da poeziyag’a kirdi.».[2]

a) Shayi’rdi’n’  to’rt qatarli’ qosi’qlari’nda to’rt buwi’nli’ wo’lshem:

Yadi’n’da bar ma,

A’miw boylari’

Ti’ni’shli’qtag’i’,

Bolg’an toylari’?[3]

b) Shayi’rdi’n’  to’rt qatarli’ qosi’qlari’nda 15-17-16 buwi’nli’ wo’lshem:

Millionlardi’n’ biri boli’p, qushag’i’n’da yettim sayran,     = a,17

Ursam ji’qti’m, jettim quwsam, dushpani’mdi’ yettim wayran,    = a,16

Raxmet million-million, menin’ go’zzal gu’l watani’m,              = b,17

---

[1] Турымбетов Х.Талўас . Нөкис ҚҚМБ,  1962,  33-бет
[2] Ахмедов С. Талантқа талап Нөкис «Қарақалпақсатан»  1986, 174-бет
[3] Турымбетов Х. Талўас . Нөкис ҚҚМБ,  1962,  123-бет

Sensen’ menin’ tuwg’an anam – turqi’n’ suli’w tuwg’an aydan.[1]

= a,17

v) Shayi’rdi’n’ to’rt qatarli’ qosi’qlari’nda 10 buwi’nli’ wo’lshem:

Duri’s g’oy adam jasag’an sayi’n,
Oni’n’ jasi’ da wo’se beredi.
Biraq ha’meli wo’sse ha’rdayi’m,
Geybir adamlar wo’zin ko’rdi.[2]

X. Turi’mbetovti’n’ bes katarli’ (muxammes), alti’ katarli’ (musaddas) segiz qatarli’ ba’ntlik qatarg’a iye qosi’qlari’nda aytarli’qtay wo’zgeshelik bayqalmaydi’.

Qaraqalpaq poeziyasi’nda siyrek ushi’rasatug’i’n won qatarli’ qosi’q (muashshar), shayi’r poeziyasi’nda yekilik ba’nt formasi’nda birigip wonli’q formani’n’ sho’lkemlesiwin ta’miyinlegen formasi’n qoremiz.

Wol xabar taradi’ qanatlap ushi’p
Diyxanlardi’n’ qosi’n, shatpasi’n qushi’p,
Ol xabar taradi’ tilden tillerge
Nur kelgendey boldi’ bir wo’sken jerlerge
Sahrani’ jibitti gu’zdegi jawi’n,
Taza tu’ske kirdi sho’ldegi awi’l,
Sebebi awi’lg’a bir xabar keldi
Nurlanti’p A’miwde jasawshi’ yeldi,
Aylang’anday boldi’ ku’ndizge tu’n de,
Won jetinshi ji’ldi’n’ oktyabrinde.[1]

---

[1] Турымбетов Х. Гулистан Нөкис ҚҚМБ, 1954, 13-бет
[2] Турымбетов Х. Және баҳар келди Нөкис «Қарақалпақсатан» 1970, 56-бет

[1] Турымбетов Х. Және бәҳер келди. Нөкис «Қарақалпақсатан» 1970, 12-бет

X.Turi’mbetov poeziyasi’nda yeki katarli’ ba’ntlik forma menen to’rt qatarli’ ba’ntlik forma aralasi’p kelgen tu’ri de ushi’rasadi’. Mi’sali’.

Ha’zili bar, nazi’ bar, = a,7

Ba’ha’r menen jazi’ bar, = a,7

İsshen’ degen ati’ bar, = a,7

Ko’zlerinde xati’ bar, = a,7

Bir qi’zdi’n’, = b,3

Ko’zlerinde juldi’zdi’n’.[2]= b,7

Qosi’qta pikir izbe –izlikte dawam yettirilgen. Irg’aq si’rtqi’ forma ha’m uyqaslardi’n’ sa’tli tan’lani’wi’ menen woni’n’ bir tegis woqi’li’wi’na ali’p keledi.

Shayi’rdi’n’ «Wo’mir joli’nda» qosi’g’i’nda quramali’ ba’ntlik forma ushi’rasadi’.

Wo’mirimde bolmadi’ –
aybi’ni’w degen,
Tuwri’ joldan shi’ginip

qaymi’gi’w degen
Tek wo’zim dep aybi’ni’p
ari’n’di’ satsan’
Kesegindi kaymi’g’i’p
dosti’n’a atsan’
Bul da dostan,
joldastan
ayri’li’w degen
Qanati’n’nan
i’rastan

---

[2] Турымбетов Х Талўас . Нөкис ҚҚМБ, 1962, 81-бет

qayri'li'w degen.[1]

Lirikali'q qaharmanni'n' woy pikirleri ha'r bir jup qatarda filosofiyali'q bag'darda rawajlandi'ri'li'p bari'lg'an. Si'rtqi' forma ha'm mazmun birligin ta'miyinlewde shayi'rdi'n' uyqas ha'm ba'ntlik wo'lshemlerdi sheber jaylasti'ri'wi' a'hmiyetke iye.

Shayi'rdi'n' qosi'qlari'ndag'i' usi' si'yaqli' ba'ntlik wo'lshemlik wo'zgeshe formalardi'n' birlikte qollani'wi' jag'dayi' ko'birek woni'n' namali' qosi'qlari'nda ushi'rasadi'.

Azat respublikam-baxi'tti'n' makani',
Quyashli' ku'n yeli qushag'i' suli'w ken',
O'miri gu'lbahar, aq alti'n ka'ni,
Alti'ng'a barabar a'diwli u'lkem:
Qaraqalpaqstan
Qushag'i'n' gu'listan!
Gu'llep tasaber
Alg'a basaber,
Nurlani'p shi'g'i'stan,[2]

Segiz qatarli' ba'n't penen to'rt qatarli' ba'nt te shayi'r lirikasi'nda bir kompozitsiyali'q pu'tinlikte qollani'lg'an.

Ku'ta' hayranman usi' qi'zlardi'n'
Ko'zlerinin' magniti bar ma?!
Bir qarap yedi – jetip-aq bardi'm,
Sazendedey qumar duwtarg'a.
Ey, janan, ko'zin' tartti' ju'rekti,
Bende yetti bir awi'z so'zin',

[1] Турымбетов Х. Және бәҳер келди. Нөкис «Қарақалпақсатан» 1970, 7-8-бет.

[2] Турымбетов Х. Талўас . Нөкис ҚҚМБ, 1962, 12-бет

Ju’rek shadlandi’ ha’m qayg’i’ shekti,

Sebepkeri jalg’i’z sen wo’zin’.

Ko’zin’ tartti’ meni, ko’zin’,

Ko’zin’ yemes, jani’m so’zin’!

So’zin’ tartti’ meni, so’zin’,

So’zin’ yemes, jani’m wo’zin.[1]

Lirikali’q qaharmanni’n’ ishki sezimleri, qi’zg’a bolg’an ashi’qli’g’i’, su’yinpenshiligin sa’wlelendiriw ushi’n shayi’r wo’zgeshe formalardi’ bir kompozitsiyali’q pu’tinlikte ja’mlep, uyqasi’ da, buwi’n sani’da sa’ykes kelmeytug’i’n qatarlarda ko’rkem woy ham ko’rkem til sheberligin ten’ewler metoforalar ha’m qaytalawlar (anafora, redif) arqali’ jetkerip berip, qosi’qti’n’ mazmun ha’m forma birligine yerisken.

X.Turi’mbetov poeziyasi’nda XX a’sirdin’ 20-30-ji’llari’nda rus ha’m basqada a’debiyat poeziyasi’nda da’stu’rge aylangan «teksheli qosi’q» formasi’ da ushrasadi’

Uoll-stritshiler.

«Atom bombam!» - dep,

Aqi’rar yedi.

Du’nya hali’qlari’n

«Qorki’taman!»- dep

Ah urar yedi.[1]

---

[1] Турымбетов Х. Шайыр жолы . Нөкис ҚҚМБ, 1954, 156-бет

[1] Турымбетов Х. Гулистан Нөкис ҚҚМБ, 1954, 17-бет

Qosi’q jup ha’m taq qatarlari’ uyqasatug’i’n to’rt katarli’ ba’ntlik formag’a da usaydi’. Biraq pikir ko’birek retirokag’a quri’lganli’gi’ ushi’n da wondagi’ teksheme-tekshe bo’linip jazi’lg’an pikirler lirikali’q qaharmanni’n’ g’a’zepli, tasqi’nli’ kewil-keypiyati’n sa’wlelendirip, ha’r bir «tekshege» logikali’q pa’t tu’sedi. Shayi’rdi’n’ bul formadagi’ qosi’qlari’ wonsha ko’p yemes. Bul forma 30-ji’llarda poeziyami’zga kirip kelip, sa’tsizlikke ushi’rap qollani’wdan shi’gi’p qalg’an forma yedi.

X.Turi’mbetovqa ta’n wo’zgesheliklerdin’ biri woni’n’ qosi’qlari’nda si’rtki’ forma, forma ha’m mazmung’a xi’zmet yetiwshi poetikali’q elementlerdi qollana ali’wi’nda boldi’. Wol wo’z lirkalari’nda wo’zinen aldi’n’g’i’ A. Dabi’lov, S. Nuri’mbetovlardi’n’ do’retiwshilik u’lgileri joli’nan bari’p qoymastan, u’shlikler, to’rtlikler, alti’li’qlar, sonday-aq, basqada janr formalari’nda lirikali’q qaharmanni’n’ sezimlerin tek g’ana uyqaslarg’a bag’i’ndi’rmastan, so’z ma’nisin ko’rkem awi’sti’ri’w arqali’ su’wretlep beredi. Ma’selen, won bir buwi’nli’ ha’m bes buwi’nli’ yekilik janri’ qosi’q formasi’n won bir buwi’nli’ u’shlik janr qosi’q formasi’ ha’m won, won bir buwi’nli’ monostix (bir qatarli’ qosi’q) penen aralas usi’lda qollani’w arqali’ jan’a kompozitsiyali’q quri’mda woy-pikrdi jetkerip bergen «Bir yer bar desti» qosi’g’i’nda yeki bo’limde lirikali’q qaharman qa’lbindegi wo’z isne qanaatlanbawshi’li’q, izleniw, barli’q insanlar ushi’n ta’n bolg’an ha’miyshe kewildin’ bir jerinin’ tolmay turi’wi’n mazmuni’ boyi’nsha dramali’q bayanlaw usi’li’ menen sintezlep, a’jayi’p kompozitsiyali’q wo’zgeshelikke iye formada jetkerip bergen:

Adamlar ayti’si’p: Bir yar bardesti,
Tek senin’ joli’n’da intizar desti,
Ko’rmesem yeger,
Uwayi’m sheger.
Tek ha’zir jetpesen’ bawi’ri’ qan desti,
Al men bolsam, qu’wang’annan sasti’mda,
İzlep kettim ayaqti’ shalt basti’mda.

Bir yar qayda?

Jasar qay jayda?

Tosan'ladi'm awzi'mdi' ashti'm da.[1]

Qaraqalpaq poeziyasi'nda to'rt qatardi' bir ba'ntke biriktiriw da'stu'rge aylang'an. Sintaksislik birlikke iye usi' to'rt qatarli' qosi'qlarg'a ta'n ja'ne bir wo'zgeshelik, wolardi' uyqas ha'm buwi'n sani' da ten'dey boladi'. Al, soni'n' menen birge a'debiyatshi' U.Tuychiev aytqani'nday «Qospali' wo'lshem» (buwi'n sanlari' ten'emes) de poeziyami'zda ushi'rasadi'. Bunday wo'lshemde buwi'n sanlari', buwi'nlar turaqli' qatnasta bolmaydi'. Bul

X.Turi'mbetovti'n' joqari'da mi'salg'a alg'an qosi'q qatarlari'nda da bir neshe janr qosi'q formalari'ni'n' aralas kelip bir kompozitsiyali'q ha'm ideyali'q mazmun a'tirapi'nda ja'mleniwin ko'rdik.

Bul si'yaqli' qubi'li'slardi' X.Turi'mbetov poeziyasi'nda ko'plep ushi'ratami'z. Uli'wma X.Turi'mbetov poeziyasi'nda bir neshe lirikali'q janrlardi'n' ko'rkem birigiwi na'tiyjesinde jan'asha formada woypikirlerinberiwi – shayi'r men« ishki intellektual-ag'arti'wshi'li'q da'rejesin toli'q sa'wlelendiriwge xi'zmet qi'ladi'.

[1] Турымбетов Х. Таңламалы қосықлары Нөкис «Қарақалпақсатан» 1974, 137-бет.

# JUWMAQLAW

XX a’sirdin’ 50-60 ji’llari’nda Qaraqalpaq a’debiyati’nda jan’a bag’dardag’i’ tendentsiya ju’zege keldi. İnsanni’n’ ishki a’lemin bari’nsha sa’wlelendiriw, so’zge jan’a ko’rkem qatnas jasaw ha’m su’wretlewde obektiv sharayatlar menen yesaplasi’w qubi’li’s si’pati’nda payda boldi’. Bul da’wirde qaraqalpaq poeziyazi’nda da jan’asha rawajlani’w ko’zge taslandi’. Usi’ da’wirde do’retiwshilik yetken X.Turi’mbetov poeziyasi’ da wo’zi jasap do’retiwshilik yetken da’wir qaraqalpaq a’debiyati’ ushi’n u’lken jan’ali’q boldi’. Wol tek g’ana ko’rkem formalardi’ poeziyami’zda da’slepkilerden boli’p qollani’p qalmastan, su’wretlew imkaniyatlari’n, woy-pikirdi jetkerip beriw usi’llari’n da jan’asha ko’rkem estetikali’q da’rejege ko’tere alg’ani’ni’n’ gu’wasi’ bolami’z. Bul woni’n’ so’zge ha’m formag’a ko’rkem qatnasi’nda ayqi’n ko’zge taslanadi’.

X.Turi’mbetov poeziyasi’nda woni’n’ lirikali’q shi’g’armalari’ basli’ wori’n iyeleydi. Shayi’r lirikali’q shi’g’armalari’nda tek g’ana bir ideyali’li’qtan, bir temali’li’qtan qashadi’. Sonli’qtan woni’n’ qosi’qlari’ni’n’ ideya-tematikasi’n u’yrengende qosi’q teksitin’ mazmuni’n tek bir ko’z-qarastan u’yreniw mu’mkin yemes. Shayi’rdi’n’ bir shi’g’armasi’ni’n’ wo’zi bir neshe ideyalardi’ sa’wlelendiredi. Shayi’r lirikasi’nda go’zzalli’qti’ ji’rlaw, insanni’n’ ishki a’lemin joqari’ bahalaw, ulli’ adamgershilik ideyalari’n ha’m insaniyatli’q qa’diriyatlardi’ uli’g’law si’yaqli’ ma’seleler wortag’a taslanadi’.

Shayi’r lirikalari’nda Watan su’yiwshilik, bati’rli’q, dosli’q , muhabbat, miynet su’ygishlik, paraxatshi’li’q, hadalli’q ha’m tag’i’ basqa ideyalar wo’z sa’wleleniwin tapqan. Ra’nba’ren’ tematikalardag’i’ bul lirikalari’nda X.Turi’mbetov woy-pikirdi jetkerip beriwdin’ wo’zine ta’n usi’llari’nan paydalanadi’.

Shayi’r X.Turi’mberov lirikasi’nda mazmuni’ boyi’nsha bir neshshe janrlar qollani’lg’an. Woni’n’ poeziyasi’ su’wretlew lirikasi’, avtopsixologiyali’q lirika, intim lirika, sonday-aq, yumor-satirali’q qosi’qlar bag’dari’nda jazi’ladi’.

Avtopsixologiyali’q lirikani’n’ u’lgilerinen yesaplang’an meditativ lirika ha’m intellektual lirika X.Turi’mbetov poeziyasi’nda yen’ ko’p qollang’an janrlar boli’p tabi’ladi’.

X.Turi’mbetov qaraqalpaq a’debiyati’nda alti’li’q qosi’q formasi’n (janri’n) yen’ birinshilerden boli’p qollani’wg’a kirgizdi. Bunnan basqa da shayi’r to’rtlikler jazi’wdi’n’ da sheberi boli’p yesaplanadi’. Woni’n’ to’rtlikleri wo’mirdin’ ha’r tu’rli ma’selelerine filosofiyali’q ha’m intellektualli’q ko’z qaraslari’ni’n’ juwmag’i’ si’pati’nda wo’z sa’wleleniwin tabadi’. Shayi’r aruz wo’lshemindegi muxammes janri’ni’n’ tematikali’q ha’m wo’lshem birligin saqlag’an halda, barmaq wo’lshemine tiykarlang’an qr-qt buwi’nli’ besliktin’ de avtori’.

X.Turi’mbetov segizlikleri belgili bir tema qoyi’li’p jazi’lsa da (a’dette segizliklerge tema qoyi’lmaydi’), wondag’i’ sa’wlelengen woy-pikir segizlik janri’ni’n’ talaplari’na toli’q juwap beredi. Shayi’rdi’n’ qosi’qlari’ndag’i’ bunday janrli’q izlenisler woni’n’ ko’rkem stilinin’ wo’zine ta’nligin bildiredi.

Shayi’r lirikalari’ni’n’ yen’ tiykarg’i’ wo’zgesheliklerinin’ biri woni’n’ syujetli lirikalari’ni’n’ bar boli’wi’nda. Sebebi wol rus a’debiyati’nan wo’zlestirilgen bul janrda yen’ jaqsi’ do’retpelerin jazdi’ ha’m bul janrdi’ sol turi’si’nda qollanbastan, woni’ milliy ha’m individual si’patlar menen bayi’ti’p, woqi’wshi’ qatlami’na usi’ndi’. Sonli’qtan woni’n’ syujetli lirikalari’ uli’wma a’debiyati’mi’zdag’i’ usi’ janrda jazi’lg’an qosi’qlardi’n’ yen’ jaqsi’ u’lgilerinen yesaplanadi’.

X.Turi’mbetov syujetli lirikalari’nda woy-pikirdi jetkerip beriwde ta’biyat qubli’slari’n insani’y keshirmelerdi sa’wlelendirip qollanadi’. Sonday-aq, ha’r bir detaldan obraz jasawda paydalanadi’. Shayi’r qosi’qlari’nda «shi’rpi’», «gu’l», «terek», «quslar» awi’spali’ metaforali’q mazmundi’ sa’wlelendirip, so’z

tiykari’nda jati’rg’an ma’ni ha’m mazmun belgili da’rejede teren’ woy-pikir juwmag’i’n beriwge qatnasadi’. Mi’sali’, ko’pshilik a’debiyatshi’lari’mi’z toqtap wo’tken shag’i’rdi’n’ «Shi’rpi’» qosi’g’i’nda i’shqi’-muxabbat temasi’n sa’wlelendiredi. Bul pikirdi jetkeriwde «shi’rpi’» detal si’pati’nda qollani’ladi’.

Shayi’rdi’n’ qosi’qlari’nda tema tan’law wo’zgesheligi de woy-pikirdi jetkerip beriwdin’ bir usi’li’ boli’p, bunda shayi’rdi’n’ ko’rkem-stillik izleniwleri ko’zge taslanadi’. Mi’sali’, «Aq gu’l» qosi’g’i’nda tiykari’nda gu’ller haqqi’nda so’z bolmaydi’, al tuwi’lg’an jer, watang’a bolg’an sag’i’ni’sh ma’selesi wo’z sa’wleleniwin tabadi’. Shayi’r qosi’q basi’nda gu’llerdi su’wretley woti’ri’p (ekspozitsiyadag’i’ si’yaqli’), qosi’q aqi’ri’nda birden pikirge buri’li’s jasap, gu’lge tuwi’lg’an jerinin’ si’patlari’n sali’sti’radi’. Bunda shayi’r gu’l detali’ arqali’ watan obrazi’n jaratadi’. Usi’ si’yaqli’ ko’rkemlik izleniwlerdi shayi’r shi’g’armalai’nan ko’plep ushi’rati’wi’mi’zg’a boladi’.

Ko’pshilik a’debiyatlarda syujetli lirika lirikali’q gu’rrin’nen aji’rali’p turadi’. Lirikali’q gu’rrin’ (fabulali’ lirika) u’lgisi si’pati’nda ti’msal ha’m balladalar tilge ali’nadi’. X.Turi’mbetov poeziyasi’nda si’rtqi’ formasi’ boyi’nsha aji’ralatug’i’n bul janrlardi’n’ bir neshe u’lgilerin ushi’rati’wi’mi’zg’a boladi’.

Ti’msal janri’ a’debiyati’mi’zda 60-70- ji’llari’ ken’ rawajlang’ani’ ma’lim. Jazi’wshi’-shayi’rlar bul da’wirde ti’msallap su’wretlew arqali’ ja’miyettegi «ayti’li’wi’ mu’mkin yemes» ma’seleler haqqi’nda, yag’ni’y siyasiy basqari’wdag’i’ unamsi’z si’patlardi’ jetkerip beriwge ha’reket yetti. X.Turi’mbetov ti’msallari’ bunday siyasiy ma’selelerge arnalmasa da, insanni’n’ wo’zligin saqlaw, ha’r tu’rli jag’i’msi’z qa’siyetlerden ji’raq boli’w si’yaqli’ temalardi’ so’z yetti.

X.Turi’mbetov qaraqalpaq poeziyasi’nda bir neshe poemalardi’n’ da avtori’. Woni’n’ «Ma’n’gige tiri», «May gu’lleri», «Jawi’ngerdin’ jesiri», «Yeki dos» ha’m t.b. poemalari’ qaraqalpaq poeziyasi’nda poema janri’n ko’rkemligin ha’m syujetlik-kompoziyatsiyali’q jaqtan sho’lkemlesiwin joqari’ da’rejede jetkerip

berip rawajlandi’rg’an shi’g’armalardan boldi’. Wol bul poemalari’nda du’nya a’debiyati’nda u0-i0-ji’llarda da’stu’rge aylang’an allegoriyali’q, simvoliko-metaforali’q su’wretlewdi qollandi’. Syujetlik liniyalar «gu’l» («May gu’lleri» poemasi’), «quslar» («Jawi’ngerdin’ jesiri» poemasi’), gallyutsinatsiyali’q-tu’s ko’riw («Yeki dos» poemasi’) si’yaqli’ sho’lkemlestiriwshi ko’rkem elementler arqali’ rawajlanadi’. X.Turi’mbetov poemalari’ndag’i’ bunday ko’rkem izlenisler a’debiyati’mi’zdi’n’ rawajlani’w basqi’shlari’n u’yreniwge ja’rdem beredi. Shayi’r poemalari’ni’n’ bunday ko’rkemlik sho’lkemleskenligi ha’m ko’rkem jan’ali’g’i’ ken’ tu’rde u’yreniwdi talap yetedi.

X.Turi’mbetov qaraqalpaq a’debiyati’nda buri’nnan kiyati’rg’an shayi’rli’q da’stu’rdi dawam yetip didaktikali’q janrdag’i’, ja’miyetlik lirikadag’i’ qosi’qlardi’ jazi’w menen birge, folklordag’i’ ha’m jazba a’debiyattag’i’ bir qansha janrlardi’ wo’z ko’rkem izlenisleri na’tiyjesinde sintezlep, jan’asha mazmunda ha’m formada qollandi’. Mi’sali’, qaraqalpaq xali’q awi’zeki do’retiwshiliginde qollanatug’i’n ayti’s, yar-yar (hawjar), besik ji’ri’, jazba a’debiyattag’i’ nama xat qosi’qlari’n wo’z individual-estetikali’q woy-pikir izlenisleri menen rawajlandi’ri’p jan’a mazmundag’i’ ayti’s, yar-yar, besik ji’ri’ ha’m nama xat qosi’qlari’n do’retti.

X.Turi’mbetovti’n’ ko’rkem izlenisleri woni’n’ qosi’qlari’ni’n’ tek ishki formasi’nda g’ana yemes al si’rtqi’ forma wo’zgesheliklerinde de ko’rinede. Woni’n’ qosi’qlari’ndag’i’ bul wo’zgeshelik shayi’rdi’n’ wo’z qosi’qlari’na ha’r tu’rli uyqas ha’m ba’ntlik formalardi’ taba biriwinde ko’rinedi. Wol poeziyami’zda siyrek ushi’rasatug’i’n wonli’q ba’nt formasi’ menen birge, bir neshe bir-birine uyqas ta’rtibi de, buwi’n sani’ da, ba’ntlik wo’lshemi de tuwra kelmetstug’i’n formalardi’ bir lirikali’q shi’g’armag’a ja’mlep, woy-pikirdi jetkeriwde kompozitsiyali’q pu’tinlikti ta’miynlegen jan’a formalardi’ qollanadi’.

Uli’wma shayi’r X.Turi’mbetov a’debiyat maydani’nda drammaturg, publitsist, si’nshi’ si’pati’nda da belgili boli’p, woni’n’ a’debiyatqa qosqan u’lesi poeziyali’q shi’g’armalari’ni’n’ salmag’i’ menen belgilenedi. Bul jumi’s qaraqalpaq poeziyasi’na a’debiyatti’n’ basli’ maqseti bolg’an insan ha’m woni’n’

ishki a'lemin, barli'g'i'n sa'wlelendiriwde jan'asha ko'rkem qatnas wornatqan shayi'r X.Turi'mbetov do'retiwshiliginin' poeziya tarawi'ndag'i' ko'rkem izlenislerinin' ayri'm ma'selelerine arnaldi'. X.Turi'mbetov do'retiwshiligi a'dediyati'mi'zda yele bahasi'n toli'q alg'an joq. Sonli'qtan shayi'r do'retiwshiligin yele de ken' ha'm teren' u'yreniw a'debiyati'mi'zdag'i' a'hmiyetli ma'selelerdin' biri dep woylaymi'z.

## Paydalani'lg'an a'debiyatlar


1. Каримов И. А. Бизнинг бош мақсадимиз жамиятни демократиялаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдур – Т: «Ўзбекистон» 2005
2. Каримов И. А. Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш. Т.: «Маънавият» 2008
3. Адабий турлар ва жанрлар.Уч жилдлик. 2-жилд. Лирика, Тошкент, «Фан», 1992
4. Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис. «Қарақалпақстан». 1988ж.

5. Аминов А. Жанр рубаи и современная лирико философская поэзия, Душанбе, «Дониш» 1988
6. Ахмедов С. Талантқа талап Н.: «Қарақалпақстан» 1986
7. Ахметов С. Қарақалпақ әдебий сыны. Нөкис, «Қарақалпакстан», 1994.
8. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988.
9. Ахметов С., Есенов Ж., Жаримбетов Қ. Әдебияттаныў атамалырының ўорысша-қаракалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим» 1994
10. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари Тошкент, «Ўзбекистон», 2002
11. Бобоев Т. Шеър илми таълими. Тошкент, «Ўқитувчи» 1996.
12. Бондаренко Тимофей Источник:http://webpoet.narod /ru/workshop/workshop11/fhtm/ @ Copyright/ Правда Горькая., 2004
13. Есенов Ж. Поэзия жулдызы, Нөкис , «Билим», 2003
14. Жамол Камол. Лирик шеьрият. Т.: «Фан» 1986
15. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық ўөзгешеликлери хәм раўажланыў ратыйхы Нөкис «Билим» 2004
16. Жумажанов Қ. Халық шайырлары поэзиясында фольклорлық хәм даралық дәстүр, Нөкис, «Билим», 1993
17. Иззат Султан. Адабиёт назарияси. Т. «Ўқитувчи», 1986
18. Қанаатов Е. Ҳәзирги филология илиминиң әҳмийетли мәселелери Нөкис, 2001
19. Quranov D. Adabiyotshunoslikka kirish. Toshkent. Abdulla Qodiriy nomidagi xalq merosi nashriyoti. 2004.
20. Квятковский А. Поэтический словарь, Москва, “Сов. Энц.”, 1966
21. Лазарева М.А. Теория литературы М.: 2000
22. Литературная газета, 27-сентябрь, 1958-жыл.

23. Литературный энциклопедический словарь, Москва, «Советский энциклопедия». 1987

24. Литературный энциклопедический словарь. М, «Русский язык», 1986

25. Лотман Ю.М. О поэтах и поэзии. Анализ поэтического текста. Статьи. Исследования. Заметки. Санкт-Петербург, «Искусство-СПБ», 2001.

26. Мамбетинязов Т. Жана қаракалпақ поэзиясы ҳәм дәуир талабы. Нөкис «Билим» 1994.

27. Мамбетов К. Әжинияз. Нөкис, «Билим» 1994

28. Муратбаев Қ. Қарақалпақ поэзиясында қосық ҳәм қурылысы. Нөкис, «Қарақалпакстан», 1977.

29. Насиров. О. Ўзбек адабиётида ғазал Т.: 1972

30. Носиров. О., Жамалов С., Зиёвиддинов М. Ўзбек классик шерияти жанрлари Т.: «Ўқитувчи» 1979

31. Оразымбетов Қ. Қосық теориясы. Тошкент. Алишер Навоий номидаги Ўзбекистон Миллий кутубхонаси нашириёти. 2010.

32. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004.

33. Пахратдинов Д. И.Юсупов төртликлери. Нөкис,2005

34. Пирназаров А. Өтеш, Омар ҳәм фольклор, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1991.

35. Расулов. Бадиийлик-безавол янгилик. Илимий-адабий мақолалар, талқинлар, этюдлар.-Т. «Шарқ» 2007

36. Санжар Содиқ. Ижоднинг ўттизлаҳзаси. Т: «Шарқ». ИМАК бош таҳририяти, 2005

37. «Советская Кара-Калпакия» газетасы, 19-декабрь, 1958

38. Тимофеев Л. М. Основы теории литературы. М.: «Просвещение», 1971 год

39. Тлеўниязова Г. Хожамурат Турымбетов лирикасында көркем мазмун ҳәм көркем форма поэтикасының базы бир мәселелери // “Әмиўдәрья” 2011, №1, 119-123- бб

40. Тлеўниязова Г. Хожамурат Турымбетов поэзиясында жанрлар синтези. -Өзбекстан республикасы экономикасы ҳәм жәмийет раўажланыўының ҳәзирги заман принциплери атамасындағы республикалық магистрантлардың илимий әмелий конференциясы материаллар топламы. Нөкис, 2011, 86-87- бб

41. Тлеўниязова Г. Хожамурат Турымбетов поэзиясында ўой-пикирди жеткерип бериў усыллары.- Өзбекстан республикасы экономикасы ҳәм жәмийет раўажланыўының ҳәзирги заман принциплери атамасындағы республикалық магистрантлардың илимий әмелий конференциясы материаллар топламы. Нөкис, 2011, 87-89-бб

42. Тлеўниязова Г. Хожамурат Турымбетов поэзиясының идеялық, тематикалық, жанрлық ўөзгешеликлери. Магистрантлардың илимий жумыслары жыйнағы бойынша материаллар топламы.(том-2) Нөкис, 2010, 32-33-бб

43. Туйчиев У. Узбек поэзиясида аруз системаси Т.: «Фан» 1985, 254-бет

44. Турдыбаев Қ. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ поэзиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2004.

45. Турдыбаев Қ. Қарақалпақ лиро-эпикалық поэзиясы (Библиографиялық көрсеткиш. 1950-2010 ж.ж) Нөкис «Қарақалпақстан», 2010

46. Турдыбаев Х. И.Юсупов поэзиясының фольклорлық дәреклери ҳаққында. «Әмиўдәрья», 2009.,№5-6,

47. Туўчиев У . Ўзбек поэзиясида бармоқ системасы. Т.: «Фан», 1966,

48. Умуров Ҳ. Адабиёт назарияси Тошкент, «Шарқ» 2002

49. Фалсафа. Қисқача изоҳли луғат. Тошкент, «Шарҳ» 2004

50. Хайддеггер М. Разговор на просёлочной дороге. М.: «Высшая школа», 1991

51. Ҳамидий Ҳ., Абдуллаева Ш., Иброҳимов. Адабиётшунослик терминлари луғати. Тошкент, «Ўқитувчи», 1970.

52. Ҳамидов Ҳ. Шығыс тиллериндеги жазба дереклер ҳәм XIX әсирдеги қарақалпақ әдебияты, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1980

53. Ҳамидова А. Творчество И.Юсупова и йевропейская литература ( к проблеме литературных взаимовлияний и взаимосвязей ) АКД, Нукус,1999.,

54. Ҳамраев М. Основы тюркско стихосложения, Алма Ата, «Мектеп», 1963

55. Ҳатамов Н., Саримсақов Б., Адабиётшунослик терминларининг русча-ўзбекча изоҳли луғати, Тошкент, «Ўқитувчи», 1970.

56. Ҳәзирги филология илиминиң әҳмийетли мәселелери. Нөкис, «Farma Print Nukus», ЖШЖ, 2011.

57. Худайбергенов К Лирика ҳәм ўөмир Нөкис «Қарақалпақстан», 1974

58. Худайбергенов К. Дәўир ҳәм парыз. Нөкис «Қарақалпақстан», 1987

59. Худойбердиев йе. Адабиётшуносликка кириш. Т.: «Иқтисод-молия», 2007

60. Эткинд Е.Г Материя стиха, С.Пб. «Гуманитарный союз», 1998

## Х.Турымбетовтың шығармалары

1. Турымбетов Х. Мәңгиге тири // «Әмиўдәрья», 1960, №4
2. Турымбетов Х. «Весна долгажданная» Нукус, «Каракалпакстан»,1957
3. Турымбетов Х. «Еки дос» Нөкис, ҚҚМБ, 1957

4. Турымбетов Х. «Қардошлик саломи» Тошкент, 1958
5. Турымбетов Х. «Оқ гул» Тошкент, 1968
6. Турымбетов Х. «Стихи из серии Соцветие» Нукус, «Каракалпакстан», 1973
7. Турымбетов Х. «Счастливая девушка» Москва, 1954
8. Турымбетов Х. Бизиң интервью. «Әмиўдәрья», 1966., №2, 50-51-бетлер.
9. Турымбетов Х. Жаўынгердиң жесири // «Әмиўдәрья», 1966, №2
10. Турымбетов Х. Ленинширлердиң жеңиси. Очерк // «Әмиўдәрья», 1966, №2
11. Турымбетов Х.Оқыўшыларды ойландыратуғын поэзия керек // «Әмиўдәрья», 1962, №8
12. Турымбетов Х. Поэзия шыңына талпыныўшылар // «Әмиўдәрья», 1962, №8
13. Турымбетов Х. Талўас. Нөкис ҚҚМБ, 1962, 35-бет
14. Турымбетов Х. Таңламалы қосықлар Нөкис «Қарақалпақстан», 1974
15. Турымбетов Х. Үш жүрек. Поэма // «Әмиўдәрья», 1961, №4
16. Турымбетов. Х. Және бәҳәр келди. Нөкис, «Билим»
17. Турымбетов. Х. Талўас. Нөкис, ҚҚМБ , 1962
18. Турымбетов.Х. Шайыр жолы. Қосықлар топламы. Нөкис, «Қарақалпақыстан Мәмлекетлик баспасы.» 1954